

MANGSA PASKA

2022

Kaunggulan Kanggé Gesang (Lukas 24:5)



LEMBAGA PEMBINAAN DAN PENGADERAN

SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA DAN GEREJA KRISTEN INDONESIA SINODE WILAYAH JAWA TENGAH

Samironobaru 77 kompleks LPPS

Yogyakarta 55281

Telp. 0274 514721 - Rek. BRI Tiro No. 0029-01-000409-30-9

Web: www.lpps.or.id

Mangsa Paska 2022

Téma:

“Kunggulan Kanggé Gesang”

Kaimpun déning:

Lembaga Pembinaan dan Pengaderan

Sinode Gereja Kristen Jawa dan Gereja Kristen Indonesia
Jawa Tengah

Telepon: 0274 514721

Website: lpps.or.id

Kanggé nggantos cap-capan (dèrèng kalebet ongkos ngintun)
saben buku Rp.

Atur Sapala

Gesang padintenan ingkang kagubet ing geguletan-geguletaning gesang asring ndadosaken kita kécalan greget lan pangajeng-ajeng saha ndadosaken aliting manah anggèn kita nyawang gesang punika. Minangka para pandhèrèkipun Gusti, kita kaajak ngéwahi gesang ingkang kécalan greget kasebat. Saking alit ing manah (pésimis) éwah dados optimis (nggadahi pangajeng-ajeng ingkang saé). Bab ingkang kados mekaten badhé tansah kelampahan menawi kita ndhasaraken cara pamawas kita wonten ing greget gesangipun Gusti Yésus Kristus, Gusti kita.

Bahan mangsa Paskah 2022 punika kaanggit kanthi pangajab kita saged manggihaken makna ingkang wonten ing prastawa padintenan sesarengan kaliyan Sang Kristus ingkang wungu. Lumantar jejer “Kaunggulan Kanggé Gesang” kita dipun ajak supados ngraos-raosaken kados mekaten ajinipun gesang punika awit sih rahmatipun Sang Kristus lumantar rawuhipun wonten ing jagad, pangurbananipun, sédanipun saha wungunipun.

Sejatosipun, bahan-bahan punika wonten sambunganipun kaliyan bahan-bahan sanès ingkang dipun anggit LPP Sinode sadèrèngipun. Wonten ing Wulan Brayat 2021 kita ngraos-raosaken jejer “Gusti mulihaken brayat kula”. Salajengipun wonten ing Mangsa Advèn-Natal kita ngraos-raosaken jejer „Ngriyayakaken Karapuhaning Gesang Kanthi Kabecikan”, saha ing Mangsa Paskah 2022 kita kaajak ngriyayakaken sih rahmating gesang kanthi jejer “Kaunggulan Kanggé Gesang”.

Bahan-bahan punika samangké wonten ing asta panjenengan awit kasaénan saha panyambut damel ingkang wekel saking kanca-kanca tunggil paladosan ingkang sampun nyambut damel sesarengan nganggit buku punika . Awit saking punika keparenga kawula ngaturaken agenging panuwun dhumateng:

1. Pdt. Imanuel Adi Saputro dari Bapelsin Sinode GKJ XXVIII
2. Pdt. Erni Ratna Yunita dari Bapelsin Sinode GKJ XXVIII

3. Pdt. Guntur Wibisono dari DPG BPMSW GKI SW Jateng
4. Pdt. Edward Raymond Setiawan dari DPG BPMSW GKI SW Jateng
5. Pdt. Lilik Kristiawan dari GKJ Tuban
6. Pdt. Pdt. Budi Setiawan Kumolontang dari GKJ Randubelatung
7. Pdt. Lusindo Yosef Lumban Tobing dari GKJ Nehemia
8. Pdt. Arya Triyudanto dari GKJ Kanaan
9. Pdt. Samuel Silo Samekto dari GKJ Pondok Gede
10. Pdt. Ribka Evelina Pratiwi dari GKJ Bekasi Timur
11. Pdt. Maranatha Aji Kusuma dari GKJ Banyumas Selatan
12. Pdt. Setyo Mahanduro dari GKI Pulomas Jakarta
13. Pdt. Robinson JH. Siahaan dari GKI Juwana
14. Pdt. Eko Aiwanto dari GKI Graha Raya
15. Pdt. Budiningrum Sunny Nur Widya dari GKI Jatiasih Bekasi
16. Pdt. Addi Soselia Patriabara dari GKI Kavling Polri Jakarta
17. Sdri. Gabriela Handoko Mahasiswa Stage FTh UKDW di LPP Sinode

Ugi katur Bp. Pdt Em. Darsono Eko Noegroho (LPP Sinode), Ibu Pdt. Em. Widdwissoeli M. Saleh (LPP Sinode), Bp. Pdt Yusak Tri Darmanto (Fakultas Teologi UKDW), Bp. Pdt. Tanto Kristiyono (GKJ Margoyudan Sala).

Minangka bahan kanggé ngrimati pasamuwan, bahan punika prayogi dipun ginakaken kanthi kacocokaken kaliyan kawontenan saha kabetahanipun pasamuwan piyambak-piyambak. Lumantar atur sapala punika, kawula ugi ngaturaken panuwun dhumateng Bp. Pdt. Lusindo Tobing ingkang ngidinaken LPP Sinode migunakaken kekidungan ingkang sampun dipun anggit. Kekidungan kasebat asesirah “***Tuhan Temani Kami***” ingkang saged dipun undhuh saking website punika:

<https://www.youtube.com/watch?v=SWvFJKGW1dk&list=PLooBxqkwnociIdFingusnhVDTrWx17hf2&index=1>.

Saking kompleks LPP Sinode Samironobaru nomer 77 Ngayogyakarta, kawula ngaturaken agenging panuwun awit panyengkuyungipun Ibu, Bapak, Sadhèrèk sadaya minangka

mitra-mitranipun LPP Sinode dhumateng kawula tumrap anggèn kawula ngrembakakaken paladosan wonten ing Lembaga Pembinaan lan Pengaderan punika.

Wilujeng nyamektakaken saha mahargya Mangsa Paskah 2022. Mugi Sang Kristus ingkang gesang punika ndadosaken kita tansah kebak atur panuwun, optimis lan tansah nggadhahi pamawas ingkang prayogi.

Ngayogyakarta, Januari 2022

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho

Pdt. Murtini Hehanussa

Dhaptar Isi

Atur Sapala.....	i
Dhaptar Isi	v

Bahan Khotbah

Khotbah Rabu Awu	1
Khotbah Minggu Pra Paska 1.....	7
Khotbah Minggu Pra Paska 2	13
Khotbah Minggu Pra Paska 3	19
Khotbah Minggu Pra Paska 4	27
Khotbah Minggu Prapaska 5.....	31
Khotbah Minggu Prapaska 6	37
Khotbah Kemis Pethak	43
Khotbah Jumuwah Adi	47
Khotbah Setu Sepi.....	53
Khotbah Minggu Paska Énjang	59
Khotbah Minggu Paska Sonten.....	67

Bahan Liturgi

Liturgi Rebo Awu	75
Liturgi Minggu Pra Paska 1.....	85
Liturgi Minggu Pra Paska 2	93
Liturgi Minggu Pra Paska 3	101
Liturgi Minggu Pra Paska 4	107
Liturgi Minggu Prapaska 5	115
Liturgi Minggu Prapaska 6	123
Liturgi Kemis Pethak	135
Liturgi Jumuwah Adi	143
Liturgi Setu Sepi	153
Liturgi Minggu Paska Énjang	161
Liturgi Minggu Paska Sonten	171

Bahan Panyuraos Kitab Suci Diwasa

Bahan Panyuraos Kitab Suci Diwasa 1.....	179
Bahan Panyuraos Kitab Suci Diwasa 2	187
Bahan Panyuraos Kitab Suci Diwasa 3	193

Bahan Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa

Bahan Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa 1.....	199
Bahan Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa 2	205
Bahan Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa 3	211

Bahan Pakempalan Pandonga

Bahan Pakempalan Pandonga 1.....	217
Bahan Pakempalan Pandonga 2	223
Bahan Pakempalan Pandonga 3	229
Bahan Pakempalan Pandonga 4	235
Bahan Pakempalan Pandonga 5	241
Bahan Pakempalan Pandonga 6	245

BAHAN KHOTBAH

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

Khotbah Rabu Awu

2 Maret 2022

Waosan

Waosan I: Yoel 2:1-2, 12-17;

Tanggapan: Mazmur 51:1-17;

Waosan II: 2 Korinta 5:20-6:10;

Injil: Mateus 6:1-6, 16-21

**“Pamratobat
Wiwitaning
Lampah Tumuju
Kamenanganing
Sang Kristus”**

KHOTBAH JANGKEP

“Pamratobat Wiwitaning Lampah Tumuju Kamenanganing Sang Kristus.”

Pasamuwan ingkang kinasih, dinten punika kita lan pasamuwan ing salumahing bumi mahargya dinten Rebo Awu. Padatanipun umat sami ngolèsaken awu wonten ing bathuk ingkang katindakaken déning para paladosing pasamuwan, lan awu ingkang dipun olèsaken punika dipun padosi karana kangen kepingin ngraosaken mangsa Paska. Lajeng kadospundi menawi pakulinan ingkang makaten mmboten kalampahan jalaran pageblug (pandemi) lan umat kedah mahargya ing griyanipun piyambak-piyambak? Punapa nalika umat ngolèsaken awu ing bathukipun piyambak, pangraosipun inggih sami kados wonten ing papan pangibadah. Mbok menawi leres nanging inggih mbok menawi mmboten. Tegesipun, wonten ing kahanan ingkang makaten, mbetahaken pambudidaya ingkang langkung supados saged ngraosaken Rebo Awu. Sanadyan makaten, pambudidaya wau minangka bab ingkang ngremenaken nalika kita umat saged manggihaken makna ingkang wigati magepokan kaliyan Rebo Awu ingkang kaolèsaken ing bathuk kita. Wontenipun awu ingkang kaolèsaken ing bathuk temtu kémawon mmboten kanggé pamèr, nanging kanggé manggihaken éndahing kanugrahanipun Allah ing salebeting karingkihan kita.

Kasinggihan, rak inggih ta menawi awu ing bathuk kita dados tandha karingkhianing manungsa ingkang gampil dhumawah ing dedosa, nanging inggih minangka pratandha kanugrahan lan pamratobat. Ing salebeting karingkhihan lan kanugrahan saking Allah punika, kita kaajak mlebet ing “Retrèt Agung Allah” ing sadangunipun mangsa prapaskah punika, kanthi nyantosakaken pamratobat kita. Awit saking punika kita miwiti kanthi ngupadi tuntunan retrèt agung kita lumantar pangandikanipun Gusti.

Pasamuwan ingkang kinasih, kitab Yoël asung cathetan ing bab kawontenaning bangsa ingkang nembé keblesek ing kawontenan ingkang awrat. Bangsa punika ngalami pageblug tanpa jawah ing wekdal ingkang dangu, katempuh ama walang, lan ginecak prang déning mengsah. *Sudah jatuh tertimpa tangga, kejatuhan benda dari atas dan diterwakan pula*, punika tetembungan ingkang pantes kanggé nggambaraken kawontenanipun. Ingkang narik kawigatèn déné kitab Yoel mmboten nyebataken punapa dosanipun bangsa wau lan sinten ingkang njalari. Sang Nabi inggih mboten nyebataken nami bangsa punika, sanadyan ingkang kinersakaken déning Gusti Allah inggih umati-Pun piyambak. Bab punika mulang dhateng kita supados kita mboten gampil nglepataken tiyang sanès lan nyawang dedosa lan akibatipun minangka tanggel jawabipun sapérangan tiyang mawon. Awit saking punika Sang Nabi ngèngetaken supados umat manunggal ing manah nyenyuwun sih-piwelasipun Allah, supados kalampahana pamulihan ingkang wetah. Supados pangretosan punika katampi déning umat, Sang Nabi mrayogakaken dhateng umat supados saged nampi pamulihan namung prelu mratobat lumantar siyam, nélakaken pangadhuh kanthi manah ingkang tulus. Mesthi umat badhé ngraosaken sih-piwelasipun Gusti lan lubèring sih-rahmati-Pun.

Lajeng kadospundi menggahing tiyang ingkang sinebat mratobat, siyam, nélakaken pangadhuh lan keduwung kanthi tulus? Juru Mazmur kanthi gampil mangsuli bilih mboten wonten satunggala tiyang ingkang gadhah hak kanggé netepaken. Kosokwangsulipun Juru Mazmur ngajak kita ningali dhateng dhiri pribadi. Malah Juru Mazmur wantun ngrucat

dhirinipun piyambak, lan mbèbèraken dosa ingkang ngucemaken ingkang sampun katindakaken dhateng Batsyéba lan rancangan kejem ingkang njalari pejahipun Uriah. Juru Mazmur sanget anggènipun keduwung awit pandamelipun lan sumadya nampèni paukumanipun Allah. Kita dipun èngetaken déning Juru Mazmur menawi kita mboten saged nindakaken pahargyan Rebo Awu kados ing wekdal punika, menawi mboten awit kamirahanipun Gusti Allah. Awit saking punika kita kasuwun jujur kaliyan dhiri pribadi lan Gusti. Kita kasagedaken nglampahi pamratobat ingkang nukulaken olahing pangabekti kita sangsaya sembeda.

Pasamuwan ingkang kinasih, menawi kita kepingin ngalami lelampahan gesang ing salebeting pamratobat, prayogi kita sinau saking wewarhipun Rasul Paulus. Wonten ing seratipun Rasul Paulus mbagèkaken kados pundi awratipun nglampahi lelampahan kasebat. Ing lelampahan kasebat tiyang kedah ngalami lan ngraosaken bab-bab ingkang bebèncengan lan ndadosaken mboten jenjem kados ingkang kaserat wonten ing ayat 8-10. Sanadyanta mekaten Rasul Paulus nyariosaken bilih tansah wonten panglipur lan kakiyatan saking Gusti. Pramila ing ayat 8-10 Rasul Paulus nyerat:

- Dipun rèmhèhaken nanging inggih nampi pakurmatan.
- Dipun undhat-undhat nanging dipun alem
- Nalika kadakwa dados juru apus, nanging dipun pitados
- Kaanggep tiyang ingkang mboten dipun tepangi, nanging kondhang
- Ngalami kasungkawan nanging tansah bingah
- Kaanggep mlarat nanging sugih menggahing kaswargan.

Kanthi wewarah punika, Rasul Paulus mbereg kita supados tansaha mbudidaya. Kanthi methik Yesaya 49:8 Rasul Paulus ngèngetaken, sapunika wekdalipun, mumpung Gusti Allah kepranan, mumpung wonten wewengan. Wewengan punika mboten ajeg wonten, kalebet wewengan kanggé mratobat. Bab-bab ingkang ketingal bebèncengan wau, pranyata malah saged ndadosaken kita saged ngraosaken ingkang kalampahan wonten ing Sang Kristus. Ngraosaken sinten Sang Kristus ingkang paring patuladhan lan margining kamenangan

tumrapping umat. Rasul Paulus inggih ngènetaken supados kita langkung rumiyin masrahaken gesang supados bedhami kaliyan Gusti Allah. Sarana bedhami kaliyan Gusti Allah kita ndarbèni daya kakiyatan lan manunggaling manah wonten ing Sang Kristus salebeting nglampahi gesang ing pamratoban.

Pasamuwan ingkang kinasih, sabda Injil suci Gusti Yesus Kristus ngènetaken bilih kita tansah aben-ajeng kaliyan bab-bab ingkang ngosokwangsul, inggih punika antawisipun paugeran-paugeraning donya lan paugeran-paugeraning Karatonipun Allah. Kados para alim ngulama wonten ing prasekawanan-prasekawanan margi wekdal samanten, kita inggih asring pamèr bab-bab karoahanèn kanthi kekudhung kamulyaning Allah. Malah saged kalampahan ing wekdal kamajenganing tèknologi *digital* lan sarwa *online* kados samangké kita kagodha nindakaken pandamel ingkang ngudi pikantuk arta ing salebeting paladosan karoahanèn. Kita saged ngginakaken *media sosial* kadosdéné *youtube* lan sapiturutipun kanggé piranti pangibadah *on line* ugi sanalika kita ndadosaken piranti minangka mesin arta. Kita ngajeng-ajeng lan ndedonga supados isining youtube kita lajeng saged kaginakaken déning kathah tiyang. Ing ngriku kita saged misungsung kanggé greja. Greja lan yayasan Kristen asring ngginakaken nami tiyang-tiyang tertantu dados nami satunggaling gedhong utawi kamar minangka wujud angaosi. Mboten prakawis ing bab ingkang makaten, nanging menawi namung linandhesan kanggé ngaosi ingkang sampun nyumbang arta kathah, punika adamel kita natoni manahipun tetiyang ingkang sampun tumut misungsung sanadyan awujud satunggal banon kanggé mbangun gedhong greja.

“Ngonon ya ngono, ning aja ngono.” Tetembungan ingkang saged kajarwèkaken: saged kémawon makaten nanging prelu sinaringan kawaspadan. Gusti Yesus ngènetaken manungsa supados ngeneraken dhateng pituwas saking Sang Rama ing swarga. Mbebuja bandha kadonyan adamel sayah lan ringkihing pangabekti kita. Déné bandha kaswargan ndadosaken kita mindhak sambada pangabdèn kita. Wonten ing pundi? Wonten ing “lemantun pandonga” kita. Menawi Gusti Yesus

ngandika, “*Nanging manawa kowé ndedonga, lumebua ing kamarmu, lawangé inebna, banjur ndedongaa marang Ramamu kang ora katon déné Ramamu kang mirsa tindakmu kang ora katon iku bakal paring piwales marang kowé*”. Punika mboten ateges namung sawinates mlebet kamar, nutup kori kanthi rapet lan ngunci. Tiyang-tiyang Yahudi ing wekdal samanten nggadahi *tameion*, èmpèripun kados lemari pandonga ingkang sejatinipun punika kamar kanggé ndedonga.

Ing salebeting lemari pandonga punika kathah tiyang pikantuk pituwas saking Sang Rama ingkang lubèr. Piyambakipun saged nguningakaken pangaduh, mbengok lan ngedalaken uneg-uneg, tanpa raos kuwatos kasumerepan déning tiyang sanès. Malah tiyang saged singidan ing ngriku kadosdéné Elia wonten ing guwa ing satengahing karibedaning gesangipun. Rak inggih punika dados pituwas saking Sang Rama ingkang langkung wigati saking sadaya ingkang wonten ing bumi? Nalika tiyang ndedonga ing papan singidan piyambakipun pikantuk pituwas saking Sang Rama. Kapulihaken, lan pepajar, lan ngalami pepanggihan ingkang rumaket kaliyan Sang Rama. Singidan ing lemari pandonga mboten ateges kita badhé ngicali pandonga sesarengan. Pandonga sesarengan taksih dipun betahaken, sanadyan wonten ing Indonesia awis-awis kita prangguli tiyang Kristen kanthi terang-terangan, ndedonga wonten ing papan karaméan utawi papan-papan kanggé tiyang kathah ingkang adat saben katindakaken minangka wujud “pakabaran Injil”.

Lumantar pangandika ing dinten punika, kita kepareng sinau: sanadyan semanten kathah kasugihan, kalenggahan ingkang wonten ing kita, tundhonipun sadaya sami sirna, kadosdéné awu ingkang kaolèsaken ing bathuk kita ingkang mralambangaken karingkahan kita. Nanging kita saged ngunjukakaken panuwun sabab wonten ing karingkahan, kita kaparingan wewengan kanggé nindakaken “*retrèt agung Allah*”. Kita tinarbuka, kita mboten saged nyigidaken kakirangan kita. Kita ngalami kaanyaraken, kapulihaken lan katangekaken satata pribadi lan sesarengan minangka umatipun Allah. Nalika kita nindakaken disiplin ragawi lumantar siyam utawi nyirik bab

tartamtu, kita saged saos sokur awit bab punika mboten kanggé *dièt*, ananging nyapih kita saking sarupaning pakareman lan lumèngkèting kadonyan. Kita inggih kawulang kadospundi ngadhepi pandemi ingkang dèrèng rampung, supados manah kita kagigah kanggé mbudidaya ing tengahing kamlaratan, kabodhoan, kasangsaran, mboten adil, paprangan, lan sapiturutipun.

Marthin Luther naté ngandharaken, “Dipun betahaken kathah sanget pitedah ing bab pamratobat, dosa, sih-rahmat lan bebener ing saben pangibadah kita. Nanging sadaya punika saged katindakaken namung sarana kita kawulang déning Roh Agung, Rohipun Gusti piyambak dhateng gesang kita.” Bénjing punapa kita miwiti? Sapunika! Mumpung Gusti kepranan. Sumangga kita tumuju dhateng kamenanganipun Sang Kristus. Sampun semaya. Katindakna sapunika, mumpung Gusti Allah ndadosaken kita para dhutaning Sang Kristus. AMIN.

(gw/tk)

Khotbah Minggu Pra Paska 1

6 Maret 2022

Waosan

Waosan I: Pangandharing Torèt
26:1-11,

Tanggapan: Masmur 91: 1-2, 9-16,

Waosan II: Rum 10:8-13,

Injil: Lukas 4:1-13

“Gesang Kedah Kalajengaken”

KHOTBAH JANGKEP

“Gesang Kedah Kalajengaken”

Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing patunggilanipun Gusti Yésus, ing pundia kémawon. Para sadhèrèk ingkang sami tegen ing pambudidayaning agesang..

Wonten tetembungan ingkang mratélakaken: “*Hidup segan, mati tak mau.*” Wonten ing basa Minang tetembungan wau ungelipun, “*Hiduik sagan, mati indak namuah.*” Pratéla (tetembungan) punika padatanipun katujokaken kanggé tiyang ingkang mboten nindakaken punapa kémawon karana mboten ndarbèni ancasing gesang utawi mboten sumerep badhé tumindak punapa. Sikep ingkang makaten wau asring kalampahan nalika satunggaling tiyang ngalami kahanan ingkang angèl, ngantos raosipun semplah mboten greget anggènipun nglampahi gesang, ananging badhé pejah inggih mboten purun, ajrih lan dereng sumadya. Mboten sadaya tiyang ngraosaken ingkang sami, nanging sadaya tiyang saged kémawon ketaman ingkang makaten. Temtunipun wonten tiyang-tiyang ingkang naté ngalami malah mbok menawi wonten ingkang nembé ngalami kahanan kados mekaten. Punapa malih ing salebeting “*kenormalan baru*” karana wontenipun pandhemi ingkang sampun lumampah kalih taun punika. Wonten manéka

warni tanggapanipun tiyang ngadhepi pandhemi lan prekawising gesang. Wonten ingkang nepsu nanging mboten cetha, umpetan salebeting kasisahan, ndamel kasangsaran ingkang dipun alami minangka cara kanggé ngranggèh kawigatosaning asanès, madosi kalepataning asanès, mèndel, sesambat tanpa kendhat. Wonten malih ingkang ngginakan sedaya punika minangka pirembagan sacara politik, nyebar pawarta goroh, dedamel kanggé ngajrih-ajrihi lan kapentinganing kelompok tertemtu. Nanging kathah tiyang mbudidaya ngatasi prakawis ingkang nembé dipun adhepi lumantar manéka warni caranipun. Sadaya sikep gumantung saking panyawangipun saben tiyang dhateng gesang lan prakawisipun piyambak.

Para sadhèrèk ingkang kinasih,

Israèl wonten ing Prajanjian Lami sinebat bangsa pilihanipun Gusti Allah, nanging mboten ateges bilih piyambakipun lajeng mardika saking kasangsaran lan sarwa sekéca gesangipun. Kawiwitan saking brayatipun Yakub minangka cikal-bakal Israèl ingkang ngalami margining gesang ingkang mboten ngremenaken, malah kathah kaprihatosan ingkang dipun alami déning brayat punika. Dina, laré estri piyambak ngalami pangrodha peksa. Yusuf putra kinashipun Yakub dipun sadé déning para sadhèrèkipun piyambak dados batur tumbasan. Pageblug pailan ing Kanaan mbekta para sadhèrèkipun Yusuf dhateng Mesir. Naté sami ngalami kemakmuran karana Yusuf nyepeng panguwaos ing Mesir lan sumadya ngapuntèn para sadhèrèkipun lan nanggél gesangipun. Nanging sasampunipun Yusuf surud, lajeng sami dados batur ing Mesir. Nabi Musa mbekta pangajeng-ajeng anyar, bangsa Israèl kabekta medal saking nagari Mesir wangsul dhateng tanah prasetyan. Lampahipun bangsa Israèl medal saking nagari Mesir kawarna déning lelampahan-lelampahan pait lan manis ingkang sarwa gantos-ginentosan. Ing pungkasaning lampahipun mlebet dhateng tanah Kanaan, Nabi Musa nilaraken pepènget ingkang wigati. Piyambakipun kepengin bangsa Israèl mahargya lan muji sokur ing bab gesang, sanadyan ing lebetipun kathah tatu lan sangsara. Bangsa Israèl kasuwun sageda ènget kadospundi Gusti Allah midhangetaken pasambating umati-Pun lan mitulungi

saking sakathahing kangèlan. Gesang punika mengku pangaji sanadyan kathah bingah sisahipun. Gusti anggènipun nyarengi umat nedahaken bilih Gusti karenan dhateng gesang. Punika sababipun gesang pantes tinanggapan raos sokur, kadospundi awratipun ing kawontenan sapunika, sabab punapa ingkang kalampahan sanès minangka pungkasaning samukawis sadaya.

Juru Mazmur inggih mratélakaken bilih gesang punika kadosdéné lelampahan ingkang tansah ngadhepi bebaya, reribed, malah pangancam saking sesaming manungsa. Ananging tansah wonten papan pangayoman ingkang pinitados. Papan kasebat punika Gusti piyambak. Juru Mazmur ngatag kita ngaturaken panuwun awit gesang taksih lumampah. Sadaya punika kita tampeni karana berkah pangreksa lan pangayomanipun Gusti. Pandemi ingkang kalampahan ing saindenging donya kalih taun punika makili bebaya paling ageng ingkang nembé kita adhepi sesarengan. Virus punika wonten ing pundi-pundi. Saged tumama dhateng sok sintena lan wekdal punapa kémawon. Malahan mbokbilih wonten ing antawis kita ingkang ugi ketaman. Pengalaman kawilujengaken saking covid, utawi saras saking covid mboten namung uwal saking sesakit nanging ugi saking pepejah. Bab punika ingkang adamel kita ngunjukaken panuwun sokur lan nampèni gesang punika minangka wekdal ingkang aji peparangipun Gusti. Gusti mboten namung maringi wewengan kita gesang nanging inggih wewengan kanggé nindakaken kanthi langkung prayogi.

Serat Rum mbereg pasamuwan ngeneraken gesangipun dhumateng Sang Kristus lan katresnani-Pun. Kekristenan sanès bab kanggé gumunggung nanging prakawis nuladha Sang Kristus. Sang Kristus punika dipun pitados kanthi manah lan dipun akeni kanthi tutuk, kayakinan lan pangaken lan punika kedah ketingal wonten ing gesang kadosdéné Sang Kristus ingkang gesang. Rasul Paulus mungkasi pirembagan bab sunat lan Torèt minangka kawilujengan, kanthi nedahaken prakawis ingkang wigati inggih punika gesang ingkang underanipun wonten ing Sang Kristus, inggih punika gesang nyondhongki kersanipun Sang Kristus ingkang dipun pitados sarana manah, pangaken lan pocapan.

Para sadhèrèk ingkang kinasih,

Kita mboten sumerep benjing punapa pandemi punika badhé rampung, malah mboten mangretos punapa badhé sirna. Ananging sanadyanta mekaten gesang kedah tetep lumampah. Pangudi mboten kepareng mandheg. Menawi ing taun punika pandemi suda, kita badhé sesarengan gumrégah kanggé ndandosi kawontenan, dadosa punika politik, sosial, budaya, punapadéné agami. Ing kawontentan mekaten panggodha kanggé milujengaken gesangipun piyambak lan brayat asring langkung katengenaken. Ugi panggodha kanggé tetandhingan, migunakaken manéka warni kaginakaken utawi samidéne ndhawahaken badhé karaos sanget. Makaten ugi panggodha tumuju dhateng manah ingkang semplah lan pasrah dhateng kawontenan, badhé sangsaya mindhak. Cariyos Gusti Yésus dipun godha maringi gegambaran kanggé kita lan pasamuwan salebeting nglajengaken gesang. Siyam ingkang katindakaken déning Gusti Yésus nedahaken kawontenaning sarirani-Pun ingkang nandhang keraplan dados tandha Gusti nyawiji kaliyan para tiyang ingkang kaluwèn. Salebeting keraplan, Gusti mboten nggali kanggé sariranipun piyambak, Panjenenganipun nampik nyalin séla dados roti kanggé adamel tuwuki-Pun. Panjenenganipun mboten nedahaken minangka Putraning Allah, kaparingan panguwaos kanggé ngatasi prakawisi-Pun. Langkung saking punika, roti sanès bab ingkang nuwukaken gesang. Kaluwèn sanès alesan kanggé nggegampil cara pikantuk roti. Prakawis gesang sanès namung bab kaluwènipun piyambak, nanging prakawisipun tiyang kathah. Makaten ugi timbalan pasamuwan lan tiyang Kristen. Kita sadaya ketaman pandemi éngga wekdal punika. Wonten ingkang ketaman, wonten ingkang kèmbèt déning pandemi, kécalan padamelan, sudaning pikoleh, bisnis ingkang wurung lan sapiturutipun, malah wonten ingkang kecalan warganing brayat lan kangèlan sanèsipun. Kita kedah gumrégah saking kawontenan punika, mboten kanggé gesangipun piyambak nanging ugi kanggé asanès. Kita katimbalan nyumerepaken dhateng jagad bilih kita saged ngadhepi gesang lan béla raos dhateng sesami. Sanadyan pasamuwan wonten ing salebeting kakirangan lan kangèlan

ananging tetep katimbangan migatosaken kakiranganipun tiyang-tiyang sakiwa-tengenipun.

Gusti Yésus mboten blereng nampi panguwaos kadonyan. Punika dados pangandika bilih panguwaos lan kadonyan wonten ing astanipun Allah. Gesang mboten kanggé ngudi kadonyan sakathah-kathahipun utawi ngranggèh panguwaos inggil. Sadaya ingkang wonten ing gesang kita punika kagunganipun Gusti ingkang katata lan lan tundhonipun kaedumaken kanggé ingkang mbetahaken. Sadaya kasagedan ingkang wonten ing gesang kita sanès minangka ener nanging kanggé ngabdi dhumateng Gusti Allah panguwaos jagad jembar punika. Kita sedaya punika inggih abdinings Allah ingkang ngladosi Gusti Allah ingkang Mahakawasa lan ngedum kasugihanipun kanggé ngrimati titahi-Pun.

Gusti Yésus mboten nyobi-nyobi tumindak minangka tiyang kendel sabab tumindak ingkang makaten sami kaliyan nyobi dhumateng Allah. Salebeting pambudidaya sesarengan gumrégah saking kawontenan ingkang mrihatosaken punika, tiyang Kristen kedah jumangkah kanthi kebak ing kawicaksanan. Pitados dhumateng pangayomaning Gusti mboten ateges kita tanpa pétangan nalika mendhet putusan lan pandamel. Salebeting pandemi taksih wonten, kita mituhu dhateng *protokol keséhatan*, kanggé njagi dhiri piyambak lan asanès. Pulihipun gesang mbetahaken lampah lan wekdal kanthi tegan lan sabar. Sikep mboten sabar badhé nggodha tiyang tumindak grusa-grusu tanpa panenimbang, malah kagodha déning sikep serakah. Ndedonga lan pitados dhumateng pangayomaning Gusti wigatos sanget nanging mboten pareng dipun anggé pawadan ngleresaken tumindak ingkang serampangan, sembrana lan ngginakaken margi ingkang mboten samesthinipun kanggé nyuwun kawicaksananipun Gusti tumrap pangudi ingkang kita tindakaken.

Para sadhèrèk ingkang kinasih.

Dinten punika dinten Minggu sangsara utawi Prapakah ingkang sepisanan. Ing Mangsa Paska taun punika kita kaajak ngraosaken lan maharga kamenanganing gesang ing satengahing wewayangan pepejah karana pandemi ingkang

sampun lumampah kalih taun punika. Mboten namung punika, ing tengahing pandemi ingkang nintrimaken, kita inggih nampi pawarta-pawarta ngengingi patrap daksiya dhateng kekristenan, terorisme, radikalisme, bebencengan “cébong” lan “kamprèt”, risaking *lingkungan*, rerusuh, korupsi, sosial lan taksih kathah malih. Sadaya punika kasunyatan gesang ingkang kedah kita adhepi. Punapa kémawon ingkang nembé nempuh dhateng kita wekdal punika, gesang kedah kalajengaken, mboten pasrah dhateng pepejah. Gusti Yésus rawuh kanggé mbangun gesang. Paukuman pejah sampun katanggal, nanging Panjenenganipun nguwalaken sariranipun saking panguwaosing pejah lan wungu saking sédanipun, supados kita nampèni gesang lan mahargya kamenangan gesang ing satengahing kawontenan ingkang pait. Kita mboten namung mbudidaya kanggé mbèntèngi dhiri nanging mbudidaya kaprihatosaning asanès. Sumangga kita lajengaken gesang kanthi ngetut wingking tindakipun Sang Kristus, dados *imitatio Dei*, gesang nyami warni kaliyan sugengipun Gusti Yésus. Gusti mberkahi. Amin.

[sss/tk]

Khotbah Minggu Pra Paska 2

13 Maret 2022

Waosan

Waosan I: Purwaning Dumadi
15:1-18,

Tanggapan: Mazmur 27,

Waosan II: Filipi 3:17-4: 1

Injil: Lukas 13:31-35

**“Prasetyanipun
Allah
Nyantosakaken
Gesang
Panjenengan”**

KHOTBAH JANGKEP

“Prasetyanipun Allah Nyantosakaken Gesang Panjenengan”

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Salam bedhamen kanggé kita sadaya wonten ing patunggilanipun Gusti Yésus Kristus, lumantar patunggilaning Roh Suci, kita katunggalaken wonten ing pangabekti Minggu prapaskah kaping kalih ing dinten punika.

Kadospundi kabar kita sadaya? Pitakènan ngengingi kabar punika kadhangkala kawangsulan kanthi cakrik ingkang sami inggih punika kabar kula saé-saé kémawon! Wonten ugi cakrik ingkang kanggé mangsuli pitakènan punika sarana ngucap “Luar biasa!” Ananging, kadospundi menawi pitakènan punika dipun raosaken langkung wening malih, punapa leres kita wonten ing kawontenan ingkang saé-saé kémawon ing wekdal punika? Punapa leres kita nembé tanpa kagubel ing prakawis ingkang ngreridhu ing gesang kita? Punapa leres bilih ing telenging manah kita mboten wonten raos ingkang ngganjel, ingkang damel kita mboten tentrem? Menawi kita pancèn mboten saweg nggadhahi prakawis, puji sokur konjuk Gusti. Menawi kita nembé mboten sekéca, ugi puji sokur konjuk Gusti. Kadosdéné gesang ingkang kita lampahi temtu wonten prakawis

ingkang kadhangkala tuwuh. Awit saking punika, mboten dados punapa menawi kita mangsuli pitakènan wau kanthi wangsulan, kula saweg mboten saé-saé kémawon. Rak inggih kawontenan ingkang nembé mboten saé nedahaken karingkihan minangka manungsa ingkang mbetahaken ingkang saged mitulungi ing gesang punika.

Gesangipun Bapa Abram sanès gesang ingkang tansah pinanggih saé. Pancèn menggahing bandha, piyambakipun mboten kakirangan. Piyambakipun satunggaling tiyang ingkang kasil anggènipun mbudidaya. Saged katembungaken mboten wonten kakirangan ing gesangipun Abram. Ananging, wonten bab ingkang ngganjel manahipun, inggih punika bab tedhak turun ingkang sampun kaprasetyakaken déning Gusti Allah. Wonten ing pamikiranipun Abram mboten namung bab tedhak turun ingkang dipun darbèni, nanging sinten ingkang badhé marisi barang darbèkipun. Ing tengahing raos manah Abram, Gusti Allah ngèngetaken bab prasetyanipun malih dhateng Abram. Gusti Allah ngiyataken malih prasetyanipun ing bab lampahing bangsa ageng ingkang lair saking tedhakipun Abram. Kanggé mujudaken bangsa ingkang ageng wau Abram badhé ngalami ménggok-minger lampahing gesang ingkang mboten gampil. Nanging, ing salebeting ménggok-mingeripun gesang punika, Gusti Allah mboten badhé pisan-pisan nilaraken bangsa kasebat. Gusti Allah sampun prasetya bilih ing satunggaling wekdal bangsa punika badhé manggèn ing nagari ingkang jembar.

Ménggok mingering gesang minangka kasunyataning gesang badhé dipun alami déning sok sintena tiyang, kalebet déning umatipun Gusti. Punika kadosdéne tiyang mlampah, sauruding margi ingkang kita langkungi mboten sadaya awujud aspal alus. Kadhangkala wonten jeglonganipun. Malah jeglongan ingkang rusak sanget ingkang njalari tiyang saged keblegong ngantos mboten saged obah. Wonten malih margi ingkang kados makaten ratanipun minggah, mandhap lan pénggokan ingkang tajem. Saupamia wonten margi sanès ingkang saged dipun langkungi, temtu kita badhé nyingkiri lan milih margi ingkang langkung saé. Kadospundi menawi mboten wonten margi

sanèsipun lan namung margi satunggal punika ingkang wonten?

Margining kasangsaran punika margi ingkang kedah dipun langkungi déning gusti Yésus kanggé mbabar katetepaning prasetyan kawilujenganipun Allah. Mboten wonten margi sanès ingkang saged dipun pilih. Awit saking punika, Panjenenganipun kedah lumebet ing kitha Yérusalèm, kitha ing pundi para nabi sampun ngalami kasangsaran. Ing waosan Injil kita sumerep manéka warni pangancam dhumateng Gusti Yésus. Kejawi saking para ngalim ulama ingkang mengsahi Panjenenganipun, ancaman kawedalaken déning Hérodhès. Kacariyosaken wonten sawetawis tiyang Farisi sowan Gusti Yésus lan martosaken dhumateng Gusti bilih Hérodhès badhé nyédani Panjenenganipun. Menawi kita tingali satléraman, kadosipun tiyang-tiyang Farisi punika tumindak saé dhumateng Gusti Yésus. Kaca mripating kamanungsa, pepènget bab rancanganipun Hérodhès badhé nyédani Gusti Yésus minangka bukti bilih tiyang-tiyang Farisi mboten sadaya sengit dhumateng Gusti Yésus. Piyambakipun mboten kepéngin Gusti Yésus kasédanan, awit saking punika sami nyuwun Gusti Yésus jengkar nilaraken kitha kasebat. Nanging sinten ingkang mangretos? Dumugi wekdal semanten sikepipun tiyang-tiyang Farisi dhumateng Gusti Yésus nedahaken kosokwangsulipun. Midhanget bab punika Gusti Yésus ngendika dhateng para tiyang Farisi supados ngaturaken dhateng Hérodhès sadaya punapa ingkang sampun katindakaken déning Gusti Yésus. Panjenenganipun nyebat Hérodhès mawi sebatan asu wawar awit punika mbok bilih ingkang nyurung badhé nyédani Gusti Yésus, kinarya minangka raos amanipun Hérodhès piyambak. Ing sisih sanès, Gusti Yésus nembé tindak dhateng Yérusalèm, nyondhongi kaliyan karsanipun Allah ingkang sampun kaweca déning para nabi, supados kasédanan ing ngriku.

Gusti Yésus muwun kanggé Yérusalèm. Panjenenganipun mirsa Yérusalèm minangka kitha ingkang rumiyin Gusti Allah mbabaraken kepranani-Pun. Nanging ing sisih sanès, ing kitha punika wonten pambaléla dhumateng Gusti Allah kanthi nampik lan mrajaya para nabini-Pun. Gusti Allah sanget anggènipun nresnani Yérusalèm lan ngudi murih kawilujenganipun.

Caranipun Gusti Allah milujengaken punika ginambar kadosdéné babon ingkang kangen ngempalaken kuthuk-kuthukipun ing sangandhaping swiwinipun, supados sami ingayoman saking bebaya.

Ing perikop punika, kita manggihaken bilih rancanganipun Gusti Yésus béda saking punapa ingkang dipun pikiraken déning tiyang-tiyang Farisi, kepara inggih kita sadaya. Gusti Yésus kagungan rancangan piyambak, lan prakawis punika gegayutan kaliyan margining kawilujengan ingkang kedah katindakaken. Rawuhipun Gusti Yésus ing jagad punika mboten namung sauger rawuh ing tengahing gesangipun manungsa. Wonten rancangan agung ingkang kedah katindakaken déning Sang Kristus kanggé milujengaken umat manungsa. Rancangan ingkang mboten gampil saged katindakaken, amargi semanten kathahing panggodha supados Panjenenganipun mboten tumuju dhateng margining kawilungan punika. Sang Kristus aben-ajeng kaliyan kawontenan ingkang nyuwun Panjenenganipun supados dados pemimpin ingkang ngerèh bangsa Israel luwar saking penjajah Rum wekdal samanten. Sang Kristus mboten nyingkiri rancangan ingkang Panjenenganipun kedah tindakaken. Prasetyanipun Gusti Allah kanggé milujengaken manungsa kedah katindakaken déning Sang Kristus sarana kasédanan. Lelampahan salib dados sarana pangurbananipun Sang Kristus kanggé nebus dosaning jagad. Inggih bab punika ingkang dados katetepaning prasetyanipun Allah dhateng manungsa lumantar pakaryan kawilujenganipun Sang Kristus ing kajeng salib.

Para sadhèrèk ingkang kinasih,

Saking pangandikanipun Gusti punika kita manggihaken pawarta ingkang cetha. Gusti Allah mboten badhé kesupèn dhateng prasetyani-Pun piyambak. Ningali lelampahanipun Abram temtu kita manggihaken prasetyanipun Allah dipun babar Panjenenganipun ing margining gesangipun Abram. Pakaryanipun Sang Kristus ing jagad punika minangka tandha katetepaning prasetyanipun Gusti badhé kalampahan. Sang Kristus mboten nyingkiri margi tumuju dhateng ing sedani-Pun. Panjenenganipun tetep ngregem rancangani-Pun ing jagad

punika, inggih punika jumeneng Juruwilujenging jagad. Sédanipun Sang Kristus dados kawilujengan tumrap umat manungsa, ambekta gesang anyar wonten ing Sang Kristus. Gesang ingkang kebak kabingahan, karana kita sampun kawilujengaken déning Gusti Yésus Kristus. Gesang ingkang kebak pangajeng-ajeng, kabingahan, lan panuwun sanadyan wonten ing karibédan ingkang kita raosaken. Den ènget lan raosaken anggènipun Gusti Allah anganthi. Wonten prasetyanipun Allah ingkang nyantosakaken gesang panjenengan. Amin.

shm/tk

Khotbah Minggu Pra Paska 3

20 Maret 2022

Waosan

Waosan I: Yesaya 55:1-9

Tanggapan: Mazmur 63:1-8

Waosan II: 1 Korinta 10:1-13


Injil: Lukas 13:1-19

**“Nggegesang
Wiji Sawi”**

KHOTBAH JANGKEP

“Nggegesang Wiji Sawi”

Wonten satunggaling gambar (lukisan) ingkang nyariyosaken Gusti Yésus kasalib ingkang beda kaliyan gambar-gambar sanèsipun. Gambar utawi lukisan punika nyelé (unik). Pelukisipun ngajak ningali panyalibanipun Gusti Yésus saking sisih ingkang béda. Menawi panyaliban padatanipun ketinggal saking ngajeng, utawi saking ngandhap salib, satemah ingkang ketinggal Gusti Yésus Sang Juruwilujeng punika inggil sanget, gagah, lan rosa. Nanging lukisan damelanipun Ni Wayan Handoko punika béda. Wonten ing lukisan punika dipun sumerepaken gambar Gusti kasalib saking nginggil. Lukisan punika dipun sukani tenger “Through Him.” Ing gambar lukisan wau kita dipun ajak ningali saking sisih Allah Sang Rama ingkang ngutus Sang Putra ontang-anting séda, nebus dosa kita.



“Through Him” (Ni Wayan Handoko, 2004)

Wonten ing lukisan punika Gusti Yésus ketingal alit lan ringkih. Punapa malih ing lukisan wau ketingal tigang panggenan paku, saé ing kalih asta punapadéné ing sampéyanipun, lan makutha eri ing mustaka ingkang tumungkul kadosdéné ing lukisanipun.

Punapa lukisan punika kepéngin ngetingalaken bab alit, ringkih lan kawon? Mboten! Lumantar pelukis putri saking Bali punika, kita saged ngraosaken caranipun Gusti Allah mirsani bilih lumantar ingkang alit, ringkih lan ketingal sampun kawon, ing ngriku wonten kamenangan. Kamenangan kanggé gesang.

Ing gesang padintenan, kita asring mboten nggatosaken dhateng prakawis-prakawis ingkang kaanggep alit. Kita inggih asring mboten nggatosaken punapa ingkang kaanggep ringkih lan kalah. Awit saking punika, ing manéka warni lelampahan magepokan kaliyan antawisipun ingkang nindhes lan korban, kawigatosan dhateng si korban asring andhap sanget, satemah kathah korban ingkang mboten pikantuk kawigatosan. Cara mandeng ingkang makaten punika kedahipun dipun éwahi. Pangandikanipun Gusti dinten punika ngajak kita ngéwahi cara ningali kanthi anggatosaken sawatawis bab:

1. Alit-rècèh, nanging penting!

Sebatan “rècèh” asring kanggé kaucapaken kanca-kanca anem kanggé nedahaken bab-bab ingkang prasaja lan alit, malah asring kaanggep mboten wigatos. Nanging pangandikanipun Gusti wekdal punika nandhesaken malih bilih saking ingkang rècèh wau ing pamirsanipun Gusti malah wigati. Inggih punika cara ningali ingkang anyar ingkang mbok bilih sepisan kaping kalih bapak, ibu lan para sadhèrèk sampun mireng. Nanging sapunika, kula kepéngin ngajak supados caranipun Gusti Allah mirsani punika ingkang linangkung kita resepak lan ecakaken ing gesang padintenan, inggih punika bab-bab ingkang kaanggep rècèh nanging sejatinipun punika wigatos. Katresnan, saged kita tindakaken lumantar prakawis-prakawis ingkang alit. Dadosa wonten ing pangibadah dinten Minggu kados pangibadah Minggu Prapaskah kaping tiga punika, punapadéné pangibadah-pangibadah ing saben dinten. Nresnani Gusti kanthi nresnani sesami ing gesangipun bapak, ibu tuwin para sadhèrèk saged katindakaken lumantar prakawis-prakawis ingkang alit.

Saking waosan lèksionari Minggu punika, kita kaajak ningali gesang ingkang tuwuh salebeting katresnanipun Allah. Kathah prakawis ingkang pinangkanipun saking alit ngrembaka dados ageng karana pangreksa lan pangrimatani-Pun. Menawi kita ngener dhateng waosan Injil, inggih punika Lukas 13 ingkang ngandharaken bab pasemon wiji sawi, pangandika punika ketingal cetha.

Punapa ingkang katandhesaken déning Gusti Yésus lumantar pasemon wau inggih punika bilih bab ingkang alit lan “rècèh” punika wigati. Panyerat Lukas ngandharaken piwulangipun Guru lan Gusti Yésus Kristus ingkang ambekta tetinggalan ingkang béda ing bab Kratoning Allah kadosdéné wonten ing Lukas 13: 19. Panjenenganipun ngajak para sakabat ndarbèni cara panyawang ingkang anyar menggahing Kratonipun Allah, sadèrèngipun kathah tiyang (kalebet para sakabat) nginten bilih Kratoning Allah punika katingal ing bab ingkang ngédab-édabi lan badhé

kasampurnakaken kanthi dadakan. Pamanggihipun tiyang-tiyang kasebat klèntu. Gusti Yésus memucal bilih Kratoning Allah kaumpamèkaken wiji sawi. Wiji ingkang paling alit, ingkang mboten mbetahaken papan ingkang jembar anggènipun katanem. Wujudipun alit lan mengku prakawis ingkang sakelangkung alit. Nanging menawi katanem ing papan ingkang cocog, wiji punika badhé thukul ngrembaka dados wit ingkang ageng ingkang mbekta munpangat ingkang saé tumrap kathah pihak.

Prakawis-prakawis ingkang “rècèh” kasunyatanipun dados bab ingkang wigati lan tumemen. Saking waosan 1 Korinta 10: 1-13, Gusti paring pepènget dhateng pasamuwan lumantar Rasul Paul supados sami purun ndandosi prakawis ingkang wigati. Prakawis-prakawis punika ngengingi panerak ingkang dipun anggep rèchèh. Rasul Paul ngendika bilih prakawis-prakawis punika sanès rèchèh, ananging dosa ingkang ageng.

Sinau saking prakawis ingkang alit, kita kaajak supados wewah dados wicaksana kadosdéné ingkang kagambar lumantar warni ungu ingkang kita agem ing mangsa Prapaskah punika. Kanthi sinau kawicaksanan, kita mboten nggegampil nganggep rèchèh lan nyepèlèkaken prakawis-prakawis ingkang alit. Sabab prakawis ingkang alit kanyata saged nuwuhaken prakawis ingkang ageng. Kados punapa conto ing wekdal punika?

Ing mangsa pandemi punika kita sinau bilih bab-bab ingkang kaanggep alit ndarbèni akibat ingkang ageng. Tetp ngginakan *protokol kesehatan* (wijik asta, ngagem masker, njagi let, ngirangi tindakan), sanadyan kawontenan sampun wiwit saged dipun kendhalèni ketalipun rèchèh nanging saged nukulaken akibat ingkang ageng.

Sumangga kita lampahi gesang saking prakawis-prakawis ingkang alit lan prasaja. Nindakaken gesang ingkang taksih kaparingaken déning Gusti wekdal punika. Menawi kita ingkang kebak ing karingkihan lan kakirangan, taksih kaparingan wewengan, taksih ambegan lan taksih gesang éngga dinten punika, ateges kita kedah sumadya

tuwuh dados ageng wonten ing sih-sinisihan lan gesang ing salebeting kanugrahanipun Allah lumantar prakawis-prakawis ingkang alit.

2. Pejah supados tuwuh lan gesang.

Kasangsaranipun Gusti Yésus ndayani kita ngraosaken manéka warni kaprihatosan, kadosdéné ing nalika kita gesang sesarengan pandemi ingkang jangkep 2 (kalih) taun lumampah. Sumangga nuladha lan nggegesang ingkang kaparingaken déning Gusti Yésus. Panjenenganipun rila dados kurban, séda, nanging wungu malih, menang tumrapping pepejah. Panjenenganipun nebus sakathahing dosa kita lan nemtokaken bilih lampahing kawilujenganipun Allah tumrap jagad. Sédanipun ambekta gesang langgeng.

Nggegesang sadaya piwulangipun Gusti tegesipun ngrimati katresnanipun Allah lan nindakaken ing gesang padintenan. Kita prelu nguri-uri piwulang punapadéné katresnan, temahan thukul katresnan ing gesang sesarengan saé wonten ing brayat, tetanggi kiwa-tengen, masyarakat, ing pundia kémawon kita wonten. Katresnanipun Gusti mboten namung kanggé satunggal pribadi, ananging kanggé gesang ing sadaya kawontenan. Salebeting iman, katresnan sampun ngantos namung thukul grembaka piyambakan. Punjering katresnan, kaadilan, tinarbuka, punika gesang ingkang purun samidéné nampèni lan makarya sesarengan. Sumangga kita mbongkar sikep ingkang nengenaken kawigatosaning dhiri lan serakah. Ngicalana pepénginan ingkang remen meksa. Kanthi nuladha dhumateng Sang Kristus, kita kabangun sarana kawigatosan, ngurmati tiyang sanès lan sumadya makarya sesarengan mitulungi ingkang alit lan ringkih ing gesang padintenan.

Nggegesang katresnan kawujudaken lumantar prakawis-prakawis ingkang alit lan prasaja. Contonipun: pakulinan-pakulinan ingkang prayogi, sami nggatosaken setunggal lan setunggalipun, remen wèwèh, nresnani asanès sok sintena kemawon tiyangipun, lsp. Lumantar pakulinan punika kita leladi kadosdéné wiji sawi ingkang siniram toya saben

dinten lan karabuk. Kanthi nggegesang katresnan ing tengahing kawontenan ingkang angèl pisan, kita tetep ngulinakaken dhiri nuwuhaken katresnan. Bab punika kados ingkang dipun tindakaken déning Juru Mazmur. Ing tengahing kawontenan ingkang angèl lan nyakitaken, piyambakipun ngraosaken pengalaman ingkang nyakitaken punika minangka papan ingkang subur kanggé nuwuhaken raos sih-katresnan. Lumantar lampahing gesang ingkang “damel pejah” kita ginulang sangsaya ngraosaken agenging sih katresnanipun Allah. Punika ingkang dados maknaning “pejah kanggé wewah lan gesang.” Wosipun, mejahi ingkang asipat mentingaken dhiri pribadi, nanging nggesangaken katresnan.

3. Ngrengkuh, nyangga, ngadhemaken

Salib sami kaliyan kasangsaran, punika leres. Nanging salib inggih kados ingkang dipun tandhesaken déning panyerat Injil Lukas lumantar wiji sawi. Salib minangka kasaénan ingkang kita tampi saking katresnanipun Gusti. Wiji sawi punika piwulang lan dayaning katresnanipun Gusti Allah kanggé kita. Sayektinipun wiji sawi punika inggih kita lan gesang kita. Sadangunipun kaparingan wewengan kanggé gesang, ing salajengipun kita sampun samesthinipun nglajengaken, paling mboten sarana ngrekuh, nyengkuyung lan ngadhemaken.

Ngrengkuh.

Saiba agengipun sih-rahmatipun Allah rumengkuh ing gesang kita. Gusti Allah ngrengkuh kita. Panjenenganipun nampi kita punapa wontenipun. Panjenenganipun paring pangapuntèn lan tansah mberkahi kita. Karana Panjenenganipun, kita kasagedaken ngrengkuh karingkahan kita piyambak. Lumantar sédanipun Sang Kristus, kita wewah sesarengan kanggé mujudaken sikep ingkang samidéne urmat-ingurmati lan tresna-tinresnan, punapadéné sami rengkuh-rinengkuh satunggal lan satunggalipun wonten ing pasedhèrèkan sejati tumrap sesami.

Nyangga.

Sumangga dados Nabi Yésaya ing jaman sapunika utawi ingkang sinebat déning laré anèm nabi zaman *now*. Ing pundi kita gesang kasanggi déning piwulang-piwulangipun Allah. Kanthi makaten, kita mboten kendel wonten ing pangajeng-ajeng. Kita mitados satunggaling kawontenan kita temtu dados saé. Minangka pribadi ingkang kasangga déning kanugrahanipun Allah badhé kasagedaken nyangga gesanging sesami lumantar manah ingkang tulus, lan migatosaken.

Ngadhemaken.

Kagambarna malih bab wit wiji sawi. Piyambakipun tuwuh, wewah, lan sangsaya ageng, dados papan kanggé ngadhem lan damel susuh. Kita prelu langkung tegen lan sabar nresnani tiyang kathah temahan mbekta swasana adhem tumrapping jagad, lumantar pitembungan ingkang saé lan mbingahaken, ngintun seratan *wa/grup wa/instagram/fb lan media internet* sanèsipun ingkang ndamel adhem, lsp. Sumangga kita migatosaken lan nindakaken pandamel-pandamel “rècèh” ingkang sipatipun alit, nanging temtu badhé ambekta éwah-éwahan ageng. Amin.

Acuan:

Ammerman, Nancy.1998. *Studying Congregations*. Nashville: Abingdon Press.

Tafsir Alkitab Perjanjian Baru. 2002. Yogyakarta: Kanisius.

Tafsir Alkitab Perjanjian Lama. 2002. Yogyakarta: Kanisius.

Godingay, John. 2014. *The Theology of The Book of Isaiah*. Madison: InterVarsity Press.

Pohl, Christine D. 1999. *Making Room*. Michigan: Wm. B. Eerdmans Publishing Co.

<https://nasional.kompas.com/read/2010/05/26/10591024/~Oase~Cakrawala>

<https://www.instagram.com/niwayanhandoko/?hl=i>

[lt/tk]

Khotbah Minggu Pra Paska 4

27 Maret 2022

Waosan

Waosan I: Yosua 5:9-12,
Tanggapan: Mazmur 32,
Waosan II: 2 Korintus 5: 16-21,
Injil: Lukas 15: 1-3, 11-32

**“Gesang Ing
Pangrangkulaning
Katresnanipun
Allah”**

KHOTBAH JANGKEP

“Gesang Ing Pangrangkulaning Katresnanipun Allah”

Para sadherek ingkang dipun tresnani lan nresnani Gusti, Minggu punika kita mapan wonten ing Minggu Prapaskah kaping sekawan. Saking waosan pangandikanipun Gusti dinten punika, sangsaya karaosaken kadospundi Gusti Allah nresnani kita minangka umat ingkang nampèni kawilujengan saking Panjenenganipun. Jejer wekdal punika inggih punika gesang ing pangrangkulanipun katresnaning Allah. Maknaning jejer punika kapendhet saking waosan pangandikanipun Gusti dinten punika. Kita kaeneraken kanggé nampèni bilih iman ingkang saged ngraosaken tuntunanipun Allah badhé nguwohaken gesang ingkang tetep manggèn wonten ing katresnani-Pun.

Kita badhé nggambaraken menggah ingkang dados lelampahaning si wuragil nalika piyambakipun nyuwun barang darbé saking kasugihaning bapakipun. Temtunipun salebeting nyuwun mboten kanthi manah ingkang saé lan kanthi gumuyu. Kénging punapa makaten? awit mboten kaserat sacara njlimet bilih panyuwunan si wuragil kalampahan ing wekdal punapa lan alesanipun punapa. Pepinginan utawi hawa nepsu saged ugi ingkang dados dhasar saking lelampahan punika. Bapakipun

inggi mboten nyandhet. Piyambakipun ngedum ugi hakipun si pambarep.

Sasampunipun nampèni bagéanipun, si wuragil mboten tetep nglajengaken anggènipun késah. Piyambakipun késah nilaraken griyanipun lan gesangipun jibar-jibur. Tumindak ingkang makaten punika nuntun dhateng kasisahanipun. Si wuragil sampun mboten gadhah arta malih. Wonten pageblug ing nagari panggènanipun gesang. Piyambakipun mbudidaya luwar saking kasangsaran wau nanging mboten saged, malahan piyambakipun dumugi ing pérangan paling andhap inggi punika keluwèn tanpa wonten tedha pawèwèhipun tiyang lan nedha pakan babi ingkang dipun angèn. Ing wekdal samanten, si wuragil ngrumaosi bilih para tiyang ingkang nyambut damel ing griyanipun bapakipun langkung begja katimbang piyambakipun. Pepuntonipun damel putusan wangsul dhateng griyanipun bapakipun sumadya nyuwun padamelan.

Kados ingkang kaserat dening Rasul Paul dhateng pasamuwan Korinta, bilih Gusti Allah piyambak makarya kanggé umati-Pun, “Lan kabèh iku pinangkané saka Gusti Allah...” (mirsanana 2 Kor. 5: 18). Panjenenganipun ingkang ngudi katentreman ing donya punika lumantar kita. Panjenenganipun ugi ingkang adamel si wuragil ngrumaosi lumantar kawontenan ingkang dipun alami. Si wuragil ngrumaosi bilih gesangipun saged ngalami éwah-éwahan menawi piyambakipun purun ndadosi sesambetan kaliyan bapakipun. Bab punika dipun tedahaken nalika ngakeni sadaya dosanipun (Luk. 15: 18). Patraping bapakipun nedahaken patraping katresnanipun Gusti Allah, kebak pangapunten, anenimbang kanthi prayogi malah nentremaken nalika si pambarep meri dhateng punapa ingkang katindakaken dening bapakipun tumrap si wuragil, ingkang sampun nindakaken kalepatan.

Para sadherek ingkang dipun tresnani lan nresnani Gusti, sayektinipun inggi makaten agenging karesnanipun Gusti tumrap kita manungsa. Panjenenganipun namung ngersakaken kita ngakeni dosa ingkang sampun kita tindakaken lan kita sumadya badhé ngéwahi. Juru Mazmur nyerat bilih saben tiyang ingkang sampun ngakeni dosanipun badhé ngraosaken

katentreman sabab sampun nampi pangapunten saking Gusti. Juru Mazmur inggih ngènetaken bilih saben tiyang ingkang nandhang dosa lan mboten purun ngakeni dosanipun, badhé ngalami kasangsaran.

Bab punika dados pepènget wigati kanggé kita, pangubananipun Gusti Yesus Kristus ing kajeng salib prelu tinanggapan saking kita minangka umat ingkang sampun kawilujengaken. Tanggapan punika nedahaken éwah-éwahaning gesang adhedhasar iman kapitadosan kita dhumateng Gusti Allah. Rasul Paul ngènetaken bilih gesang lami mboten katindakaken malih, punika kadosdéne nyenyolong, ngapusi, cabul, ngasoraken tiyang sanès karana padamelanipun utawi kalenggahan ing tengahing masyarakat, panyiksa lsp. Gesang kita kedah nedahaken éwah-éwahan, langkung nggumantungaken gesangipun lan mbagèkaken pangajeng-ajeng dhateng sesaminipun, panenimbangipun langkung prayogi dhateng sesami lan kawontenan punapa kémawon, sumadya mitulungi tiyang kathah malah inggih sadaya lingkungan gesang, lsp.

Satunggaling teolog naminipun D.A. Carson naté ngènetaken kita kanthi dhasar saking 1 Korinta 4: 6 ingkang makaten, “Ngugemi pangandikanipun Allah nyarengi kita sumadya mboten namung mitados dhateng sadaya ingkang kapangandikakaken, nanging ugi nyingkiri saking patrap “nglangkungi punapa ingkang sampun kaserat”. Kanthi prasaja pratéla punika nedahaken bilih ngraosaken lan ngugemi pangandikanipun Gusti Allah, badhé nuntun kita tetep manggèn wonten ing katresnanipun Allah. Sumangga katindakna sedaya punika kanthi katresnan lan raosna pangrangkulaning katresnanipun Allah ingkang ndandosi gesang.

Sugeng angraosaken Minggu Prapaskah kaping sekawan kanthi cara gesang ingkang langkung prayogi lan nggadhahi makna wonten ing Sang Kristus, satemah tentrem rahayunipun Allah karawuhaken ing donya punika. Amin.

[bsn/tk]

Khotbah Minggu Prapaska 5

3 April 2022

Waosan

Waosan I: Yésaya 43:16-21

Tanggapan: Jabur Masmur 126

Waosan II: Filipi 3 : 4-14

Waosan III: Yohanes 12 : 1-8

**“Amargi
Katresnanipun
Gusti, Gesang
Kawula Anyar”**

KHOTBAH JANGKEP

“Amargi Katresnanipun Gusti, Gesang Kawula Anyar”

Para sadhèrèk,

Punika cariyos saking Pandonganipun Pdt. Daud Adiprasetya édhisni 570. Ing satunggaling dinten Mark sumerep satunggaling priya kesandhung sikilipun, lajeng sadaya bektanipun sami dhawah. Énggal-énggal Mark tumungkul mbiyantu mendheti malah salajengipun mbektakaken sapérangan saking barang-barang ingkang dhawah punika, amargi Mark badhé nglangkungi griyanipun priya wau. Priya punika naminipun Bill, ngajak Mark mlebet griyanipun kanggé ngunjuk sesarengan lan mirsani télévisi. Sonten punika kelampahan kanthi ngremenaken; wonten geguyon lan pirembagan mboten wigatos, salajengipun Mark wangsul.

Mark lan Bill taksih lestantun sami pinanggih ing sakupenging sekolah; lulus SMP, SMA, Perguruan Tinggi. nDungkap wisudha, Bill ngajak Mark kanggé silih rembagan. Ngendikanipun, “Nalika kita sapatemon iku, aku lagi baé ngresiki laciku ing sekolahan. Nalika samana aku wus nyimpen sawetara *_obat tidur_* kagungané ibuku, lan aku lagi bali menyang omah kanggo nindakaké nglalu.

Ananging sawisé kita ngentèkaké wektu bebarengan kalawan rembugan lan geguyon, aku sadhar saupama aku nglalu, aku mesthi kélangan wektu kang kaya mangkono iku lan akèh prakara liyané kang tuwuh sawisé iku. Dadi sliramu mangerti, Mark, nalika sliramu njupuki buku-bukuku dina iku, sejatiné sliramu wus nindakaké prakara akèh; sliramu nylametaké nyawaku.”

Mark nggadhahi kaperdulèn dhateng sesami karana pandheseging katresnan. Sarta tiyang-tiyang ingkang saged nresnani punika tiyang-tiyang ingkang nggadhahi pengalaman dipun-tresnani.

Katresnan mujudaken kakiyatan ingkang saged ngéwahi. Lumantar katresnan, ayahan ngénggalaken gesang kelampahan. Punika pawartos saking Kitab Suci. Gusti Allah nélakaken katresnan ingkang langgeng. Katresnanipun Allah tansah wonten lan mboten naté telas. Panjenenganipun nresnani wiwit wiwitan mila. Manungsa katitahaken saèmper gambar lan pasemonipun Allah. Nalika manungsa dhumawah ing dosa, Gusti Allah nélakaken katresnan sarta Pakaryanipun ingkang milujengaken. Panjenenganipun karsa ngrawuhi jagad wonten ing Gusti Yésus Kristus. Punapa ingkang saged kita ngendikakaken bab katresnanipun Allah punika? Katresnanipun Allah datan winates tuwin tan saged dipun-gambaraken kanthi punapa kémawon. Ananging éman, manungsa ingkang gesangipun tansah wonten ing sakupenging katresnanipun Gusti Allah, asring mboten ngrumaosi dhateng katresnanipun Allah punika. Manungsa ambles ing salebeting dosa. Kados dosa tuwin kadurakaning gesangipun bangsa Israèl, ingkang amargi dosa tuwin kadurakanipun punika bangsa Israèl kabucal dhateng Babèl minangka paukuman. Ananging paukumanipun Allah mboten kanggé salami-laminipun, amargi katresnanipun Gusti Allah langkung ageng tinimbang paukumanipun. Panjenenganipun ngluwari umatipun supados gesang anyar.

Juru Masmur ugi nggambaraken saiba tentrem tuwin namung kabingahan nalika Gusti Allah mulihaken gesangipun. Pangajeng-ajeng katentreman lan kabingahan namung wonten

ing Gusti Allah. Rasul Paulus lan Maria punika tiyang kalih ingkang ngalami pepanggihan kaliyan sih-rahmatipun Gusti Allah. Pepanggihanipun tiyang kalih wau kaliyan Gusti Yésus sampun ngéwahi cakriking gesangipun.

Maria ngalami kaanyaraken gesangipun karana pangalaman dipun kasihi déning Gusti Yésus. Pangalaman dipun kasihi ndamel gesangipun samekta kanggé andum katresnan sacara wetah utawi *_total_*. Saking Injil Yohanes 12:1-8, kita manggihaken kados punapa wetahing (*_totalitas_*) katresnan kagem Gusti lan sesami.

Nem dinten sadèrèngipun Paska Yahudi, Gusti Yésus lan sekabat-sekabat-Ipun rawuh ing Bétania. Bétania punika kitha ingkang celak kaliyan Yérusalèm papanipun riyaya Paska katindakaken. Kathah tiyang saking marupi-rupi kitha sarta negari sami dhateng ing Yérusalèm kanggé ngriyayakaken Paska. Kanggé tiyang-tiyang ingkang mboten pikantuk pasipengan ing Yérusalèm badhé pados pasipengan ing wewengkon Bétania.

Ing Bétania, Gusti Yésus dalah sekabat-sekabat-Ipun kèndel ing griyanipun Maria sadhèrèkipun Lazarus lan Marta. Brayat punika ngawontenaken bujana (dhahar sesarengan) kanggé nambut rawuhipun Gusti Yésus. Sampun temtu taksih kraket sanget ing manah lan pikiranipun Maria, Marta lan Lazarus bab punapa ingkang naté kelampahan wonten ing brayatipun, ingkang wusananipun nganyaraken gesangipun, inggih punika nalika Gusti Yésus nanggèkaken Lazarus.

Nalika dhahar sesarengan kasebat, Maria njejadi sampéyanipun Gusti Yésus kanthi satengah liter lisah wangi nared tulèn ingkang awis reginipun. Sampun temtu lelampahan punika narik kawigatosanipun tiyang-tiyang ingkang wonten ngriku, kalebet para sakabat-Ipun Gusti Yésus. Lisah wangi nared (*narwastu*) ingkang awis reginipun dipun-jebadaken ing sampéyanipun Gusti Yésus déning Maria. Salajengipun sampéyanipun Gusti Yésus dipun usapi ngagem rambutipun Maria. Saking ngriki kita saged mirsani:

1. Kabingahan awit pinanggih kaliyan Gusti Yésus. Kabingahan punika punika amargi brayatipun Maria ngalami katresnanipun Gusti Yésus dhateng Lazarus lan

- brayatipun. Prakawis punika ndamel Maria nglirowakaken regining lisah wangi nared ingkang awis. Wetahing pasrahipun gesang dhumateng Gusti Yésus katindakaken minangka cihnaning panambutaning sih-rahmat ingkang katampi lumantar Gusti Yésus.
2. Lisah wangi nared padatanipun dipun jebataken ing sirahipun tiyang. Déning Maria lisah wangi ingkang awis punika dipun jebadaken ing sampéyanipun Gusti Yésus. Salajengipun Maria ngusapi sampéyanipun Gusti Yésus kanthi rambutipun. Prakawis punika dipun-saruwé déning Yudas Iskariot. Yudas nyaruwé amargi awisipun regi lisah wangi punika. Tumindakipun Maria dipun-leresaken Gusti Yésus. Salajengipun Gusti Yésus nggayutaken patrap njebadi mawi lisah wangi punika kaliyan anggènipun Gusti Yésus badhé kakubur. Ing salebeding sirnaning gesang, bab ingkang dipun ucapaken Yudas, inggih punika bab regining barang mboten wigatos malih. Sirnaning gesang ndamel rumaketing manungsa dhateng ajining barang badhé kèndel.

Patrapipun Maria njebadi mawi lisah wangi nared ndungkap sédanipun Gusti Yésus punika sesaosan wetah (total) saking Maria ingkang ngalami pepanggihan kaliyan sih-rahmatipun Gusti. Peparing wetah ugi dipun télékaken Gusti Yésus lumantar Sédanipun. Peparingipun nyawa déning Gusti Yésus punika peparing ingkang ageng sanget pangajinipun, punapa Gusti Yésus nggatosaken ajining Nyawanipun? Kanggé umat manungsa ingkang dipun-tresnani Gusti, Panjenenganipun rila-legawa maringaken ingkang saé piyambak saking ingkang dipun darbèni Gusti, inggih punika Nyawanipun. Maria ugi ngaturaken ingkang saé piyambak, amargi pepanggihannipun kaliyan Gusti Yésus.

Para sedhèrèk,

Saking Kitab Suci kita sinau bab katresnan ingkang ngéwahi. Kita sadaya dipun-tresnani Gusti Allah. Minangka umat ingkang tansah dipun-tresnani Gusti, punapa wujuding

éwah-éwahaning gesang kita ing saben dintenipun? Panyuraosipun Martin Luther King, Jr. Saged dados panyuraos kita. Makaten seratanipun Martin Luther King, Jr., “Saben tiyang saged dados berkah amargi saben tiyang saged lelados. Kanggé lelados, panjenengan mboten kedah kagungan sesebatan sarjana. Panjenengan mboten kedah njumbuhaken jejer (*_subyek_*) kaliyan tembung kriya kanggé lelados. Panjenengan namung mbetahaken satunggaling manah ingkang kebak katresnan. Satunggaling jiwa ingkang kayasa déning katresnan.” Dados, lelados punika sanès bab saged, ananging bab purun. Sawanci kita purun nindakaken paladosan kados ingkang dipun wulangaken déning Sang Kristus inggih punika kinanthénan katresnan tuwin andhap-asoring manah, punika ateges bilih peladosan kababar!

Kalajengna ngalami katresnanipun Gusti Yésus ingkang nganyaraken gesang. Amin.

[lk/den]



Khotbah Minggu Prapaska 6

10 April 2022

Waosan

Minggu Palma:

Tanggapan: Jabur Masmur 118:1-2, 19-29

Injil: Lukas 19:28-40

Minggu Sangsara:

Waosan 1: Yésaya 50:4-9;

Tanggapan: Jabur Masmur 31:9-16;

Waosan 2: Filipi 2:5-11;

Injil: Lukas 22:14-20, 39-45, 23:35-43

**“Setya
Ngadhepi
Kasangsaraning
Gesang”**

KOTBAH JANGKEP

“Setya Ngadhepi Kasangsaraning Gesang”

Bapak, Ibu, Sadhèrèk-sadhèrèk, ingkang dipun tresnani Gusti,

Kita minangka pasamuwanipun Gusti, dipun timbali supados dados pandhèrèkipun Gusti ingkang setya. Punapa timbalan punika namung katujukaken dhateng kita ingkang wonten ing papan ngriki (utawi gedhong ing gréja punika)? Kinten kula, mboten namung kita ingkang wonten ing papan ngriki ingkang prelu dados pandhèrèkipun Gusti ingkang setya. Sadaya tiyang pitados kedahipun nggadhahi kasetyan wonten ing dhirinipun piyambak-piyambak. Kanthi kasetyan punika, saben tiyang pitados dipun ajeng-ajeng saged gesang sesandhingan sesarengan kaliyan pihak sanès kanthi saé. Prakawis punika prelu kita tindakaken amargi kathah tiyang asring mboten saged ngendhalèni dhirinipun piyambak. Wonten sawetawis tiyang

ingkang remen ngutamèkaken kapentingan, kekarepan, malah kemaremaning dhirinipun piyambak. Kanthi tembung sanès, ngendhalèni dhiri punika wigatos minangka pérangan saking kasetyan.

Sumangga kita nindakaken évaluasi (pambiji) dhiri kanthi sinau saking lelampahan pageblug samangké. Nalika pageblug nrajang utawi ing satengahing pageblug ingkang dèrèng sirep punika, punapa ingkang badhé kelampahan menawi tiyang-tiyang sami mboten setya netepi *protokol kesehatan 6 M* (*Memakai masker* = ngagem masker; *Mencuci tangan* = wijik asta; *Menjaga jarak* = mboten dhedhèmpètan; *Menghindari kerumunan* = ngénggati pepanggihan kaliyan tiyang kathah; *Membatasi mobilitas* = ngirangi kekésahan; *Menghindari makan bersama* = ngénggati kembul bujana sesarengan tiyang kathah). Saged dipun pesthèkaken, sumebaripun lan nularipun *virus* badhé langkung mindhak. Gesang badhé dipun kebaki kasangsaran, bosah-basèh, mboten saged dipun-kendhaleni, tuwin marupi-rupi bab ingkang mbok bilih ndamel gesang dados pating besasik.

Dados tiyang ingkang setya pancèn kalamangsanipun angel dipun lampahi. Ing salebeding kasetyan, wonten satunggaling prakawis ingkang kedah dipun-kurbanaken, dadosa punika kapentingan dhiri pribadi, pepénginan pribadi, punapadéné pepénginan-pepénginan kita nyekapi kemareman kita minangka manungsa. Kanggé dados setya, kita kedah ngadhepi prakawis punika kanthi ndhèrèk karsanipun Gusti. Filipi 2:5-11 mbiyantu kita mbabaraken kasetyaning gesang kanthi nulad dhateng kasetyanipun Gusti Yésus. Panjenenganipun nglampahi sadaya Sugengipun ing salebeding kasetyanipun dumateng Gusti Allah. Kadospundi kasetyan punika dipun tindakaken Gusti Yésus?

Kapisan, Andhap-asoripun Gusti; ingkang sanadyan ngagem wujuding Allah, éwadéné anggènipun sajajar kaliyan Gusti Allah punika mboten kaanggep barang darbé ingkang kedah dipun kekahi, ananging malah sampun nyuwungaken Sariranipun piyambak, lan ngagem wujuding abdi, sarta sampun dados sami kaliyan manungsa. *Kaping kalih*, Kasetyanipun ing

salebeding kawontenanipun minangka manungsa. Kitab Suci nélakaken bilih Panjenenganipun sampun ngasoraken Sariranipun sarta sumuyud (setya) ngantos séda, malah ngantos séda ing kajeng salib.

Bapak, Ibu, Sadhèrèk-sadhèrèk, ingkang dipun tresnani Gusti,

Ing dinten Minggu Pra Paska 6 punika, kita minangka pasamuwanipun Gusti ngriyayakaken Minggu Palem. Ugi wonten ingkang ngraosaken dinten Minggu samangké minangka Minggu Sangsara.

Ing Minggu Palem, kita nyeksèni Gusti Yésus dipun-luhuraken ing Yérusalèm (Lukas 19:28-40). Panjenenganipun dipun-tampi minangka wewangunaning Rajanipun tiyang Israèl. Kanthah tiyang ingkang gadhah pangajeng-ajeng bilih Gusti Yésus badhé dados Mésias, Sang Pangluwar kanggé tiyang-tiyang punika. Déné ing Minggu Sangsara, kita nyeksèni lelampahan sadèrèngipun ngadhepi kasangsaraning gesang, Gusti Yésus dhahar sesarengan kaliyan para rasulipun, Gusti Yésus ndedonga sesarengan kaliyan para sekabatipun, lajeng Gusti Yésus kasalib. (Lukas 22:14-20, 39-45, 23:35-43). Dadosa Minggu Palem punapadéné Minggu sangsara, kalih-kalihipun asring dipun-tandhingaken, mangka sayektosipun kalih-kalihipun saged gegayutan, ing pundi kita sami-sami ngraosaken tuladhanipun Gusti Yésus lumantar kasetyanipun.

Ing Minggu Palem, Gusti Yésus rawuh minangka Raja ingkang maringi pangajeng-ajeng dhateng jagad. Panjenenganipun rawuh ing salebeting kabingahan ageng amargi wonten pangajeng-ajeng. Nalika Minggu Sangsara, Gusti Yésus langkung setya salebetipun netepi pangluwaranipun Gusti Allah tumrap jagad lumantar anggènipun cumawis nempuh margining kasangsaran. Ing salebeding bingah punapadéné sisah, Gusti Yésus karsa rawuh ngrukunaken manungsa kaliyan Gusti Allah. Panjenenganipun setya dados Abdinipun Gusti ingkang Nandhang Sangsara salebedipun netepi pamecanipun nabi Yésaya (Yesaya 50:4-9). Kasetyanipun Gusti Yésus ing margining Kasangsaranipun mboten muspra, amargi lumantar

Pakaryanipun Allah maringaken gesang ingkang langgeng. Manungsa dipun-luwari saking dosa, ngantos saged gesang bedhami kalayan Gusti Allah sarta sesami, sarta sadaya titah. Gusti Allah Sang Rama ugi maringaken asma ngungkuli sadhéngahing asma kagem Gusti Yésus

Minangka pasamuwanipun Gusti, kita tinimbalan kadosdéné Gusti Yésus kanggé dados abdinipun Gusti ingkang setya lan sumadhiya ngadhepi kasangsaraning gesang ingkang mboten gampang. Ing Minggu Palem punika Gusti Yésus maringi tuladha bilih kasetyan lumantar margining pangabdèn ingkang tanpa kakerasan badhé mbekta gesang. Punapa prakawis kasebat sampun pinanggih ing gesang kita?

Kita miwiti kanthi margining kasangsaran ingkang mihak dhateng gesang. Raosipun margi ingkang kados makaten wau saya tebih saking gesang kita. Kathah tiyang langkung remen dipun ladosi tinimbang ngladosi. Égonipun utawi akunipun manungsa dados kiyat, ngantos kita mboten angsal damel mapanaken sesami minangka ingkang langkung utami tinimbang dhiri kita piyambak. Minangka asilipun, mboten kanyana milih margining kasetyan dhumateng Gusti Allah, manungsa kapara ndadosaken sesaminipun minangka barang kanggé nggayuh kauntungan lan kanikmataning pribadi. mBoten nggumun menawi kanggé ndadosaken unggul ing salebetipun jor-joran, roda peksa (kakerasan) kaanggep limrah kanggé dipun-ginakaken. Kasetyan, andhap-asoring manah, ngladosi gesang, kalamangsa kaanggep minangka kasangsaran. Temahanipun, kathah ingkang mboten betah lan milih kanggé nilaraken marginipun Gusti. mBoten wonten malih kasetyan ing ngrika, amargi punika karaosaken awrat sanget.

Bapak, Ibu, Sadhèrèk-sadhèrèk, ingkang dipun tresnani Gusti,

Nalika kita sumadya dados abdinipun Gusti ingkang setya, Gusti Allah kagungan ada-ada tansah sumadya maringi pitulungan ingkang nyantosakaken manah kita. Ing salebetipun kasantosaning manah punika, kita abdinipun Gusti badhé dipun sembadani kanggé teras majeng tarung ing salebetipun ngadhepi

kasangsaraning gesang, mirungganipun ing satengahing
pageblug ingkang dèrèng sirep punika.

Gusti mitulungi lan mberkahi kita sadaya. Amin.

[rs-den]



Khotbah Kemis Pethak

14 April 2022

Waosan

Waosan 1: Pangentasan 12:1-14
Tanggapan: Jabur Masmur 116:1-2, 12-19
Waosan 2: 1 Korintus 11:23-26
Waosan Injil: Yohanes 13:1-17, 31-35

“Andhap-Asoring Manah Kanggé Gesang”

KHOTBAH JANGKEP

“Andhap-Asoring Manah Kanggé Gesang”

Menawi kita mirsani kawontenaipun jagad, langkung-langkung nalika jagad ketaman pageblug covid-19, katingal sanget kadospundi gesang ingkang sampun dipun-dayani sanget déning sikaping gesang ingkang mbekta dhateng karisakan. *Egoisme* (tumindak kanggé kauntunganing pribadi), *narsisme* (keladuk nresnani gesangipun piyambak), *hedonisme* (nganggep kanikmataning bandha minangka ancasing gesang), ndayani cara gesangipun manungsa. Tiyang mengalihaken kawontenaning gesangipun piyambak, tanpa mengalihaken tiyang sanès. Kathah sikap ingkang ngetingalaken tiyang dados égois. Rebatan rumiyin nampi *vaksinasi*, mborong *oksigen* sinaosa piyambakipun dèrèng mbetahaken lsp. Kawontenan punika mujudaken salah-satunggaling kawontenan ingkang saged mbekta dhateng karisakan. Tiyang dados mboten saged ngraosaken katentreman malih, tiyang dados condhong namung mengalihaken gesangipun piyambak, dipun kuwaosi déning hawaw nepsu.

Sampun temtu menawi kita mirsani saha ngraosaken bab punika temtu tuwuh kaprihatosan ing salebeting manah. Lajeng, ing salebeding kaprihatosan punika punapa ingkang saged kita

tindakaken? Punapa kita namung badhé kèndel lan namung nyawang kémawon? Temtu kémawon mboten. Ing salebeding kaprihatosan kasebat kita prelu wangsul dhateng sikaping gesang, ingkang saged ndhatengaken gesang, inggih punika sikap andhap-asoring manah.

Andhap-asoring manah saged mbekta dhateng sikaping gesang ing pundi satunggaling tiyang ngrumaosi adeging gesangipun, piyambakipun mboten nganggep dhirinipun langkung inggil drajadipun saking tiyang sanèsipun, lan ugi mboten langkung andhap drajadipun saking tiyang sanèsipun, sarta ugi saged ngaosi adegipun tiyang sanès.

Ing salebeting pangibadah Kemis Pethak punika kita badhé ngraosaken andhap-asoring manahipun Gusti Yésus. Ing wanci dalu ndungkap kaulungaken, Gusti Yésus bujana utawi dhahar sesarengan ingkang pungkasan kaliyan para sekabatipun. Ing satengahing dhahar sesarengan punika, Gusti Yésus nindakaken bab ingkang mboten kanyana, Gusti Yésus lukar pangagemanipun sarta ngagem lawon kaubetaken ing Sariranipun, sarta Panjenenganipun mundhut wadhah isi toya lajeng mijiki sukunipun para sekabatipun Gusti.

Prakawis punika temtu kémawon ngagètaken sanget, langkung-langkung kanggénipun Pétrus ingkang nalika samanten badhé dipun wijiki sukunipun. Pétrus mboten saged nampi Gusti ingkang dipun-bektèni mijiki sukunipun sarta sukunipun sekabat-sekabat sanèsipun, Pétrus rumaos mboten pantes. Gusti Yésus ugi saged nampi punapa ingkang dados sikapipun Pétrus punika amargi anggènipun Pétrus kirang seserepan. Ananging ing ngriki tumindakipun Gusti Yésus punika ingkang murnèkaken batosipun para sekabat, supados kanthi makaten para sekabat ngraosaken dipun-tresnani déning Gusti Yésus, malah ngantos pungkasaning gesangipun. Anggènipun ngrumaosi menggahing katresnan ingkang karaosaken punika badhé dados kakiyatan tumraping para sekabat ing salebeding nindakaken jejibahanipun minangka utusanipun Gusti, ingkang kedah dipun-tindakaken ugi kanthi andhap-asoring manah, silih anampèni sadaya tiyang. Dhawuhipun Gusti, “... kowé iya padha wajib wisuh-winisuhan

sikil” ngajak dhateng sikap ingkang ngrumaosi adeging dhiri mboten langkung saking ingkang sanèsipun, ananging sami lan kedah silih angladosi.

Kanthi makaten saiba kita saged ningali lan ngraosaken kadospundi katresnanipun Gusti Yésus ingkang ageng sanget. Andhap-asoring manahipun Gusti Yésus mbekta para sekabatipun saged nindakaken gesang salajengipun.

Awit saking punika wekdal samangké kita kaajak supados ènet dhateng adeging dhiri minangka ingkang dipun-tresnani déning Gusti Yésus. Gusti Yésus saèstu anggènipun nrenani kita, Panjenenganipun maringaken katresnanipun kanggé kita, Pangurbananipun, andhap-asoring manahipun, kedahipun dadosaken kita ènet. Kanthi kita ènet bilih kita dipun-tresnani Gusti Yésus, mila kita kedah nglampahi gesang kanthi andhap-asoring manah. Andhap-asoring manah ugi ateges saged ngendhalèni dhiri ing salebeding tumindak, pangucap, saha nalika nemtokaken sikap. Kanthi makaten, margining gesang ingkang kita lampahi ngener dhateng gesang, sanès karisakan. Tiyang ingkang andhap-asor manahipun badhé tansah saged ngendhalèni dhirinipun. Tiyang ingkang saged ngendhalèni dhirinipun mboten nganggep malih dhirinipun onjo, ananging kados “pantun ingkang sampun wonten isinipun” saya tumungkul ngasoraken dhiri.

Sumangga wekdal punika kita sumadiya kanggé dipun-resiki déning Panjenenganipun, dipun-murnèkaken déning Panjenenganipun, ngantos namung Gusti Yésus ingkang ngéwahi gesang kita. Sumangga kita mangertosi andhap-asoring manahipun Gusti Yésus minangka satunggaling solah-tingkahing katresnan ingkang dhatengaken gesang sarta nuladha Panjenenganipun ing sikaping gesang padintenan. Sumangga kita ngatos-atos supados mboten kleleb ing lampahing jagad (*narsisme, egoisme, hedonisme, konsumerisme, lsp*) ingkang ngener dhumateng karisakan. Amin

[bsk-den]

Khotbah Jumuwah Adi

15 April 2022

Waosan

Waosan 1: Yésaya 52:13-53:12

Tanggapan: Jabur Masmur 22

Waosan II: Ibrani 10 :16-25

Waosan Injil: Yohanes 19:25-30

**“Sédanipun
Gusti Yésus
Nggesangaken
lan
Ngrukunaken”**

KHOTBAH JANGKEP

“Sédanipun Gusti Yésus Nggesangaken lan Ngrukunaken”

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kristus, ing wekdal Jumuwah Adi dinten punika kita badhé sesarengan ngraos-raosaken sarta ngresepi malih tumrap maknaning pangurbananipun Gusti Yésus kanggé gesang kita. Kita badhé ngraos-raosaken sarta ngresepi prakawis punika lumantar tigang pangandikanipun Gusti Yésus ing kajeng salib (kados ingkang wonten ing waosan sabda dinten punika). Mugi karsaa lumantar pangandikanipun Gusti Yésus ing kajeng salib, saben kita saged saya nyukani makna tumrap pangurbanan ingkang katindakaken déning Panjenenganipun.

Nalikanipun Gusti Yésus wonten ing sanginggiling kajeng salib, Panjenenganipun mirsani Ibunipun ingkang dipun-tresnani, lan Sakabatipun ingkang dipun-tresnani, sarta ngandika: **"Ibu, punika ingkang putra!"** lan **"Lah iku ibumu!"** (Yohanes 19:26-27)

Para sadhèrèk, sumangga kita ngangen-angen wonten ing papanipun ibu tuwin sakabatipun Gusti Yésus, ingkang saweg nyawang Anak lan Gurunipun ingkang kita kasihi kasalib ing sangajenging mripat kita. Kadospundi raosipun? Punapa kita bingung? Punapa kita sedhih? Punapa kita risak babar pisan? Ing

satengahing raos ingkang mboten kantenan punika, dumadakan Gusti Yésus ngaruh-aruhi lan ngandika dhumateng kita, **"Ibu, punika ingkang putra!"** lan **"Lah iku ibumu!"**

Ing salebeding kasakitan lan sangsara nalika dumunung ing kajeng salib, Gusti Yésus tetéla mboten namung nggalihaken Sariranipun ingkang saweg kasakitan kémawon. Panjene-nganipun tetep karsa preduli lan karsa nggalihaken kawontenan sarta pangraosipun tiyang-tiyang ingkang wonten ing sakiwa-tengen-Ipun. Awit saking punika, Gusti Yésus nyobi nggesangaken sesambédaning pasèdhèrèkan ing antawisipun Ingkang ibu kaliyan sekabat ingkang dipun tresnani Gusti. Gusti Yésus pirsá kadospundi pangraosipun satunggaling ibu ingkang mirsani putranipun sanget nandhang sangsara ing kajeng salib. Gusti Yésus karsa mangertos saiba awratipun raos sedhih ingkang dipun-alami déning Ingkang ibu. Minangka wujud ingkang kapradulèn-Ipun, Gusti Yésus masrahaken Ibunipun dhateng sekabat ingkang dipun tresnani Gusti kanthi ngandika: **"Ibu, punika ingkang putra!"** lan **"Lah iku ibumu!"**.

Para sadhèrèk, ing Jumuwah Adi dinten punika, pangandianipun Gusti Yésus: **"Ibu, punika ingkang putra!"** lan **"Lah iku ibumu!"**, badhé ngajak kita kanggé ngraos-raosaken saha ngresepé bilih ing salebeding gesangipun manungsa pancèn mboten wonten ingkang mangertos nggah dhatengipun kabingahan utawi kasedhihan, berkah utawi bancana, bathi utawi rugi, lair utawi pejah. Ananging nalika kita saweg ngadhepi pakèwed (punapaa kémawon), sumangga mandenga salib. Amargi inggih wonten ing salib punika, wonten kapradulèn ingkang dipun-tawakaken Gusti Yésus dhateng kita sadaya, minangka wujud gesang ingkang anyar. Lumantar salib, Gusti Yésus ngaruh-aruhi kita ingkang saweg kuwur penggalhipun, sisah, remuk (kados mboten wonten grengseng gesang) amargi pakèwed ingkang kita sandhang wekdal samangké. Panjenenganipun ngaruh-aruhi minangka wujud ingkang kapradulèn-Ipun, supados kita nggadhahi grengseng malih nglampahi gesang. Gusti Yésus ugi nitipaken Ingkang ibu supados dipun-kasihi, dipun-lipur, dipun-reksa, dipun-ayomi, dhateng tiyang ingkang pinitados déning Panjenenganipun.

Makaten ugi tumrap kita. Tansaha mandeng dhateng salib, amargi saking salib punika, Gusti Yésus maringaken kapracayan dhateng kita kanggé nresnani, nglipur, njagi, ngayomi tiyang-tiyang ingkang saweg rumaos kuwur penggalhipun, sedhih, risak gesangipun. Pangurbananipun Gusti Yésus punika simbulipun kapradulèn.

Ing nalika sariran-Ipun sampun saya mboten gadhah daya, Gusti Yésus ngandika: **“Aku ngelak!” (Yohanes 19:28)**

Para sadhèrèk, punapa ancasing pangandikanipun Gusti Yésus punika? Dhateng sinten Panjenenganipun ngandika? Punapa dhumateng Gusti Allah? Punapa dhateng para Sakabat-Ipun? Punapa dhateng tiyang-tiyang ingkang nyalib Panjenenganipun? mBoten wonten wangsulanipun ingkang gumathok! Kénging punapa? Amargi pangandika punika sanès satunggaling panyuwunan, ananging satunggaling prasetya! Sanadyan sacara wadhag Gusti Yésus mbokmenawi ngraosaken kawontenan ngelak sanget lan dipun-sapu déning kawontenan garing sadangunipun kasiksa lan nglangkungi margining salib ingkang damel sayah. Sanès prakawis ingkang gampil, manggul Salib-Ipun ingkang cekap awrat, kanthi kawontenaning badan ingkang sampun ringkih karana siksian.

Ananging lumantar pangandikanipun Gusti Yésus punika, sayektosipun Gusti Yésus mboten saweg nyuwun toya kanggé dipun-unjuk. Pangandika punika satunggaling prasetyan ingkang èstu-èstu bilih Panjengan-Ipun ngelak. Minangka pangucap **“Aku ngelak!”** ngèngetaken kita tumrap kaasoranipun dados manungsa sejati. Lumantar prasetyan-Ipun punika Gusti Yésus ndhèrèk cawé-cawé ing kasangsaranipun manungsa ingkang asor piyambak. Saking prasetyan punika inggih Gusti Yésus ingkang sinalib punika Gusti Allah ingkang karsa mangertos dhateng karibedanipun saben manungsa. Gusti Allah ingkang tumut ngraosaken saben kasangsaran ingkang dipun-alami manungsa.

Para sadhèrèk, ing Jumuwah Adi dinten punika pangandikanipun Gusti Yésus, **“Aku ngelak!”** nggambaraken bilih Gusti Yésus mboten badhé naté nilaraken kita, malah sanadyan ing salebedipun kebleseking kita. Panjenenganipun

sampun nandhang sangsara ingkang awrat sanget minangka manungsa. Ananging Panjenenganipun tetep kiyat nglampahi, amargi ing salebeding nandhang sangsara, Panjenenganipun tetep ngunderaken dhiri dhumateng Gusti Allah. Sumangga kita ugi sinau nulad dhateng Gusti Yésus, kanggé tansah ngunderaken dhiri dhumateng Gusti Allah. Amargi kanthi makaten kita badhé tansah ngraosaken panganthin-Ipun wonten ing gesang kita, malah sanadyan nalika kita ngalami kebleseg. Panjenenganipun punika Gusti Allah ingkang tansah nunggil saben jangkahing gesang kita, malah ndhèrèk ing salebeding kasangsaran kita. Pangurbananipun Gusti Yésus punika simbulipun panganthi, dados simbul gusti nganthi kita.

Ing wekdal ndungkap sedan-Ipun, Gusti Yésus ngandika: **“Wus rampung!” (Yohanes 19:30)**

Pangurbananipun Gusti Yésus punika simbulipun PANGAJENG-AJENG.

Para sadhèrèk, ndungkap sedan-Ipun, Gusti Yésus ngandika: **“Wus rampung!”** Punapa werdinipun pangandika punika? Punapa pangandika punika badhé nggambaraken kasoran? Punapa Gusti Yésus teluk? Punapa ateges sedayanipun sampun rampung? Utawi wonten makna sanèsipun?

Menawi kita tandhingaken pangandikanipun Gusti Yésus ing pungkasaning Sugengipun, kaliyan pangucapipun tiyang sanès ing pungkasaning gesangipun, tetéla wonten bédanipun. Salah satunggaling tuladha pangucapipun Sun Yat Sen (pamimpin kunci révolusi tiongkok) ing pungkasaning gesangipun, “Kanca-kanca tunggal perjuangan, revolusi Tiongkok durung purna. Mara tutugna perjuangan iki!” utawi “*_Kawan-kawan seperjuanganku, revolusi Tiongkok belum selesai. Lanjutkanlah!_*”.

Wekdal ndungkap tilar donya, padatanipun satunggaling tiyang badhé nggalihaken bab-bab ingkang dèrèng saged karampungaken nalika gesangipun. Ananging pangandikanipun Gusti Yésus ndungkap Sédanipun, nélakaken bilih Panjenenganipun sampun ngrampungaken sadaya Jejibahan-Ipun.

Para sadhèrèk, ing Jumuwah Adi dinten punika pangandikanipun Gusti Yésus: **“Wus rampung!”** punika satunggaling wedharan kaunggulan. Gusti Yésus unggul saking pati (dosa-dosanipun manungsa). Awit saking punika, pangandika punika nawèkaken pangajeng-ajeng anyar tumrap kita ingkang ugi kalebet minangka sekabatipun Gusti Yésus. Kanggé kita ingkang saweg nangisi kagagalan, kangèlaning gesang, saya ringkihing keséhatan, lsp., èngeta dhateng pangandikanipun Gusti Yésus ing kajeng salib punika. Panjenengan-Ipun nawèkaken pangajeng-ajeng anyar, awit panguwaosing pati sampun katelukaken. Sédanipun nggesangaken lan ngrukunaken sesambetan kita kaliyan Gusti Allah, sesami, sarta dhiri pribadi. Pangurbananipun Gusti Yésus punika simbulipun pangajeng-ajeng! Lumantar pangurbananipun Gusti Yesus kita nggadhahi pangajeng-ajeng wonten ing gesang kita.

Para sadhèrèk, Jumuwah Adi punika wekdal tumrap kita kanggé ngraosaken saha ngresep malih katresnanipun Allah dhumateng kita. Panjenenganipun punika Gusti Allah ingkang karsa tedhak dhateng jagad, amargi katresnan-Ipun dhateng kita. Panjenenganipun karsa makarya ing satengahing jagad, amargi katresnan-Ipun dhateng kita. Panjenenganipun punika Gusti Allah ingkang sumadhiya nandhang sangsara, amargi katresnan-Ipun dhateng kita. Panjenenganipun punika Gusti Allah ingkang éklas séda, amargi katresnani-Ipun dhateng kita.

Wilujeng ngraosaken lan ngresep maknaning Jumuwah Adi, saking tigang pangandikanipun Gusti Yésus ing kajeng salib. Gusti Allah mberkahi lan ngreksa panjenengan ... Amin.

[ers-den]



Khotbah Setu Sepi

16 April 2022

Waosan

Waosan 1: Ayub 14:1-14
Tanggapan: Masmur 31:1-4, 15-16
Waosan II: 1 Pétrus 4:1-8
Waosan Injil: Matius 27:57-66

**“Ing Antawisipun
Pejah lan
Gesang”**

KHOTBAH JANGKEP

“Ing Antawisipun Pejah lan Gesang”

Para sadhèrèk ingkang kinasih,

Punapa panjenengan naté ngraosaken kanalangsane utawi sedhik banget amargi sédanipun utawi tilar-donyanipun satunggaling tiyang ingkang panjenengan tresnani? Kadospundi raosipun nalika samanten? (umat kacawisane wekdal sekedhap kanggé ngènget-ènget raos sakit amargi wonten brayatipun ingkang tilar donya). Tumraping sadhèrèk ingkang naté kécalan, sampun temtu mangertos kadospunapa raosipun. Pengalaman kasebat, temtu sekedhik kathah badhé mbiyantu panjenengan kanggé nggambaraken ing panggalih raos kécalan ingkang karaosaken déning tiyang-tiyang ingkang nalika samanten nresnani Gusti Yésus. Sumangga kita ngènget-ènget, sadinten sasampunipun tilar-donyanipun tiyang ingkang kita tresnani, punapa ingkang kelampahan nalika samanten. Sami kaliyan ingkang dipun alami Gusti Yésus, sariranipun Gusti Yésus ingkang sampun séda punika, sampun kaandhapaken saking kajeng salib, katampi ing astanipun keng ibu dalasan kanca-kancanipun. Keng ibu dalasan kanca-kancanipun sampun ngulesi sariranipun Gusti Yésus kanthi katresnanipun, sarta nyarèkaken wonten ing pakuburan. Pakuburanipun katutup

kanthi sèla ageng (Matius 27: 57-66). Sadinten sasampunipun kasarèkaken, nalika tiyang-tiyang sampun nilaraken pasaréyan, mila lajeng lumebet ing kawontenan tidhem premanem. Namung kantun kita piyambak lan sadaya pepènget ingkang rumaket dados satunggal ngebaki sirah lan manah, ing ngrika ugi wonten luh ingkang tumètès. Makaten padatanipun ingkang karaosaken, sasampunipun nyawang layonipun, sarta sasampunipun nyarèkaken.

Menawi dinten punika kita ngraosaken Setu Sepi, mila Setu Sepi punika satunggal dinten sasampunipun Gusti Yésus séda. Satunggal dinten sasampunipun Ingkang kita tresnani séda, kita wiwit ngrumaosi bilih ngimpi awon (*_mimpi buruk_*) ing dinten sadèrèngipun sanès satunggaling impèn. Setu Sepi punika wekdal ing pundi kita njiwiti dhiri kita piyambak, kita mbudidaya tangi saking anggèn kita ngimpi awon, ananging sajakipun punika sanès ngimpi awon ing dinten kapengker, ananging satunggaling kasunyatan ingkang kedah kita tampi. Kita mboten saged nglirowakaken kasunyataning Setu Sepi, lajeng ngicali prakawis punika makaten kémawon, amargi pepènget ingkang kelampahan ing Setu Sepi, saèstu nyata wontenipun.

Setu Sepi punika lowahan ing antawisipun pejah lan gesang. Lelampahan panyaliban lan anggènipun sinédanan ingkang nyedhihaken manah, saweg kémawon kelampahan, ananging kaluhuraning wungu saking séda dèrèng wonten ing ngriki. Kita kajebag ing antawisipun wonten lan mboten wonten. Punapa ingkang mboten wonten malih kaliyan punapa ingkang badhé wonten taksih dèrèng cetha utawi dèrèng dipun mangertosi. Raosipun kados-kados kita mboten mangertos kedah késah dhateng pundi, lan mboten wonten ingkang saged katindakaken. mBokmenawi kita menggali, “*Ahhh, aku durung tau kélangan sawijining sanak sedulur marga saka tilar donya, kanggoku angèl rasané mangertèni Setu Sepi iki!*”

Para sadhèrèk, Setu Sepi ing gesang padintenan kita minangka manungsa, sayektosipun mboten namung ngrembag bab pejah. Setu Sepi caket kaliyan gesang kita. Setu Sepi ndhatengi gesang kita ing sawetawis bab, geguletaning gesang, pakèweding brayat, padamelan, saranduning gesang

padintenan. Nalika kita ketaman pakèwed-pakèwed punika, mila sanalika raosipun kados Jumuwah Adi tumrap kita. Sakit, giris, ajrih! Lajeng sasampunipun kita saged ngrumaosi geguletan-geguletaning gesang ingkang kedah kita tampèni lan lampahi, kita saged wiwit lumebet Setu Sepi. Pangajeng-ajeng kita karaos wiwit minggah mandhap, kala-kala wonten, kala-kala mboten wonten.

Cariyosipun Ayub punika cariyos menggah ing pengalamaniipun satunggaling tiyang ingkang setya dhateng “Setu Sepi”. Ing ayat 13-14, Ayub ngandika babagan “ènget dhumateng kawula!” lan “gadha pangajeng-ajeng salaminipun kawula nglampahi kangèlan, ngantos dumugi ing giliran kawula.” Wonten dhimènsi pangantu-antu ing ukara punika.” Ing satengahing sadaya geguletan lan pitakènanipun, Ayub ngajeng-ajeng supados Gusti Allah karsa ngumpetaken dhirinipun wonten ing teleng palimengan; ngantos sasirepipun bebendunipun Allah, sarta Gusti Allah ngèneti piyambakipun. Ayub badhé nengga ngantos pangluwaranipun dumugi.

Pangantu-antunipun Ayub nedahaken watesing kawontenan semplah kaliyan pangajeng-ajeng. Antawisipun pejah kaliyan gesang. Punika “Setu Sepi” nipun Ayub. Piyambakipun ngadeg wonten ing satunggaling lowahan ing antawisipun pejah lan gesang. Kadospundi tumrap para Sedhèrèk, punapa panjenengan naté ngadhepi Setu Sepi ingkang awujud geguletaning gesang ingkang ndamel Panjenengan jumeneng ing antawisipun pejah lan gesang? Ing antawisipun kawontenan semplah lan pangajeng-ajeng?

Sumangga kita ngrembag bab Setu Sepi ing salebeding gesang kita sacara langkung bebles. Menawi lelampahan Jumuwah Adi nuju Minggu Paska kelampahan makaten cepetipun, mila mboten makaten tumrap Setu Sepi ingkang panjenengan alami. Panjenengan pirsane, bilih panjenengan tansah mboten saged pindhah saking Jumuwah Adi dhateng Minggu Paska namung ing salebeding satunggal sonten. Setu Sepi (ing salebeding pangertosan geguletan utawi kasangsaraning gesang) ingkang panjenengan lampahi, saged lumampah pinten-pinten wulan, pinten-pinten taun, malah

saged sadangunipun gesang. Setu Sepi ingkang mboten wonten kèndelipun. Mèmper sanget kados ingkang dipun-alami déning Ayub. Lajeng kedah kadospundi kita punika?

Wonten kalih réspons utawi tanggapan ingkang saged kita sukani makna saking waosan Injil inggih punika:

1. Sumangga, kita pirsani punapa ingkang katindakaken Yusuf saking Arimatéa wonten ing ayat 59-60. Yusuf saking Arimatéa mundhut layonipun Gusti Yésus, tumuli ngulesi layon punika mawi mori pethak ingkang resik, lajeng nyarèkaken layon punika ing pasaréan, tumunten ngglundhungaken sèla ageng wonten ing korining pasaréan, lajeng wangsul. Inggih, piyambakipun wangsul. Punapa maknanipun ing ngatasipun gesang kita? Sawetawis badhé nindakaken prakawis punika ing dinten Setu Sepining gesang. Kita badhé nutup pasaréan tumunten wangsul, kados-kados mboten wonten punapa-punapa ing ngrika, *inggih sampun*, mboten wonten kawontenan ingkang saged kelampahan kanggé satunggaling bab ingkang énggal. mBoten wonten sawenèhing pangajeng-ajeng ingkang énggal badhé kelampahan.
2. Ananging, nalikanipun Yusuf saking Arimatéa mboten gadhah pangajeng-ajeng punapa-punapa kajawi nindakaken ingkang kedah katindakaken, ananging wanita kalih punika, Maria Magdaléna lan Maria sanèsipun, sami lenggah ing ngajeng pasaréan. Panyerat Injil Matius mboten nyariyosaken punapa ingkang katindakaken déning Maria kekalih punika, kajawi namung lenggah kémawon. Ananging, punapa ingkang katindakaken déning Maria kekalih punika, kapara mulangaken satunggal prakawis wigatos dhateng kita. mBok menawi punika sayektosipun ingkang kedah kita lampahi ing Setu Sepining gesang punika, lenggah, kèndel, ngènget-ènget, ugi ngajeng-ajeng. mBokmenawi kémawon, kaleresan punika ingkang kasebat minangka kasetyan dhateng Setu Sepi. Wanita kalih punika mboten nyobi ngénggati kasunyatan pait kasebat, mboten nyobi nyupèkaken, ananging wanita kalih punika ndhatengi kasunyatan punapa wontenipun, paita kadospunapa. Tetep ngajeng-ajeng lan setya badhé

kelampahan satunggaling bab ing tembé wingkingipun. Mèmper sanget kados paseksinipun Juru Masmur. Masmur punika mujudaken panyuwunanipun tiyang pitados nalika wekdal kasisahan ingkang ageng lan kasedhihan ingkang nemen. Sadaya punika kados wonten ing sadaya pasambat lan kasisahanipun Sang Prabu Dawud, panjenenganipun temtu nélakaken malih kapitadosanipun ingkang kekah dhumateng kasetyanipun Gusti Allah.

Saking kalih tanggapan menggahing Setu Sepi punika, pundi ingkang badhé panjenengan pilih kanggé dipun lampahi? Tutup kémawon, mboten ngajeng-ajeng malih. Utawi purun lenggah kèndel ing ngajenging sariranipun Gusti Yésus, lan ngajeng-ajeng?

Kanggé ngajeng-ajeng utawi mboten ngajeng-ajeng, wonten risikonipun. Panjenengan ngajeng-ajeng, mila panjenengan badhé teras ngantu-antu tanpa mangertos bénjing punapa Setu Sepining gesang panjenengan rampung. Ananging menawi panjenengan kèndel ngajeng-ajeng, mila ibarat sepédha ingkang taksih saé kawontenanipun, ananging panjenengan sampun mboten kersa melahi sepédha malih.

Sayektosipun, menawi kedah nyebat satunggal dinten mirunggan ing kalèndher liturgi (tanpa nyingkiraken maknaning dinten mirunggan sanèsipun) mila, Setu Sepi punika salah satunggaling dinten ingkang angèl sanget kanggé saged dipun raosaken. Kénging punapa? Amargi punika watakipun manungsa ingkang tansah kepéngin bingah nggantosi kasisahan. Punika *rak* ingkang dados pangajeng-ajengipun sapérangan ageng manungsa? Pandonga-pandonga kita mbokmenawi tansah makaten. Menawi saged, kaprihatosanipun èstu-èstu ical! Kita menggali Setu Sepining gesang kita purna, menawi geguletan lan kasangsaran punika ical. Setu Sepining gesang kita sayektos purna, sanalika – sanadyan kasangsaran punika taksih wonten – ananging kita nyawang prakawis punika kanthi sukarena lan kebak pangajeng-ajeng. Dados menawi pangajeng-ajeng kita punika kasisahan kagantos sukarena, pejah kagantos gesang, mila kanyatanipun ing Setu Sepi punika kita taksih dumunung ing lowahan. Amargi saking punika, menawi

panjenengan karsa ndedonga, ndedongaa selaras kaliyan waosan
1 Pétrus kala wau, *“Gusti kawula kèndel ngajeng-ajeng
prakawis ingkang jumbuh kaliyan pepinginan kawula,
ananging kawula badhé teras ngajeng-ajeng kanthi
menggalihaken kasangsaran tuwin salib Paduka ingkang
ngiyataken kawula. Karsaa Paduka mitulungi kawula supados
saged tahan lan ngadeg ing salebeding lowahan ing
antawisipun pejah lan gesang punika.”*

Amin.

[rep-den]



Khotbah Minggu Paska Énjang

17 April 2022

Waosan

Waosan 1: Yésaya 65:17-25
Tanggapan: Masmur 118:1-2, 14-24
Waosan 2: Lelakoné Para Rasul 10:34-43
Waosan Injil: Lukas 24:1-12

**“Kaunggulan
Kanggé Gesang”**

KHOTBAH JANGKEP

“Kaunggulan Kanggé Gesang”

Dinten punika kita ngriyayakaken Paska. Gusti Yésus ingkang séda sinalib, sampun kawungokaken déning Gusti Allah. Lumantar lelampahan punika kita saged matur, mboten wonten ingkang mokal tumrap Gusti Allah. Patangèn punika kakiyatan tumrap pangajeng-ajeng kita ing satengahing kawontenan ingkang awrat, ingkang mbokbilih taksih kita alami (katuran nambahi kawontenan geguletan ingkang saweg dipun adhepi, kadosta pageblug utawi sanèsipun. Kaparingana pandhesek supados tansah wonten pangajeng-ajeng amargi kita pitados dhumateng Sang Kristus ingkang wungu saking séda).

Kanthi patangèn, kita kedah matur bilih kapitadosan Kristen punjeripun mboten dhateng pejah utawi kasangsaran. Kapitadosan Kristen mboten memuji kasangsaran. Kasangsaran ingkang kasandhang déning Gusti Yésus lumantar salib ingkang nggegirisi punika kanyatan ingkang kedah dipun adhepi Gusti Yésus. Makaten ugi kasangsaran ingkang kita alami punika kanyatan ingkang kedah kita adhepi. Ananging kapitadosan Kristen mboten memuji kasangsaran. Salib lan sangsara punika pratandhaning katresnanipun Gusti Allah dhateng kita.

Pandhesekan punika wigatos. Amargi kita asring nyipati saiba mboten kados padatan tumindak ing roda-peksa kelampahan ing gesang kita. Gampil sanget tiyang nindakaken roda-peksa kanggé punapa kémawon. Saged dipun wastani, kita saweg dumunung wonten ing budyaning pejah (*culture of death*). Ing budyaning pejah, gesangipun manungsa mboten dipun ajèni. Roda-peksa kapara dados iguh ingkang katampi kanthi gumuruh. Prakawis ingkang kados punika ingkang ugi kita prangguli nalika Gusti Yésus kasalib. Nalika tiyang kathah nywanten sora, “Kasaliba, kasaliba!”. Gumuruhing surak kados-kados nambut sangsara lan sédanipun satunggaling tiyang minangka satunggaling kaunggulanipun tiyang kathah sesarengan. Budyaning pejah ngasilaken gesang ingkang mboten awatak manungsa, ingkang kanthi sengaja ngginakaken kasangsaran kanggé nyipta tatuning manah ingkang awrat. Makaten punika péranganing lampah mirising salib kasil nuwuhaken raos ajrih ingkang nyengkerem, kadosdéné ingkang dipun alami déning para sakabat.

Budyaning pejah mboten kèndel mbabadi gesang kita ngantos sapriki. Mawarni-warni wujud ing panerak kamanungsan mboten kèndel kelampahan ing pundi-pundi papan. Malah kita sampun nganggep prakawis punika minangka satunggaling prakawis ingkang limrah. Kaleresan amargi punika, cariyos Paska nggigat kita. Lumantar wungunipun Gusti Yésus, Gusti Allah ngajak kita ndhatengaken grengsenging gesang. Grengsenging gesang punika grengseng ingkang nguwongaken sesami. Grengseng welas asih. Malah ing salib punika, Gusti Yésus sampun ngumandhangaken grengsenging gesang. Injil Lukas 23:34 nyathet unjukipun Gusti Yésus, “Dhuh Rama, tiyang-tiyang punika mugi Paduka apunten, amargi sami mboten mangertos punapa ingkang dipun tindakaken.” Tembung-tembung “Paduka apunten” dados tetenger grengsenging gesang. Grengseng punika saya dipunkekahaken kanthi andharan patangèn. Saged kita wastani Gusti Yésus ngrembakakaken budyaning gesang (*culture of life*). Budyaning gesang punika budaya ingkang ningali manungsa minangka sesaminan manungsa ingkang kedah dipun tanduki kadosdéné hakikating

kamanungsan punika. Budayaning gesang kapenuhan grengseng ngrawuhaken sih katresnan. Prakawis punika ingkang saged kita pirsani wonten ing cariyos wungunipun Gusti Yésus wonten ing Injil Lukas.

Injil Lukas nyebataken rawuhipun sawetawis tiyang èstri minangka seksi wungunipun Gusti Yésus saking séda. Para tiyang èstri punika: “... Maria saka Magdala, lan Yohana sarta Maria ibuné Yakobus, tuwin wong-wong wadon liyané kang padha bebarengan uga ...” (Lukas 24:10). Nyebat nami pawèstri dados nengsemaken ing satengahing gesangipun masarakat patriarki (tatanan kulawarga ingkang ngutamakaken garis keturunanipun bapak) nalika samanten. Patriarki mapanaken tiyang jaler minangka puseripun. Sadaya kalenggahan penting ing babagan pasrawungan lan bebrayaning ngaurip, kalebet kalenggahan ing babagan agami, wonten ing tanganipun tiyang jaler. Tiyang Yahudi nalika semanten limrahipun menawi dipun takèni gunggunging anakipun, mila ingkang kasebataken namung anakipun jaler kémawon. Kajawi punika, tiyang èstri ugi kaanggep mboten pantes dipun pitados. Panganggepipun tiyang kathah nélakaken bilih tiyang èstri punika ingkang dados jalaran mlebetipun dosa dhateng gesangipun manungsa. Panganggep punika ugi dipun lairaken déning Rasul Paulus, “Apamanèh dudu Adam kang kagodha, nanging wong wadon iku kang kagodha lan tumiba ing dosa.” (1 Timotius 2:14). Akibatipun, ing salebeding masarakat Yahudi nalika semantan tiyang èstri mboten pikantuk ngaturi paseksi ing pangadilan. Paseksinipun tiyang èstri kaanggep mboten gadhah kaleresan.

Malah amargi punika, cathetan wontenipun tiyang-tiyang èstri ing cariyos wungunipun Gusti Yésus saking séda nggadhahi daya ingkang mboten kados padatan. Lumantar cathetan punika kita nyumerepi Gusti Allah karsa mangsulaken adegipun tiyang èstri dhateng hakikatipun. Tiyang èstri sanès manungsa kelas kalih, tiyang èstri pantes dipun pitados. Lumantar lelampahan wungunipun Gusti Yésus saking séda, mboten wonten malih drajadipun tiyang-tiyang pinggiran utawi manungsa kelas kalih. Budaya gesang saweg dipun tandhesaken Gusti Allah lumantar lelampahan wungunipun Gusti Yésus saking séda.

Salajengipun Kitab Suci nyariyosaken para tiyang èstri punika nyariyosaken punapa ingkang sampun dipun seksèni dhateng para rasul. Ananging para rasul mboten pitados lan nganggep paseksinipun para tiyang èstri punika ngayawara (Lukas 24:11). Prakawis punika ingkang ndamel para rasul mboten nanggapi. Tanggapan jumedhul saking rasul Pétrus. Rasul Pétrus tumunten énggal-énggal bidhal rerikatan dhateng pasaréan, kanggé mbuktèkaken pitembunganipun tiyang èstri wau tetéla leres. Pétrus nanggapi ing salebeding caranipun tiyang Yahudi nalika semanten menggali, inggih punika mbuktèkaken punapa para tiyang èstri punika pancèn pantes dipun pitados. Wusananipun, Kitab Suci nélakaken bilih pitembunganipun tiyang-tiyang èstri punika leres. Gusti Yésus èstu-èstu wungu saking séda. Gusti Yésus piyambak ingkang salajengipun rawuh nglairaken Sariran-Ipun dhateng para sakabat. Karawuhanipun Gusti Yésus punika neguhaken bilih paseksinipun para tiyang èstri punika leres.

Saking cathetan menggah ing para tiyang èstri ingkang dados seksi wungunipun Gusti Yésus punika, kita saged nélakaken bilih cariyos wungunipun Gusti Yésus ndhatengaken gesang ingkang sayektosipun, inggih punika gesang ingkang nguwongaken sesamining manungsa. Gesang punika kawiwitan saking pangaos menggah ing sesamining manungsa, kalebet ugi dhateng para tiyang èstri kados cariyos wungunipun Gusti Yésus. Saged kita wastani bilih gerakan ingkang dipun adani déning fèminisme (pakempalanipun wanita ingkang mbudi daya hak ingkang sami kaliyan priya) kawiwitan saking cariyos Gusti Yésus ingkang wungu saking séda. Lumantar wungunipun Gusti Yésus, para tiyang èstri nampèni martabatipun malih minangka gambaring Allah, sami kaliyan tiyang jaler. Punika ingkang naté dipun ngendikakaken déning teolog fèminis (teolog ingkang ngudi hak-hakipun wanita sami kaliyan priya) Catherine LaCugna bilih Gusti Allah tansah miwiti jumangkah ngener dhateng manungsa. Manungsa ingkang kadospunapa? Manungsa kadosdéné ingkang katitahaken Gusti Allah, inggih punika kakung punapadéné èstri.

Gerakan utawi pambudidaya gesang ingkang nguwongaken sesami wonten kalajenganipun lumantar cariyosipun Pétrus kaliyan Kornélius. Kornélius punika perwiraning pasukan Italia (PR 10: 1). Dados, Kornélius punika sanès tiyang Yahudi, ananging dados golonganipun tiyang ingkang ketarik dhateng agami Yahudi. Pengalaman spiritualipun (kajiwanipun) mbekta dhateng pepanggihan kaliyan Pétrus. Ananging Pétrus ingkang dipun panggihi sampun ngalami éwah-éwahan lumantar ngimpi. Punika sababipun Pétrus nélakaken, “Kula sampun mangertos saèstu, bilih Allah mboten mbédak-mbédakaken tiyang.” (PR 10: 34). Pratélan punika ngumandhangaken punapa ingkang sampun dipun lairaken nabi Yésaya dangu sadèrèngipun. Nalika syalom dipun wujudaken saha Gusti Allah makarya ngrawuhaken langit lan bumi énggal, mila sadaya badhé gesang sesarengan ing kawontenan salaras. Gambaran ingkang kaagem mboten kados padatan, “Asu ajag lan cempé bakal nyenggut bebarengan, singa bakal mangan dami kaya sapi sarta ula uripé bakal saka lebu.” (Yésaya 65:25). Cirining gesang ingkang ngrawuhaken syalom inggih punika mboten mbédak-mbédakaken tiyang. Punika gesang ingkang nguwongaken sesamining manungsa. Gesang ingkang ngaosi martabatipun manungsa, malah dhateng sadaya titahipun Gusti Allah.

Grengseng punika ingkang nggulawenthah pasamuwanipun Gusti ing sauruting wekdal. Ing pasamuwanipun Gusti, manungsa mboten dipun tingali saking kalenggahanipun punapadéné drajatipun ing masarakat. Pasamuwan nganggep sadaya manungsa ing grengsenging sih katresnan ingkang ngrengkuh prabéda. Ananging, sajujuripun, pasamuwanipun Gusti mboten tansah nggesangi grengsenging gesang kasebat. Pasulayan ing salebeding pasamuwan dados kanyatan ingkang asring kita adhepi. Atas nami kaleresan, pranatan pasamuwan, malah sabdanipun Allah, asring kita ngakimi tiyang sanès, malahan ngipat-ipati tiyang sanès. Kanthi kasunyatan ingkang kados mekaten sujarah peteng dhatengipun budaya pejah asring kelampahan wonten ing gesanging pasamuwanipun Gusti. Mugi-mugi budaya ingkang kados mekaten saged énggal-énggal surut.

Anthony de Mello nyerat satunggaling cariyos ingkang pantes kita gegilut. Makaten cariyosipun (Doa Sang Katak 1, hlm. 135-136).

Imam mbiwarakaken, bilih Gusti Yésus Kristus piyambak badhé rawuh ing Gréja dinten Minggu candhakipun. Umat gumrudug kanggé ningali Panjenenganipun. Saben tiyang ngajeng-ajeng, Panjenenganipun badhé ngladosaken khotbah, ananging Panjenenganipun namung mèsèm, nalika dipun tepangaken sarta ngandika: “Wilujeng”. Saben tiyang purun nampi Panjenenganipun nyaré ing griyanipun, mirungganipun Imam, ananging Panjenenganipun nampik kanthi sopan. Panjenenganipun ngandika, Panjenenganipun satunggal dalu ngersakaken lèrèh ing gréja. Pancèn limrah, makaten pamanggihipun umat.

Panjenenganipun ngical énjingipun, sadèrèngipun korining gréja kabikak. Lan, ngeri raosipun, Imam lan umat manggihaken gréja pating blangkrèh. Kaserat ing pundi-pundi, ing aling-aling (tembok) satunggal tembung WASPADA. mBoten wonten pérangan gréja ingkang kliwatan, kori lan jendhéla, saka ageng lan mimbar, altar. Malah ing Kitab Suci ing sanginggiling sanggan: WASPADA. Corat-corèt kanthi aksara ageng lan alit, mawi potelot, lan pèn, lan cèt ingkang manéka-warni, dhateng pundi mripat saged nyawang, tiyang saged maos “WASPADA”, waspada. Waspada, WASPADA, waspada, waspada.

nJèngkèlaken. Damel muntab. mBingungaken. Nggegasah. Ngajrih-ajrihi. Kanthi sedaya punika umat kedah waspada punapa? Sedaya punika mboten dipun ngendikakaken. Ingkang eonten namung tembung WASPADA. Ing kawontenan kados makaten, wiwitanipun umat bingung badhé mbusak punapa mboten tilasing tumindak ngregedi punika. Punika sami dipun anggep pamitenah. Imam lan umat kasigeg nindakaken prakawis punika, namung amargi pamanggih, bilih Gusti Yésus piyambak ingkang nindakaken pandamel punika.

Samangké, tembung misterius utawi kebak wewadi WASPADA wiwit rumesep ing salebeding pamikiranipun umat ing saben wekdal umat sami lumebet ing gréja. Umat wiwit waspada menggahing Kitab Suci, ngantos umat saged mendhet

paédah saking Kitab Suci, tanpa dados fanatik. Umat dados waspada menggahing sakramen. Umat sami kasucèkaken tanpa dhawah ing kawontenan ingkang tanpa gina. Imam wiwit waspada menggahing panguwaosipun tumrap umat, mila piyambakipun saged lelados tanpa nguwaosi. Sarta saben tiyang dados waspada menggahing agami, ingkang ndamel tiyang tanpa rumaos dados lamis utawi semuci-suci. Umat dados waspada menggahing Pranatan Pasamuwan, lajeng dados mituhu dhateng pranatan, ananging nggadahi welas asih dhateng ingkang ringkih. Umat wiwit waspada menggahing pandonga, ngantos umat kèndel ngendelaken dhirinipun piyambak. Umat malah waspada menggahing pangertosanipun bab Gusti Allah. Mila umat ugi saged wanuh dhumateng Gusti Allah nglangkungi kikis-kikising wates ingkang dipun damel Gréja piyambak.

Cariyos Paska ngajak kanggé ngilo, punapa budayaning gesang pinanggih ing salebeding gesang kita ing satengahing brayat, pasamuwan, lan masarakat? Menawi kita ngrungkebi kapitadosan dhumateng Gusti Yésus ingkang wungu saking séda, mila kita tinimbalan ugi mersudi mbabar gesang ingkang silih hangajèni. Wilujeng Paska. Gusti mberkahi. Amin.

[asp/den]



Khotbah Minggu Paska Sonten

17 April 2022

Waosan

Waosan I: Yésaya 25: 6-9

Tanggapan: Masmur 114

Waosan II: 1 Korintus 5:6-8

Waosan III: Lukas 24:13-49

**“Ngrumaosi
Kaunggulan
sesarengan
Gusti Yésus”**

KHOTBAH JANGKEP

“Ngrumaosi Kaunggulan sesarengan Gusti Yésus”

Pasamuwan ingkang dipun tresnani tuwin nresnani Gusti, Wilujeng ngriyakaken Paska. Mugi ing dinten punika, kabingahaning Paska kita alami lan kita raosaken.

Sonten punika kula badhé crita, pengalamanipun kanca kula pendhita nalika piyambakipun kekésahan. Sasampunipun anggènipun mlampah karaosaken prelu ngaso, kanca kula wau mampir ing satunggaling wandé alit, kanggé ngaso kanthi nedha, ngunjuk, lan crita. Ing ngrika, kanca kula pinanggih kaliyan tiyang ingkang mboten dipun tepangi. Tiyang-tiyang punika asik ngendikan babagan jagading politik lan ngendikan bab sanèsipun. Ananging mboten dangu wonten satunggaling priyantun ingkang nepangi pak pendhita punika lan ngaruh-aruhi: “Sugeng siang pak pendhita...”. Priyantun punika wanuh dhateng pendhita punika, nanging pak pendhita mboten émut sinten ingkang ngaruh-aruhi. Kawontenanipun dados éwah. Saking swasana mboten nggekeng dados resmi utawi formal lan kaken. Kakenipun swasana nuwuhaken raos rikuh-pakéwuh, lan anggènipun ngendikan dados langkung winates. Kénging punapa kelampahan makaten? Saged kelampahan, mitranipun ngendikan pak pendhita punika rumaos kaliyan sinten

piyambakipun ngendikan. Priyantun punika mangertos ingkang dipun ajak ngendikan punika tokoh agami, amargi karumangsanipun punika, priyantun punika ngéwahi caranipun ngendikan. Saking mboten resmi dados resmi.

Pasamuwan ingkang kinasih,

Saking cariyos ing nginggil punika, kita manggihaken maknaning karumangsan (kawontenan rumangsa). Rumangsa, manut Bau Sastra Jawa werdinipun: 1) wis krasa sajroning ati; mangerti; 2) wis ngakoni salahé. Ing salebedipun ndhèrèk Gusti Yésus, punapa wigatosipun gesang ing salebedipun karumangsan? Ing Minggu Paska punika, kita kaajak ngraosaken wigatosipun gesang kanthi karumangsan supados ngraosaken lan mangertos maknaning wungunipun Gusti Yésus kanggé kita, ing salebedipun nglampahi gesang padintenan.

Waosan Injil Lukas ngajak kita mirsani icaling karumangsan saking para sakabat menggahing piwulangipun Gusti Yésus, gurunipun. Raos sisah ingkang anteb minangka kawusananing panyalibanipun Gusti Yésus, ndamel para sakabat kesupèn dhateng piwulangipun Gusti Yésus. Gusti Yésus wongsal-wangsul paring piweling dhateng para sakabat-Ipun bilih Mésias kedah nandhang sangsara lan séda, ananging badhé wungu malih, èstu-èstu mboten dipun mangertosi. Kawusananipun para sakabat kuciwa dhumateng Gusti Yésus. Kléopas dalah kancanipun ugi ngraosaken prakawis punika. Mila kanthi batos ingkang kuciwa, tiyang kalih punika wangsul dhateng Émaus, dhateng dhusunipun.

Anèh... ing kawontenan sisah, lelampahanipun tiyang kalih dhateng dhusun Émaus jebul mboten mbosenaken. Ing salebeding lelampahan punika, wonten satunggaling priya ingkang nyarengi lampah ngancani. Priya punika Gusti Yésus. Sakabat kalih wau mboten mangertos bilih priya punika Gusti Yésus. Sinambi mlampah, Gusti Yésus dados pamiyarsa ingkang saé tumrap Kléopas lan kancanipun, ingkang saweg sungkawa. Kajawi punika, Gusti Yésus ugi maringi katerangan bab Mésias ingkang kedah nandhang sangsara sarta kaluhuraken.

Amargi kasengsemipun sakabat kalih kasebat dhateng katranganipun Gusti Yésus, sakabat kalih punika nyuwun Panjenenganipun karsa pinarak nyaré sesarengan piyambakipun. Amargi papan ingkang badhé dipun tuju sampun mèh dumugi, sawetawis punika Gusti Yésus ingkang mboten dipun tepangi punika kados-kados taksih kedah nglajengaken tindakipun. Anggènipun srawung sesarengan ing dalu punika mbikak mripatipun sakabat kalih kanggé wanuh dhateng priya ingkang lumampah sesarengan piyambakipun. Panjenenganipun punika Gusti Yésus saking Nasarèt ingkang kacariyosaken déning sakabat kalih wau. Pranyata pawartos ingkang dipun pirengaken leres. Gusti Yésus ingkang sampun wungu saking séda, samangké sugeng malih.

Wonten sawetawis bab ingkang nengsemaken kita suraos langkung lebet saking lelampahan punika:

- 1) Caranipun Kléopas lan kancanipun wanuh Gusti Yésus
Dhateng sakabat kalih punika, Gusti Yésus mboten ngandikakaken sinten sayektosing Panjenenganipun. Éwa semanten, sakabat kalih punika wusanipun saged wanuh Gusti Yésus nalika Panjenenganipun nyuwil-nyuwil roti sarta ngucapaken berkah. Sakabat kalih punika kabikak rumaosipun tumrap pangraosipun sarta piwulangipun Gusti Yésus sadangunipun mlampah. Karumangsanipun dipuntangèkaken malih. Karumangsan punika ingkang ndamel sakabat kalih saged nyariyosaken Gusti Yésus ingkang wungu saking séda punika Gusti ingkang mengku panguwaos menggahing gesang.
- 2) Caranipun Gusti Yésus nerangaken kaleresan
Saking pirembagan ingkang kelampahan ing salebeting lumampah nuju Émaus punika, Gusti Yésus sampun maringi satunggaling piwulang ingkang aos, bilih Gusti Yésus punika kaleksananing sadaya ingkang kaserat ing Kitab Suci. Mila sadaya seratan ingkang pinanggih ing Kitab Suci punika wujud katerangan ingkang wetah kanggé mangertosi menggahing Gusti Allah. Kasisahan, kasedhihan, sarta kécalan sampun nutupi mripating batos, pamanggih, lan sadaya pangraosipun para sakabat menggahing pakaryanipun

Sang Kristus. Kanggé kita ing jaman samangké, pangraos menggahing sabdanipun Gusti Allah dados pérangan wigatos ingkang asring dipun supèkaken. Karépotan-karépotan ngicalaken karumangsa-ning gesang peparingipun Gusti Allah. Katranganipun Gusti Yésus dhateng Kléopas ngémutaken kita supados tansah ngraosaken lan ngalami Panjenenganipun lumantar Sabdanipun Gusti.

3) Gusti Yésus ingkang Rawuh

Gusti Yésus punika Sang Immanuèl (Gusti Allah nunggil kalawan kita). Panjenenganipun punika Gusti Allah ingkang tansah nunggil sesarengan kalawan umatipun Allah. Rawuhipun Gusti Yésus mboten dipun watesi déning papan, wekdal, lan kawontenan. Panjenenganipun setya kanggé ngancani lampahing gesang umatipun Gusti Allah, dadosa ing salebeding bingah punapadéné sisah. Lampahing kalih sakabatipun Gusti Yésus punika sampun maringi piwulang ingkang aos sanget. Sayektosipun sinaosa sakabat kalih punika wiwitanipun mboten tepang dhateng satunggaling priya ingkang nyarengi lampahipun, ananging sakabat kalih punika ngraosaken karawuhanipun ingkang nggapé lan neguhaken. Wungunipun Gusti Yésus saking séda, nyata wonten ing gesang kita. mBoten wonten satunggal pérangan ingkang uwal saking panganthinipun Gusti Yésus, tegesipun wungunipun Gusti Yésus, ngantebaken prasetia panganthinipun Gusti ing gesang kita.

4) Ngaturi Gusti Yésus

Dinten sampun badhé dalu sarta surya sampun serap, ananging pepinginanipun sakabat kalih kepéngin tetunggilan kaliyan Gusti Yésus saya ageng, ngantos nyuwun Gusti Yésus karsa pinarak lan tetunggilan kalayan piyambakipun. Kanging manah ngalami kabingahan tuwin tentrem rahayu sesarengan kalayan sobat sejati, ndamel Kléopas ngaturi Gusti Yésus. Sekawit Gusti Yésus minangka priyantun ingkang merdhayoh, ananging sayektosipun Panjenenganipun punika ingkang kagungan dalem ingkang nyuwil-nyuwil rotining gesang. Tumindak nyuwil-nyuwil roti punika ndadosaken karumangsanipun Kléopas saya kiyat. Sakabat kalih ngalami

Gusti Yésus ing salebedipun mlampah sarta ngraosaken kaunggulan sesarengan kaliyan Panjenenganipun ingkang wungu saking séda.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani tuwin nresnani Gusti, Wungunipun Gusti Yésus nggigah raos-rumaos kita menggahing Gusti ingkang unggul punika Gusti ingkang nunggil kita. Sumangga kita nyantosakaken prajanjèning kasetyan salebedipun kita nglajengaken pakaryanipun Gusti ingkang milujengaken lumantar lampahing gesang kita. Kaedumna kabar kabingahan dhateng sadaya tiyang kanthi yakin bilih Gusti nunggil kita kados tembang anggitanipun Pdt. Lusindo Tobing saking GKJ Nehemia, kanthi jejer “Tuhan Temani Kami”. Tembang punika saged kabikak lan kaundhuh lumantar Link punika: <https://youtu.be/vFQp1dERpwA> (Youtube Chanel: *Lusindo Tobing*)

TUHAN TEMANI KAMI

4/4, E=Do, 93 bpm

Cipt. Fdt. Lusindo Tobing

1 -8- | : 0 0 0 5 5 4 3 3 2 3 | 3 0 0 3 3 2 1 1 7 1 |
 He - ta - pa ha - ti - mu he - ta - pa ha - ti - ku

11 | 1 0 0 1 2 1 2 2 0 | 4 3 2 3 3 3 | 3 0 0 5 5 4 3 3 2 3 |
 Ha - ti ki - ta ber - ku - har ku - har he - ta - pa ha - ti - mu

14 | 3 0 0 3 3 2 1 1 7 1 | 1 0 0 1 2 1 2 2 0 | 4 3 2 3 3 |
 He - ta - pa ha - ti - ku Ha - ti ki - ta ber - ku - har ku - har

17 | 0 5 1 1 5 1 5 1 1 | 0 5 1 1 5 1 3 3 2 1 | 0 5 1 1 5 1 5 1 |
 Sa - al Tu - han menjerita - ti di he - mu - a per - ja - la - nan sa - al Tu - han mencerah - kan

20 | 1. | 0 5 1 1 5 1 4 3 2 1 | . . . | 0 0 0 0 | 5 . . . | 0 0 0 0 :|
 lah - wa Di - a a'la - lu de - kat Hm...

25 | 2. | 0 5 1 1 5 1 4 3 5 5 | 5 . . . 5 3 | 6 6 7 6 5 . |
 lah - wa Di - a a'la - lu de - kat Tu - han

28 | : 1 1 1 1 5 5 5 . | 7 7 7 7 5 5 5 . | 1 1 1 1 5 5 5 . | 6 6 6 6 5 5 5 . :|
 Te - ma - ni ku - mi Se - panjang ha - ri Ting - ga - lah be - tap di ge - tap ma - lam

32 | 4/4 | 2/4 | 0 0 | 4 3 0 0 4 3 3 4 0 3 0 | 3 5 6 7 6 | 6 5 5 . . |
 Ma - ri di ala - mat - kan me - nye - la - mat - kan

36 | 0 0 | 3 3 2 2 | . 1 . . . |
 Ha - nyak ji - wa

TUHAN TEMANI KAMI

Wilujeng Paska, Gusti Yésus mberkahi. Amin!!



[mak/den]

BAHAN LITURGI

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

Liturgi Rebo Awu

3 Maret 2022

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

PL: Pelados Liturgi

U: Umat

L: Lèktor

**“Pamratobat
Wiwitaning
Lampah Tumuju
Kamenangan ing
Sang Kristus”**

Pra Ibadah

- Ibadah katindakaken ing swasana ening lan anteng.
- Umat kasuwun nindakaken pangibadah wonten ing swasana sunar ingkang winates.
- Pangibadah ingkang katindakaken mawi online, pangolesan awu katindakaken déning brayat utawi dhiri pribadi.
- Umat saged nyawisaken awu piyambak, prayoginipun saking ron palem utawi kacawisaken déning pehak greja.
- Pangiring musik nindakaken kanthi *instrumentalia* kalem.
- Nalika musik mungel, PL nerangaken ingkang magepokan kaliyan pangibadah. Kalajengaken ngungelaken lonceng kaping 3.

PURWAKA

- *Umat lenggah*

PL: Para sadhèrèk ingkang kinasih, dinten punika kita miwiti ngraosaken margining kamenanganipun Sang Kristus lumantar pangibadah Rebo Awu. Kita katimbalan ngraosaken malih karingkahan kita minangka titah, nanging salebeting karingkahan wau Gusti Allah maringaken kamirahani-Pun kanthi lubèr. Déné jejer ing

pangibadah punika “Pamratobat Wiwitaning Tumuju Dhateng Kamenanganipun Sang Kristus.” Sumangga kita nyawisaken manah kita lumebet ing pangibadah punika.

(MJ ngungelaken lonceng 3 x)

TIMBALAN PANGIBADAH

PL: Pasamuwan ingkang kinasih, sumangga kita miwiti “Rétrèt Agung” kita salaminipun sekawandasa dinten, kanthi manah ingkang anyar, kebak ing panuwun lan kabingahan karana kamenanganipun Sang Kristus.

- *Umat jumeneng*
Kidung pamuji umat

KPJ 248:1-2 TAN ANA CAHYA MULYA

1

Tan ana cahya mulya wah swara milangoni
ngendhilih bingaring driya. Dé Sang Putra wus prapti,
putra tunggaling Pangéran kang nuwuhken katentreman.
Reff.:

*Pra malaékat wewarta, ngengidung
memuja, Allah nunggil mring kita.*

2

Sajagad sukarena bumi tentrem-rahayu,
pinuji Ratu Mulya karya mareming kalbu.
Mudha-wredha muji samya, "Panebus kita wus prapta!"
Reff.:

VOTUM

- PS: Sumangga kita miwiti pangibadah Rebo Awu punika,
wonten pangaken bilih pitulungan kita punika wonten ing
asmanipun Yéhuwah ingkang nitahaken langit lan bumi
tuwin sadaya isinipun, lan ingkang setya dhateng umati-Pun.
- U: **(ngidungaken Amin, Amin, Amin)**

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama kita, lan saking Gusti Yesus Kristus, wontena ing para sadhèrèk sadaya.

U: **wonten ing panjenengan ugi.**

- *Umat lenggah*

PAMBUKA

PL: Pasamuwan ingkang kinasih, temtunipun kita ngrumaosi bilih awu wonten ing bathuk sanès adhapur pepaès. Ananging satunggaling tandha bilih kita nembé tinarbuka, bilih kita punika lebu lan badhé wangsul dhateng lebu malih. Kita kepéngin gesang ing salebeting andhap asor. Karana wonten ing andhap asor punika kita sadaya kepareng nggayuh kamenanganing gesang sesarengan kaliyan Sang Kristus.

PANDONGA PANGAKENING DOSA

(Kairingan instrumentalia kanthi ririh)

PS: Ing salebeting karingkihan, kawula sowan ing ngarsa Paduka. Ngaturaken panuwun tumrap sadaya kamirahan Paduka. Temahan kawula kepareng sujud ing ngarsa Paduka. Mila, kanthi andhap asor, kawula nyenyuwun sih piwelas Paduka. Sang Kristus, Paduka kersaa nuntun kawula supados kasagedna ngewahi gesang lami dhateng gesang ingkang sampun kaanyaraken. Ing salebeting kamirahanipun Sang Kristus, kawula ndedonga, Amin.

KIDUNG PAMUJI PANGAKENING DOSA:

KPJ 44 AKU WONG KANG DOSA

1

Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,
temahan dèn sucèkna, srana rahé kang suci.

Reff.:

Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.

Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur

2

Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka
inggang saged ngluwari kawula saking dosa.

Reff.:

- *Umat Jumeneng*

PAWARTOS SIH-RAHMAT:

PS: Tumrap sok-sintena inggang kanthi temen-temen
ngakeni dosanipun lan sumadya dipun anyaraken déning
Gusti, samangké tampènana pawartos sih-rahmat
inggang sinerat ing Mazmur 51: 8 “Pancen saestu, Paduka
punika karenan dhateng kaleresan ing salebeting batos,
kanthi kèndel-kèndelan Paduka paring sumerep bab
kawicaksanan dhumateng kawula.”

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: Puji sokur kunjuk Gusti.

SALAM KARAHAYON

PS: Umatipun Gusti, Allah inggang mahamirah lan lubèr sih-
susetyanipun ngersakaken supados kita dados dhuta-
dhuta katentremani-Pun Gusti. Awit saking punika
sumangga kita nggegesang pamratobat kita ing
padintenan. Karahayonipun Gusti tansah nunggila ing
manah lan gesang kita (kanthi salam namaste).

KIDUNG PAMUJI:

KPJ 358 GUSTI BADHÉ KULA PUJI

1

Gusti badhé kula puji, ingkang kanthi éklas ing manah,
wonten ngajenging pra ageng, ngungelaken pujining Allah.
Kawula badhé asujud, ngucap sokur dhumateng Gusti;
Déné kadamman Paduka lan kasetyan tan éwah gingsir

2

Para rajanipun bumi badhé muji asma Paduka
sasampuning sami nampi pangandika lésaning Gusti
Sami memuji lan matur sagung sokur dhumateng Allah;
sami ngidungken pangrehnya, wit tetéla kaluhurannya.

- *Umat lenggah*

PANDONGA PALADOSAN WEDHARING SABDA

(PS ngunjukaken pandonga)

WEDHARING SABDA

Waosan sapisan

L1: waosan sapisan kawaos saking Yoèl 2:1-2, 12-17

Makaten sabdanipun Gusti

U: Puji sokur konjuk Allah

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita nanggapi pangandikanipun Gusti kanthi
maos Mazmur 51 kanthi sesautan

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kawaos saking 2 Korinta 5:20-6:10

Makaten Pangandikanipun Gusti

U: Puji sokur konjuk Allah

Waosan Injil:

PS: Pamaosing Injil, kawaos saking Matéus 6:1-6, 16-21

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun
Gusti lan ingkang ngestokaken. HOSIANA.

U: (Ngidungaken: HOSIANA)

KHOTBAH:

**“Pamratobat Wiwitaning Lampah Tumuju
Kamenangan ing Sang Kristus”**

Wekdal Ening

(Pisungsung Pamuji, menawi wonten)

PANGOLESING AWU.

(kawiwitan sarana ungeling musik ingkang lirih)

Menawi katindakaken online

PS: Pasamuwan ingkang kinasih, dumugi ing wancinipun
sapunika kita sami pangolesing awu kanthi sesarengan.
Sumangga kita ngolèsaken awu ing bathuk minangka pratanda
bilih kita kanthi saluguning manah mratobat lan nyenyuwun
sih piwelasi-Pun Allah.

PS: Pasamuwan ingkang kinasih, samangké dumugi ing titi
wancinipun kita nindakaken pangolesing awu kanthi
sesarengan. Sumangga kita ngolèsaken awu ing bathuk
minangka pratanda bilih kita salugunipun mratobat lan
nyenyuwun sih piwelasi-Pun Allah.

*(Pradataning pasamuwan miwiti pangolesing awu ing
bathukipun piyambak-piyambak, sesarengan kaliyan
warganing pasamuwan ingkang ndherek ing
pangibadah. Prayoginipun awu mboten kaolèsaken
déning pandhita)*

KIDUNG PAMUJI:

KPJ 203: 1, 3 RAHAYU KANG UTAMA LAKUNÉ

1

Rahayu kang utama lakuné
ngambah dalaning prentahé Pangeran.
Rahayu kang netepi dhawuhé;
wong kang manut ing sapangréhé Gusti.
sarta tansah telaten netepi
sakarsané klawan éklas ing ati.

3

Gusti mugi ngirid lampah kula
manut-mituruta préntah Paduka,
datan pegat salami-laminya;
kula kaparingana manah padhang.
Dhawuh Paduka kula éstokna klayan éklas lan
gumolonging manah.

- *Umat jumeneng*

PANGAKEN PITADOS

M: Sumangga kita sesarengan kaliyan umatipun Allah ing
wekdal kapengker, sapunika lan ing mangsa ngajeng,
angengeti pangaken kita wonten ing baptisan kita,
ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli ingkang makaten...

U: Kawula pitados dhumateng Allah Sang Rama ingkang...
Lsp

Wonten ing pangibadah punika mboten wonten pisungsung. Déné menawi wonten ingkang badhé ngaturaken pisungsung, saged kalebetaken dhateng kothak ingkang sampun kacawisaken déning pradata.

- *Umat lenggah*

PANDONGA SYAFAAT

(kapimpin déning PS)

- *Umat jumeneng*

PANGUTUSAN:

PS: Pasamuwan ingkang kinasih, pancèn mboten gampil gesang wonten ing pamratobat, dipun betahaken sikep tumemen, pambudidaya sarana pandonga, punapa déné sih rahmatipun Allah ing saben wekdal wonten ing pakaryan padintenan tuwin pangabekti. Nanging pitados kémawon, sesarengan kaliyan Roh Mahaagung, Rohipun Gusti piyambak, temtu kita kasagedaken. Mila énggal kawiwitana, sapunika, mumpung Gusti karenan jumeneng dados titik wiwitan kanggé kita nindakaken pamratobat, ingkang tumuju dhateng kamenangani-Pun Sang Kristus.

KIDUNG PANGUTUSAN:

KPJ 125 LAMUN KULA MLAMPAH

1

Lamun kula mlampah nèng margining Allah,
kula sèstu ngraosken bingah.
Kula yakin èstu, Gusti nuntun tamtu
mring tyang kang pitados satuhu.
Mung sawiji kabegjan sejati,
nggih pitados mring Gusti wah manut lan bekti.

2

Yèn peteng ing manah, kabidhung ing sisah,
kula nilingken sabdeng Allah.
Uwas lan kuwatir wus tamtu sumingkir,
angger pasrah kang trusing manah.

PANGUTUSAN LAN BERKAH

PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah
ingkang lubèr sih-rahmat lan kasetyan.
Cariyosna lan neksenana katresnanipun Sang Kristus
tumrap jagad.
Nampenana berkahipun Gusti.

Berkah

- PS:** Pangéran Yéhuwah mberkahi panjenengan lan ngayomi panjenengan. Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan lan maringi sihirahmat. Pangéran Yéhuwah nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.
- U:** *(ngidungaken) Hosiana (5X), Amin (3x)*

gw/tk

Liturgi Minggu Pra Paska 1

6 Maret 2022

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

M: Majelis (Pnt/Dkn)

PL: Pelados Liturgi

U: Umat

L: Lèktor

**“Gesang Kedah
Kalajengaken”**

PACAWISAN

- Organis/pianis ngungelaken lelagon ingkang mbekta pasamuwan lumebet ing pangibadah
- Pamaosing pawartos pasamuwan.
- Panyumeding lilin

▪ *Umat Jumeneng*

TIMBALAN PANGIBADAH

M1: Para sadhèrèk ingkang kinasih, sumangga kita ngunjukaken panuwun ing bab gesang punika. Sanadyan bingah sisah silih gumanti, pait-manis gegentosan. Sanadyan krenteging manah minggah mandhap, gesang tetep kalajengaken, Gusti nimbali kita ing pangibadah punika kanggé mangsulaken daya ngadhepi gesang. Sumangga kita ngluhurakaen Gusti kanthi memuji:

KPJ 20 PANGÉLAN MAMULYA

1

Pangéran Mamulya yogya kula puja;
dene agung kadarmannya kang sumrambah mring kula.
Datan wonten wicalannya, tan kendhat lumintunya.

Pangéran Mamulya yogya pinuja.

Pangéran Mamulya yogya pinuja.

2

Pangéran Mamulya yogya kula puja;

déné karsa maringaken Putranipun pribadya,

dinadosken Juruslamet miwah Pamarta kula

Pangéran Mamulya yogya pinuja. (2x)

VOTUM

PS: Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Gusti
ing kang nitahaken langit lan bumi.

U: Amin...amin...amin

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita
tuwin Gusti kita Yésus Kristus, wontena ing panjenengan
sadaya.

U: **Wonten ing panjenengan ugi.**

▪ *Umat Lenggah*

PAMBUKA

PL: Gesang kedah dipun tampèni lan dipun lampahi,
kadospundi pait lan getiripun, kita mboten kuwaos
nampik. Gesang kedah tinanggapan ing raos sokur karana
gesang punika peparingipun Gusti. Kita mboten badhé
pasrah karana Gusti Yésus sampun prajangi badhé tansah
nyarengi. Sumangga kita ngluhuraken Gusti kanthi kidung,

KPJ 87 NÈNG KASA NGUMANDHANG ASMA

1

Nèng kasa ngumandang asma sajuga,

kang anepangaken jagad lan swarga.

Datan wonten asma kados punika,

kang kwasa nyirnakken pangrèhing dosa.

Napa sami dèrèng wanuh,

Gusti Yésus Kristus yèku asmané?

2

Wus pantes asmané lan pakaryané.
Rawuhé ing donya wit gunging sihé,
nebus tiyang dosa, sinalib séda,
gya wungu nyawisken papan ing swarga.
Napa sami dèrêng wanuh,
Gusti Yésus Kristus yéku asmané?

PANGAKENING DOSA

PL: (maos Matius 22:37-40).

(Awit kita langkung asring nresnani dhiri kita piyambak
tinimbang Gusti Allah lan sesami, pramila sumangga kita
mratélakaken keduwunging manah lan pamratobat kita
ing ngarsanipun Gusti lan sesami)

U: Ngidungaken:

KPJ 63 TYANG NAJIS NDLARUNG ING DOSA

1

Tyang najis ndlarung ing dosa, tinampik mring swarga.
Allah tan sudi mirsani sabarang kang nistha.

Reff.:

Nyuwun suci, adhuh Gusti, nyuwun suci, nyuwun suci

2

Tyang najis datan tinampi ngarsané Hyang Widi.
Adhuh Gusti, mugi karsa mbirat dosa kula.

Reff.:

▪ *Umat Jumeneng*

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS: Nampenana pawartos sih-rahmat kados ingkang
sineksènan ing 1 Korinta 10: 13 “Kang padha kokalami iku
pacoban-pacoban kang lumrah, kang ora ngluwuhi
kakuwataning manungsa. Sabab Gusti Allah iku setya tuhu,
ora bakal négakake kowé kacoba ngluwihi saka ing
kakuwatanmu.”

U: Ngidungaken kidung:

KPJ 96 TYAS KITA DIMÈN SLAMANYA BUNGAH

1

Tyas kita dimèn slamanya bungah lan sukarena,
déné Sang Rama ing swarga nganggep putra mring kita.

Reff.:

Mara tansah abebungah saben dina antuk trang
Dalaning urip éndah apadhang, mara tansah dèn girang

2

Hyang Agung kang njangkung kita, angreksa ing panggoda.
Sih-rahmatnya kang anglipur, paring kuwat-santosa.

Reff.:

▪ *Umat Lenggah*

PALADOSAN PANGANDIKA

PS: (Pandonga Epiklése)

Waosan kapisan:

L1: Waosan kapisan kawaos saking **Pangandharing Toret**

26:1-11

Makaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita nanggapi pangandikanipun Gusti kanthi
sesautan manut ingkang sinerat ing **Mazmur 91:1-2,9-16**

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kawaos saking **Rum 10:8-13**

Makaten pangandikanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, kawaos saking **Lukas 4:1-13**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkag rahayu inggih punika ingkang sami mirengaken pangandikanipun Gusti lan nindakaken ing gesang padintenan. HOSIANA
U: **(Ngidung: HOSIANA)**

Khotbah

Wedkal ening

- *Umat Jumeneng*

Pangaken Pitados

M2: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sadaya wekdal, sumangga kita mratélakaken sahadat kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: **(Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)**

- *Umat Lenggah*

Pandongang Syafaat

PS: (Mimpin pandonga syafaat)

PISUNGSUNG

M3: Sumangga kita ngucap sokur dhumateng Gusti, ingkang tansah maringi pangajeng-ajeng dhateng kita supados kita kendel ing gesang punika, kados ing pangandikanipun ing 1 Babad 16: 29, “Padha nyaosna kamulyaning asmané marang Pangéran Yéhuwah, nggawaa pisungsung lan lumebua sowan marang ing ngarsané. Padha sujuda lan nyembaha marang Pangéran Yéhuwah kalawan ngrasuk kasucèn.”

U: (Ngidungaken: KPJ 416 SAPRAKARA KANG PANTES)

1

Saprakara kang pantes dèn upadi,
yè'ku Kratoning Allah Sang Rama.
Samubarang pinaringken tumuli,

angger sumuyud jroning pracaya

Reff.:

Kabèh mung nglaha, kabèh mung nglaha.

Sarwa kadonyan wus mesthi sirna.

Mung sihe' Allah kang langgeng slamanya.

Tyang kang ngayom wus mesthi raharja.

2

Drajad, kasugihan, wah kasenangan

Ginayuh kanthi margi utami.

Aywa lali kang aji lan sejati,

yeku setya wah nunggil lan Gusti.

Reff.:

- *Umat Jumeneng*

Pandongang pisungsung

M4: (Mimpin pandonga pisungsung)

Kidung Pangutusan

U: KPJ 417 SAURUTING LAKU

1

Sauruting laku kang dakalami,

Gusti tansah tindak ngrumiyini.

Mula kang dadi osik ing atiku,

"Gustiku sèstu setya tuhu!"

Reff.:

Salakuku Gusti datan négakken,

klayan setya dènira angreksa.

Ing wusanané, Gusti marengaken

aku ndhèrèk ing kamulyan swarga.

2

Ing nalika imanku wiwit goyah,

yèn tansah nyipati kang gumelar,

sanalika aku énggal gumrégah,

wit Gusti nora bakal nilar

Reff.:

Salakuku Gusti datan négakken,

klayan setya dènira angrekse.

Ing wusanané, Gusti marengaken

aku ndhèrèk ing kamulyan swarga.

PANGUTUSAN

PS: Para sadhèrèk ingkang kinasih, sami mengkera kanthi tentrem rahayu, katindakna gesang ing margining Gusti, punapa kemawon ingkang kalampahan. Nampenana berkahipun Gusti.

BERKAH

PS: Pangéran Yéhuwah mberkahi panjenengan lan ngayomi panjenengan. Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan lan maringi sih-rahmat. Pangéran Yéhuwah nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.

U: Ngidungaken:

KPJ 454 HALELUYA PUJI LAN PANUWUN

1

Haleluya puji lan panuwun,

kang sarta kaurmatan,

sinaosna mring kang Maha luhur,

wonten ing pasamuwan.

Sihé Rama mugi lumuntura

Dhuh Gusti, mugi melasi kula;

Roh Suci anunggila klayan kula sadaya.

[sss/tk]

Liturgi Minggu Pra Paska 2

13 Maret 2022

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

M: Majelis (Pnt/Dkn)

PL: Pelados Liturgi

U: Umat

L: Lèktor

**“Prasetyanipun
Allah
nyantosakaken
gesang
panjenengan”**

- Pandonga Konsistori
- Pamaosing Pawartos Pasamuwan
- Panyumeding Lilin
- Wekdal Ening

▪ *Umat Jumeneng*

TIMBALANING PANGIBADAH

PL: Pangéran Yéhuwah arep dakpuji ing salawasé; pepujian marang Panjenengané tetep ana ing cangkemku

U: **Marga saka Sang Yéhuwah nyawaku rumangsa mulya; wong kang lembah manah cikbèn padha krungu lan padha bungah**

PL: Payo padha ngluhuraké Sang Yéhuwah bareng karo aku, payo padha bebarengan nyuwuraké asmané!

U: **Aku wus ngupaya Pangéran Yéhuwah, banjur diparingi wangsulan, sarta diluwari saka sabarang kang marakaké girisku.**

PL: Padha mandenga marang Pangéran Yéhuwah, ulatmu mesthi bakal padha dibingaraké, sarta mesthi ora bakal padha kawirangan.

KIDUNG PAMUJI

KPJ 28 SUCI, SUCI, SUCI

1

Suci, suci, suci pinuji Hyang suci.
Allah Mahamulya kang jumeneng Raja.
suci, suci, suci pinundhi Hyang Widi
titah sadaya memuji samya

2

Suci, suci, suci, pujining pra suci
angumandhang sora ngebeki akasa.
Pra mlaékat sami sujud angabekti,
ngidung tan kendhat mring Kang Mengkurat.

VOTUM

Ps: Pangibadah Minggu Prapaska kaping kalih punika,
katindakaken kanthi pangaken, bilih pitulungan kita
pinangkanipun saking Gusti ingkang nitahaken langit lan
bumi sarta sadaya isènipun, ingkang sih-susetyanipun
tetep ing salami-laminipun.

U: **(ngidungaken) Amin, Amin, Amin**

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu lan katresnanipun Allah
Sang Rama, Sang Putra tuwin Sang Roh Suci wontena ing
panjenengan sadaya.

U: **Wonten ing panjenengan ugi.**

▪ *Umat Lenggah*

Pambuka.

PL: Prasetyan kawilujengan ingkang kaparingaken kanggé
manungsa sampun kababar wonten ing rawuhipun Gusti
Yésus Kristus ing jagad punika. Sédanipun dados
pangurbanan kanggé jagad, supados jagad nampèni
kawilujengan. Gusti mboten badhé nilar prasetyanipun.
Panjenenganipun tansah nyarengi lampahing gesangipun
umat. Sumangga kita ananggapi prastyanipun Gusti

wonten ing gesang padintenan kanthi ngajeng-ajeng
dhumateng Panjenenganipun, lan sami asuka-bingah.

KPJ 95 TANSAH DAKRANGKUL SALIBÉ

1

Tansah dak rangkul salibé Gusti kang agung tresnané
sarta dhangsan dakungsèni, dakrangkul salibé.

Reff.:

Dakrangkul salibé, dakrangkul salibé,
yéku margining sih rahmat, dakrangkul salibé.

2

Yèn aku kabidhung susah, ing ati rasané lesah.
mesthi malih dadi bungah, yèn ngrangkul salibé.

Reff.:

3

Ing sajroning karubedan sarta yèn nyangga momotan,
Gusti kang paring karosan; dakrangkul salibé.

Reff.:

Litani Pangakening Dosa.

PS: Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, sumangga
kita ngasoraken dhiri kita ing sawetahipun wonten ing
pandonga pangakening dosa. Sumangga kita aturaken
raos keduwunging manah dan dosa kita kanthi
ngunjukaken kidung “Saèstu Keduwung”. Kidung punika
dados pandonga kita dhumateng Gusti Allah ingkang
mbabar lan netepi prasetyani-Pun. Ing sisih sanès
kadhangkala kita mangu-mangu dhateng prasetyanipun
Allah. (*iringan lirih*)

KPJ 61 SAÈSTU KEDUWUNG

1

Saèstu keduwung kula, déné kirang setya.
Kadhawuhan kinèn tresna dhateng Allah wah sesami,
nging tan ana bukti, Aduh Gusti, nyuwun suci

2

Saèstu keduwung kula, dé gesang mung nglaha.
Kèlu pangwasaning dosa, mung nguja sengseming driya,
lampah tan prayogi. Adhuh Gusti, nyuwun suci.

- *Umat Jumeneng*

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PL: Ing salebeting katresnan, kita nampèni sih-pangapunten saking Gusti Yésus ingkang sinerat wonten ing 2 Petrus 3:9, “Pangéran ora mblénjani janjiné, sanadyan ana sawènèhing wong kang ngarani mblénjani, nanging Panjenengané nyabari kowé, sabab karsané aja nganti ana wong kang nemu bilai, nanging supaya kabèh wong padha bali sarta mratobat.”

Makaten pawartos sih rahmat saking Gusti Yésus Kristus. Tentrem rahayu tumrap panjenengan sadaya..

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah ingkang sampun paring pangapunten. Tentrem rahayu tumrap panjenengan ugi.**

KPKL 47 Masmur 146

1

Dhuh nyawaku asumyaka, panggunggungmu mring Allah
Sajegku dakluhuraké, klawan ati kang bungah
Slawasé sinung umur, dak puji klawan masmur
Dak puji klawan masmur.

2

Aja ngandelaké raja, kaanané mung lebu
Dhatan kwasa mitulungi, miwah paring rahayu
Lamun apegat nyawa, dyan lebur saciptanya
Dyan lebur saciptanya.

- *Umat Lenggah*

PALADOSAN WEDHARING SABDA

Pandongga epiklése

(PS mimpin pandonga sepiklése)

Pamaosing Kitab Suci.

Waosan 1:

L1: Waosan sapisan kita waos saking Purwaning Dumadi 15:1-18.
Makaten sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Tanggapan:

L2 : Mazmur Tanggapan ing dinten punika kita waos saking
Mazmur 27 (saged kawaos utawi kakidungaken)

Waosan 2:

L3: Waosan kaping kalih, kawaos saking Filipi 3:17 - 4:1
Makaten pangandikanipun Gusti

U : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Injil:

PS : Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus, kawaos saking
Lukas 13:31-35.

Makaten pangandikanipun Gusti, ingkang rahayu inggih punika
ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan
ngèstokaken. Hosiana!

U: *(Ngidungaken: Hosiana, Hosiana, Hosiana)*

KHOTBAH

**“Prasetyanipun Allah Nyantosakaken Gesang
Panjenengan”**

WEKDAL ENING

- *Umat Jumeneng*

PANGAKEN PITADOS

MJ: Sesarengan umatipun Gusti Allah ing sadaya wekdal, sumangga kita mratélakaken sahadat kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: *(Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)*

- *Umat Lenggah*

PANDONGA SYAFAAT

- *Umat Lenggah*

PALADOSAN PISUNGSUNG

MJ: Sumangga ngaturaken pisungsung kagem Gusti. Pisungsung ingkang kita kempalaken saged kareksa déning Pradataning Pasamuwan kanggé paladosan pakaryanipun Allah ing jagad punika. Sumangga pisungsung punika tinalesan ing pangandika ingkang sinerat ing Rum 12: 1, *“Kang iku para sadulur, marga saka sih-kamirahané Gusti Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi keparengé Gusti Allah: yaiku pangibadahmu kang sajati.”*

KPJ 165 KONJUK MRING KANG MAHAAGUNG VERSI 1

1

Konjuk mring Kang Mahaagung, kula saos pisungsung;
Cihnaning bingahing manah, wit berkahing Allah;
sumengka wah sinengkera, lan temen rineksa,
dadya srana munpangati, mrih kamulyaning Gusti.

2

Konjuk Allah Kang Maluhur kawula saos sokur,
Kebabaring raos urmat wit tansah rinimat,
Dalah gesang kula mugi kagem déning Gusti,
Dadya lantaraning berkah tumraha mring tyang kathah.

- *Umat Jumeneng*

MJ: (*Mimpin pandonga pisungsung*)

PANGUTUSAN

KPJ 334 AJA SUMELANG

VERSI 1

1

Aja sumelang bab uripmu, ywa uwas ing kalbu
Yèn pepeteng nglimputi ati, ngayoma mring Gusti.
Reff.:

Allah yèku Rama, ngreksa sira salaminya.
Pasrah sumaraha, mrih tentrem raharja.

2

Lamun tininggal sanak - kadang, ywa semplah ing driya.
Yèn kamuktèn, kamulyan ilang, mantepa pracaya.

Reff.:
Allah yèku Rama, ngreksa sira salaminya.
Pasrah sumaraha, mrih tentrem raharja.

PS: Para sadhèrèk ingkang kinasihan déning Gusti Yésus,
ngregema prasetyan pangajeng-ajeng ingkang kababar
dening Gusti Yésus ing salampah gesang kita. Eterna
manah panjenengan dhumateng Gusti.

U: Kawula nggeneraken manah kawula dhumateng Gusti.

PS: Dados seksinipun Sang Kristus ing gesang padintenan.

U: Puji sokur konjuk Gusti.

PS: Pinujia Gusti, Sumbering Gesang.

U: Sapunika dumugi ing salaminipun.

BERKAH

PS: Eneraken manah panjenengan dhumateng Gusti lan
nampenana berkahipun:

Déné Gusti Allah sumbering sakèhé sih-rahmat, kang wis
nimbali kowé kabèh ana ing Sang Kristus marang
kamulyané kang langgeng, bakal nyampurnakaké,
neguhaké, nyantosakaké sarta ngukuhaké kowé, sawisé

kowé padha nandhang sangsara sawatara mangsa. Iya Panjenengané iku kang kagungan panguwaos langgeng salawas-lawasé. Amin.

U: (Ngidungaken) HOSIANA (5x) AMIN (3x)

shm/tk

Liturgi Minggu Pra Paska 3

20 Maret 2022

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

M: Majelis (Pnt/Dkn)

PL: Pelados Liturgi

U: Umat

L: Lèktor

**“Nggegesang Wiji
Sawi”**

Pacawisan.

- Wekdal ening, pandonga pribadi
- Pamaosing pawarta pasamuwan lan katrangan liturgi
- Panyumeding Lilin

- *Umat Jumeneng*

TIMBALAN PANGIBADAH

PL: Sumangga kanthi andhap asor kita sowan dhumateng
Gusti. Panjenenganipun nimbali kita lumebet ing Dalemi-
Pun

U: **Ngidungaken:**

KPKL 116 Gusti Allah Kang Kagungan Puji

1

Puji mring Allah, Pangéran Kang maha wisésa
Mara jiwaku abareng lan bala ing swarga
Muji ramé, unèkna gong lan bendhé
Drapon wong nglumpuk nglembana

2

Puji mring Allah Kang mulya lan adil pangrèhé
Anjangkung sira Lir manuk beri mring anaké
Kang maringi sing nyata mupangati
Puji Gusti salawasé

VOTUM LAN SALAM

PF: Pangibadah punika katindakaken wonten ing asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci.

U: (Ngidungaken) **Amin, Amin, Amin**

PF: Gusti nunggila ing panjenengan

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

- *Umat Lenggah*

PANGAKENING DOSA

PL: Kita sampun ngudi gesang salebeting katresnan. Nanging, wonten ing ngarsanipun Gusti Allah, kita prelu tinarbuka bilih kadagingan kita asring linangkung kiyat katimbang adrenging karohanèn kita. Asring tanpa sadhar, kita nyingkur saking salibipun Sang Kristus. Kita gumunggung ingatasipun dhiri kita piyambak, tumrapping kasugihan, kasagedan, panguwaos, pakurmatan, kawontenan mapan sacara kadonyan lan samukawis ingkang kita darbèni. Mbok menawi mboten ajeg... nanging kadhangkala kita kesupèn bilih sadaya punika peparangipun Gusti. Kita mboten kepareng gumunggung. Kita kedah mandeng salibipun Sang Kristus. Salibing Ratu kita ingkang sampun séda tumrapping jagad.

U: **Ngidungaken:**

KPJ 348 PASAMUWAN KAN NYAWIJI

1

Pasamuwan kang nyawiji, netepi sabdaning Gusti, dadya paseksi sanyata, Yesus yéku Sang Pamarta. Sih rahmating Allah tumrah maring sagunging tumitah. Saliring tyang kang pracaya, basuki gesang ira.

3

Peparang kang béda-béda dadya pisungsung kang adya, mrih kamulyaning Pangeran; wah majenging pasamuwan. Sinangkul kang karepotan, nyingkir mring pasulayan mrih tuwuhing kamursidan, nggayuh mring kasampurnan.

- *Umat Jumeneng*

PL: Sadaya tiyang ingkang sowan ing ngarsanipun Gusti wekdal punika, katimbangan dundum katresnan satunggal dhateng satunggalipun. Gusti Yésus ngendika, “Dudu kowé kang padha milih Aku, nanging Aku kang milih kowé. Sarta Aku wus netepaké, supaya kowé padha lunga lan metokaké woh lan wohmu iku lestaria, dimèn kowé padha kajurungana apa kang koksuwun marang Sang Rama atas saka jenengKu. Iki pepakonKu marang kowé: Padha tresna-tinresnanana.” (Yokanan 15: 16-17).

(Umat jumeneng lan samidéné ngucapaken salam karajayon kanthi namaste)

Kidung Pamuji: KPJ 209 TIYANG KANG PRACAYA

1

Tiyang kang pracaya mring Gusti tan was sumelang ing ati.
Tatag tanggon nglawan panggodha
awit Gusti kepareng ngrekta.

Reff.:

Amung ana telung prakara kang utama ing urip kita:
pracaya, panganti-anti, dalasan katresnan.

Amung ana telung prakara kang utama ing urip kita:
pracaya, panganti-anti; dé kang pinunjul yeku
katresnan.

2

Panganti sumbering kakwatan, nyirnakken uwas lan wedi.
sumingkir salir karuwetan lamun Gusti kang dipun anti.

Reff.:

- *Umat Lenggah*

PALADOSAN WEDHARING SABDA

Pandongga Epiklése

(PS mimpin pandonga)

Pamaosing Kitab Suci:

Waosan sapisan:

- L: (Maos Yésaya 55: 1-9)
Makaten pangandikanipun Gusti
U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Antawising Waosan:

- L: (maos Mazmur 63: 1-8 kanthi sesautan)

Waosan kaping kalih:

- L: (maos 1 Korinta 10: 1-13)
Makaten sabdanipun Gusti.
U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Waosan Injil:

- PS: Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus, kawaos saking
Lukas 13: 1-19.
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu
inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun
Gusti lan dipun èstokaken. Hosiana!
U: (ngidungaken) **Hosiana, Hosiana, Hosiana!**

**Khotbah: “Nggegesang Wiji Sawi”
Wekdal ening.**

- *Umat Jumeneng*

Pangaken Pitados Rasuli.

- M: Kanthi semangat tuwuh ngrembaka kadosdéné wiji sawi,
sumangga kita mratélakaken pangkening pitados kita
sarana ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

- *Umat Lenggah*

Pandong Syafaat

(Kapimpin dening PS)

Pisungsung

M: Sumangga kita ngunjukaken panuwun lan mahargya katresnanipun Gusti Allah. Kanthi ngaturaken pisungsung kita. Pangandikanipun Gusti minangka tetales saking Mazmur 52: 11, “Kawula badhé ngunjukaken pamuji sokur wonten ing ngarsa Paduka ing salami-laminipun, margi saking pangrèh Paduka; awit asma Paduka punika saé, mila badhé kawula suwuraken wonten ing ngajengipun para kekasih Paduka!

Kidung Pamuji Pisungsung: KPKL 146 Asmaning Gusti Kula

1

Nèng kasa ngumandhang satunggal Asma
Kang anepangaken jagad lan swarga
Tan wonten prayogi kados punika
Lan nyarasken manah trenyuh sadaya
Napa ndika dèrèng weruh
Sinambat wewangi sinten Asmané?

2

Wus pantes Asmané kagem Pyambaké
Kang rawuh ing donya, wit gunging sihé
Dhateng tiyang dosa, wah malih séda
Dé kagungan karsa ngluwari kula
Napa ndika dèrèng weruh
Sinambat wewangi sinten Asmané?

▪ *Umat Jumeneng*

*(M mimpin pandonga pisungsung kapungkasan Donga
Rama Kawula)*

Pangutusan lan Berkah.

PS: Pasamuwan ingkang kinasih, sami mengker lan nindakna pangandikanipun Gusti.

U: ***Kawula badhé nindakaken pangandikanipun Gusti.***

PS: Nindakna ing gesang padintenan, ing pundia kémawon,
ing sadhéngah wekdal lan dhateng sesami.

Nampènana berkahipun Gusti:

“Sih Rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Yésus
Kristus, sihipun Allah Sang Rama, miwah putunggilanipun
Sang Roh Suci, wontena ing panjenengan sadaya.” Amin.

Kidung pungkasan: KPKL 98 Pamuji Bakda Winulang

1

Alleluyah, puji lan panuwun
Kang sarta kaurmatan
Sinaosna mring Kang Mahaluhur
Wonten ing pasamuwan
Sihé Rama mugi lumuntura
Dhuh Gusti mugi melasi kula
Roh Suci anunggila
Klayan kula sadaya

(.../TK)

Liturgi Minggu Pra Paska 4

27 Maret 2022

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

M: Majelis (Pnt/Dkn)

PL: Pelados Liturgi

U: Umat

L: Lèktor

**“Gesang ing
Pangrangkulaning
Katresnanipun
Allah”**

PERSIAPAN

- Organis/pianis ngungelaken lelagon kanggé mbiyantu pasamuwan ngraosaken lumebet ing pangibadah
 - Wekdal ening minangka pacawisan pribadi
 - Pamaosing pawartos pasamuwan
 - Panyumeding lilin
- *Umat Jumeneng*

TIMBALAN PANGIBADAH

M1: Iba éndah ipun dinten punika, Gusti nimbali kita tetunggilan, memuji Gusti sesarengan. Dinten-dinten ngkang kita pengkeraken kadhangkala damel sayah nanging inggih ngremenaken. Sayektinipun kita pantes ngunjukaken panuwun dhumateng Gusti, ngluhuraken asmani-Pun kanthi pamuji kidung:

KPJ 28 SUCI, SUCI, SUCI

1

Suci, suci, suci pinuji Hyang suci.
Allah Mahamulya kang jumeneng Raja.
suci, suci, suci pinundhi Hyang Widi
titah sadaya memuji samnya

2

Suci, suci, suci, pujining pra suci
angumandhang sora ngèbeki akasa.
Pra mlaékat sami sujud angabekti,
ngidung tan kendhat mring Kang Mengkurat

VOTUM

PS: Kita lumebet ing pangibadah punika kanthi pangaken:
Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Gusti
ing kang nitahaken langit, bumi lan sadaya isinipun,
ing kang tansah setya netepi prasetyaning kawilujengani-
Pun, ing kang sampun kababar tumrap kita.

U: (Ngidungaken: Amin, amin, amin).

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita,
lan saking Gusti Yesus Kristus, wontena ing panjenengan
sadaya.

U: Wontena ing panjenengan ugi.

▪ *Umat Lenggah*

PAMBUKA

PL: Gesang wonten ing katresnanipun Allah punika
kanugrahan ageng, ing kang kita darbeni. Gusti Allah
piyambak ing kang kagungan karsa ndandosi sesambetan
antawis kita lan Panjenenganipun. Sampun samesthinipun
gesang kita mboten atetales malih wonten ing pangretosan
lan hardaning kanepsunipun manungsa. Gesang ing kang
leres inggih punika ngéwah i kanthi tuntunanipun Gusti.
Gesang kadosdéné ing kang katindakaken dening Gusti
Yesus nalika sugengipun wonten ing jagad. Sumangga kita
eneraken iman kapitadosan kita dhumateng
Panjenenganipun, Sang Sumbering Gesang.

U: (Ngidungaken: KPJ 186 URIP KANG SMESTHINÉ)

1

Urip kang samesthiné , lamun tansah ngucap sukur,
Neng ngarsané Sang Kristus, tan pantes takabur.
Jroning susah lan bungah sadhéngah kaanan,
Aku angidung memuji sukur, yeku karsa-Nya!

2

Nadyan prahara nempuh sarta ombak anyempyuh,
aku trus muji sukur, konjuk mring Gustiku.

3

Kanggo apa uripmu, lamun tanpa ngucap sukur?
Kristus dadya Panebus, pasrah kanthi tulus.

PANGAKENING DOSA

PS: Sumangga kita ngakeni dosa ing ngarsanipun Gusti Allah:
Wekdal ening...

Dhuh Gusti, kawula sesarengan ngasoraken dhiri kawula ing ngarsa Paduka. Kawula ngakeni sadaya kalepyan kawula, karingkihan kawula, asoring kawula, sadhéngah pandamel ingkang mboten pantes dipun tindakaken, dipun pikiraken lan kaucapaken. Sadaya ingkang mboten karenan ing panggalih Paduka, kawula bekta ing ngarsa Paduka kanthi keduwung lan nyuwun sih-piwelas Paduka. Paduka karsa paring pangapunten tumrap dosa-dosa kawula. Paduka karsaa nyucèkaken manah kawula lan kadadosna kawula pantes dados para putra Paduka. Sampun ngantos dosa-dosa kawula punika dados pepalang tumrapping pandonga lan berah Paduka, ananging Paduka karsa paring pangapunten miturut sih-susetya Paduka ingkang ageng. Amin.

U: (Ngidungaken:

KPJ 63 TYANG NAJIS NDLARUNG ING DOSA

1

Tyang najis ndlarung ing dosa,
tinampik mring swarga.

Allah tan sudi mirsani
sabarang kang nistha.
Nyuwun suci, adhuh Gusti,
nyuwun suci, nyuwun suci

2

Tyang najis datan tinampi ngarsané Hyang Widi.
Adhuh Gusti, mugi karsa mbirat dosa kula.

3

Tyang najis ndlarung ing dosa, pinagas ing sihnya.
Dé kang yekti asung bekti, tinunggil ing Gusti.

- *Umat Jumeneng*

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS: Sih-rahmatipun Gusti paring pangapunten kaparingaken kanggé kita kados ingkang sinerat ing Efesus 1: 7-8, “Sabab iya ana ing Panjenengané marga saka rahé, kita kaparingan tetebusan, yaiku pangapuraning dosa, manut gunging sih-rahmaté, kang wus diluberaké marang kita kalawan sagunging kawicaksanan lan pangreten.”
Makaten pawarta sih-rahmat saking Gusti.

U: Puji sokur kunjuk Gusti.

Ngunjukaken pamuji: KPJ 416 SAPRAKARA KANG PANTES

1

Saprakara kang pantes den upadi,
yèku Kratoning Allah Sang Rama.
Samubarang pinaringken tumuli,
angger sumuyud jroning pracaya
Reff.:

Kabèh mung nglaha, kabèh mung nglaha.
Sarwa kadonyan wus mesthi sirna.
Mung sihé Allah kang langgeng slamanya.
Tyang kang ngayom wus mesthi raharja

2

Drajad, kasugihan, wah kasenangan
Ginayuh kanthi margi utami.

Aywa lali kang aji lan sejati,
yèku setya wah nunggil lan Gusti.

Reff.:

- *Umat lenggah*

PALADOSAN WEDHARING SABDA

PS: (Mimpin pandonga epiklese)

Waosan sapisan:

L: Waosan sapisan kawaos saking **Yusak 5: 9-12**
Makaten pangandikanipun Gusti

U: **Puji sokur kunjuk Gusti.**

Tanggapan:

L2: Sumangga kita ananggapi pangandikanipun Gusti wau
kanthi sesautan maos **Mazmur 32.**

Waosan kaping kalih:

L3: Waosan kaping kalih kawaos saking **2 Korinta 5: 16-21.**
Makaten sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur kunjuk Gusti.**

Pamaosing Injil:

PS: Waosan Injil kawaos saking **Lukas 15:1-3, 11-32**
Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken
pangandikanipun Gusti lan dipun estokaken. Hosiana.

U: **(Ngidungaken: Hosiana)**

Khotbah

Wekdal ening

Pangakening Pitados

PS: Sesarengan kaliyan pasamuwanipun Gusti Allah ing
sadaya wekdal, sumangga kita mratélakaken lan
nandhesaken malih punapa ingkang kita pitados sarana
ngucapaken sahadat Pangaken Pitados Rasuli.

Pandonga Syafaat

PS: (Mimpin pandonga syafaat)

Pisungsung:

M3: Sumangga kita ngaturaken pisungsung lan ngènetana dhateng pangandikanipun Gusti ing 1 Babad 16: 29, “Padha nyaosna kamulyaning asmané marang Pangéran Yehuwah, nggawaa pisungsung lan lumebua sowan marang ing ngarsané . Padha sujuda lan nyembaha marang Pangéran Yehuwah kalawan ngrasuk kasucèn.”

U: (Memuji ngrepekaken kidung:

KPJ 373 APA KOWE BISA NGETUNG

1

Apa kowé bisa ngétung lintang kang nèng angkasa?
Mangkono uga mring mendhung dalah sakehing méga?
Kabeh iku nut pangrèhé Pangéran kang nitahaké,
ora ana siji baé kang uwal king astané.

2

Apa kowé wruh cacahé lemud - lemud ing njaba?
Apa kowé wruh wernané iwak jroning sagara?
Kabèh iku saben dina den ingoni Hyang Makwasa;
ora ana siji baé kang kliwatan takeré.

▪ *Umat Jumeneng*

Pandongang Pisungsung.

M3: (Mimpin pandonga pisungsung)

Kidung pangutusan

U: Ngidungaken kidung:

KPJ 95 TANSAH DAKRANGKUL SALIBÉ

1

Tansah dak rangkul salibé Gusti kang agung tresnané
sarta dhangsan dakungsèni, dakrangkul salibé.
Dakrangkul salibé, dakrangkul salibé,
yéku margining sih rahmat, dakrangkul salibé.

2

Yèn aku kabidhung susah, ing ati rasané lesah.
mesthi malih dadi bungah, yèn ngrangkul salibé.

PANGUTUSAN

PS: Para sadhèrèk ingkang kinasih, mengkera dhateng padintenan, gesang panjenengan kadadosna pangibadah ingkang sejati kanthi tansah ngeneraken manah dhumateng Gusti lan jagad ingkang dipun tresnani déning Panjenenganipun.

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti lan dhateng jagad ingkang dipun tresnani Gusti.**

PS: Dados seksnipun Sang Kristus ing sadaya pandamel.

U: **Puji sokur kinjuk Gusti.**

PS: Pinujia Gusti,

U: **Sapunika dumugi ing salaminipun.**

BERKAH

PS: Pangéran Yehuwa mberkahi panjenengan lan ngayomi panjenengan. Pangéran Yehuwa nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan lan maringi sih-rahmat. Pangéran Yehuwa nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.

U: (Ngidungaken:

KPJ 433 GUSTI MUGI NUNTUN KAWULA

1

Gusti mugi nuntun kawula
amrih tansah manut Paduka
Nadyan ribed gilir gumanti,
tamtu kula kedugi nyanggi.

[bsn/tk]



Liturgi Minggu Prapaska 5

3 April 2022

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

PL: Pelados Liturgi

U: Umat

L: Lèktor

**“Amargi
Katresnanipun
Gusti, Gesang
Kawula Anyar”**

- *Umat sami tidhem,
ngeningaken manah sacara pribadi.*
- *Arak-arakan Lilin*
- *Umat lenggah*

NGEMPAL

Timbalan Pangibadah

PL: Para sadhèrèk ingkang dipun kasihi Gusti, dinten punika kita lumebet ing Minggu Prapaska kaping gangsal. Lumantar Minggu Prapaska kaping gangsal punika, kita tinimbangan kanggé ngraosaken katresnan. Kadosdéne Gusti Allah nélakaken katresnan-Ipun ingkang tanpa winates, wonten ing katresnan kita ugi kaajak supados gesang saben dinten. Kanthi jumeneng, sumangga kita ngraosaken katresnan lumantar pangalembana.

- *Umat jumeneng.*

U: (*ngidungaken KPJ 92:1-2 “Sèstu Agung Sihé Gusti”*)
KPJ 92 SÈSTU AGUNG SIHÉ GUSTI

Do=G 3/4

- 1) Sèstu agung sihé Gusti mring titah sabumi.
Milujengaken tyang dosa, mrih manggih raharja.

- 2) Sih-rahmat sihé Pangéran mring tyang kang pracaya,
sèstu punika ganjaran dahat agungira.

Votum

PS: Pangibadah punika lumampah atas asmanipun Allah Sang
Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.

U: (*ngidungaken*) Amin, amin, amin

Salam

PS: Tentrem rahayunipun Gusti, nunggil panjenengan.

U: Samangké dumugi ing salami-laminipun.

- *Umat lenggah*

Atur Pambuka

PL: Para sadhèrèk ingkang dipun kasihi Gusti, wonten tiyang
ingkang takèn, “Kados punapa katresnanipun Gusti
punika?” Ing wekdal punika, sumangga kita ngraos-
raosaken katresnanipun Gusti lumantar reflèksinipun
“Sahabat Sion” awujud geguritan.

Katresnané Gusti

Katresnané Gusti nora bakal mati
Sanadyan kakubur bola-bali
Katresnané Gusti tetep katon asri
Sanadyan mendhung peteng wus nglimputi

Katresnané Gusti tetep gumebyar
Sanadyan raditya tan sumunar
Katresnané Gusti tetep seger
Sanadyan sakabèhé wus dadi aber

Katresnané Gusti tetep lestari
Sanadyan sakabèhé wus wiwit mari
Katresnané Gusti tetep nyartani

Sanadyan sakabèhé wus nglungani
Para sadhèrèk Punapa kita sampun ngalami katresnanipun
Gusti? Ing pandonga pangaken dosa, sumangga kita
ndedonga (*PL nuntun pandonga pangaken dosa*)

U: (*ngidungaken KPJ 62:1, 2 “Sihing Allah Kang Mahatresna”*)
KPJ 62. SIHING ALLAH KANG MAHATRESNA

Do=F 4/4

- 1) Sihing Allah Kang Maha tresna sung gesang nyata mring kula.
Yéku sih kang ngéram éramna mring kula tyang kebak dosa.
Mila kula tansah muji tan kendhat rinten lan ratri
- 2) Yèn Allah nganggep dosa kula wah lepat klèntuning lampah,
kawula nemahi antaka wit gesang mung awon tansah.
Nging Gusti lubèr sih-rahmat kula pepuji tan kendhat.

▪ *Umat jumeneng*

Pawartos Sih-rahmat

PL: “Apamanèh ing sajroné wujud manungsa iku Panjenengané wis ngasoraké sarirané lan sumuyud nganti séda, malah nganti séda ana ing kayu salib. Iya iku sababé Allah banget anggoné banjur ngluhuraké Panjenengané lan maringi asma marang Panjenengané ngungkuli sadhéngahing jeneng, supaya ana ing asmané Yésus, samubarang kang ana ing langit lan kang ana ing bumi lan kang ana ing sangisoré bumi, padha sujud” (Filipi 2: 8-10)
Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

Salam Katentreman

PL: Sumangga kita silih anampèni, silih angasihi, sarta silih ngapunteni, kanthi nélakaken salam katentreman.

- *Umat sami ngucapaken “Salam Katentreman” kanthi nindakaken Namaste utawi ngawé-awé.*

U: (*jumeneng, ngidungaken KPJ 68: 1, 5 “Allah Maasih”*)
KPJ 68. ALLAH MAASIH

Do=D $\frac{3}{4}$

1) Allah Ma' asih asung Putranya,
Allah Ma' asih mring manungsa.
Reff.: mila kula ngidung Allah Ma' asih,
Allah Ma' asih mring manungsa.

5) Kula sinungan tentrem-raharja,
kula sinungan pangaksama.
Reff.: mila kula ngidung Allah Ma' asih,
Allah Ma' asih mring manungsa.

▪ *Umat lenggah*

PALADOSAN SABDA

Pandonga nyuwun pitulunganipun Roh Suci

PS: (*ngonjukaken pandonga nyuwun pitulunganipun Roh Suci*)

Pamaosing Sabda

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking kitab **Yésaya 43: 16-21.**
(*sasampunipun Sabda kawaos*)

Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita nanggapi Sabdanipun Gusti punika kanthi
maos **Jabur Masmur 126.**

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **Filipi 3: 4-14.**
(*sasampunipun Sabda kawaos*)

Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil kapendhet saking Injilipun Gusti Yésus Kristus manut **Yohanes 12: 1-8.**

(*sasampunipun Injil kawos*)

Makaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus. Ingkang rahayu punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Allah lan ingkang nglampahi Sabdanipun Allah punika ing gesang padintenan. Hosiana!

U: (*ngidungaken Hosiana manut lagu KPJ 468*)

Hosiana, Hosiana, Hosiana.

Khotbah

Wekdal Ening

- *Umat jumeneng*

Pangakening Pitados

P/D: Sumangga kita sesarengan kaliyan umatipun Allah ing wekdal kapengker, samangké, sarta ingkang badhé dhateng, ngucapaken Pangakening Pitados Rasuli makaten

.....

- *Umat lenggah*

Pandong Syafaat

PS: (*nuntun pandonga syafaat*)

UMAT NGUNJUKAKEN PANUWUN

Pangatag-atag Pisungsung

P/D: “Pangéran Yéhuwah luhurna kalawan bandhamu lan srana kawitaning sakèhé pametumu; temah lumbungmu bakal dikebaki nganti lubèr, lan pamipitanmu lubèr angguré.” (Wulang Bebasan 3: 9-10)

U: (*ngidungaken KPJ 181: 1, 3 “Puji Sokur Konjuk Gusti”*)

KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka;
datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta.
Sokur paringing pakarya, nadyan badamba ringkih;
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.
- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan;
sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.
Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;
sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

▪ *Umat jumeneng*

Pandong Pisungsung

P/D: (*ngaturaken pandonga atur pisungsung*)

Kidung Pangutusan

U: (*ngidungaken KPJ 444: 1, 3 “Margi Sih Paduka”*)
KPJ 444. MARGI SIH PADUKA

Do=F 4/4

- 1) Margi sih Paduka, dhuh Gusti Pamarta,
tiyang dosa kaluwaran saking paukuman.
Reff. : Iba adinira, utusan Paduka,
kang ngundhangken wartos bingah,
sih rahmaté Allah.
- 3) Wit pangrèh Paduka, dhuh Gusti Pamarta,
tyang kang pitados mring Gusti sageda nyawiji
Reff. : Iba adinira, utusan Paduka,
kang ngundhangken wartos bingah,
sih rahmaté Allah.

PANGUTUSAN

PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah!

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti Allah.**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus!

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

PS: Pinujia Gusti Allah kita.

U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

BERKAH

PS: Tampènana berkahipun Gusti,

“Déné Allah sumbering sakèhé sih-rahmat, kang wis nimbali kowé kabèh ana ing Kristus marang kamulyané kang langgeng, bakal nyampurnakaké, neguhaké, nyantosakaké sarta ngukuhaké kowé, sawusé kowé padha nandhang sangsara sawatara mangsa. Iya Panjenengané iku kang kagungan pangwasa langgeng salawas-lawasé! Amin.”

U: *(ngidungaken)* **Hosiana (5X) Amin (3X)**

[lk-den]



Liturgi Minggu Prapaska 6

10 April 2022

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

PL: Pelados Liturgi

U: Umat

L: Lèktor

**“Setya
Ngadhepi
Kasangsaraning
Gesang”**

Cathetan:

- *Ing Minggu Pra Paska VI punika, korining dalem pamujan, nglebet dalem pamujan lan mimbar saged dipun rengga mawi ron-ron palem.*
- *Kanggé kaperluaning pangibadah Minggu Pra Paska VI punika, prayoginipun saben umat ngasta satunggal papah ron palem, utawi gréja nyawisaken papah ron palem kanggé sadaya umat.*
- *Papah ron palem ingkang kaginakaken ing pangibadah punika saged kaasta kondur déning umat.*

PACAWISAN

- *Pandonga pacawisan pangibadah.*
- *Umat tidhem sawetawis, ngeningaken manah sacara pribadi.*
- *Pamaosing pokok-pokok Pawartos Pasamuwan.*
- *Arak-arakan lilin Minggu Pra Paska VI.*

NGEMPAL

- *Umat Jumeneng.*
- PL: *Umatipun Gusti ingkang dipun tresnani saha nresnani Gusti, ing Minggu Pra Paska 6 punika, kita ngriyayakaken Pangibadah Minggu Palem. Riyaya punika badhé*

nyagedaken kita kanggé mèngeti sangsaranipun Sang Kristus.

U: *(diwasa lan adiyuswa)*

Kanthi mbekta ron palem, kita ngurmati Gusti ingkang rawuh. Kados rawhipun Gusti Yésus dhateng ing Yérusalèm, dipun pethukaken tiyang golongan kanthi kebak semangat.

U: *(para laré, kanéman, lan jejaka)*

Matius 21: 8 nélakaken “Wong golongan kang akèh cacahé iku padha njèrèng panganggoné ana ing dalan, ana manéh kang padha mecoki pang-panging wit-witan, padha disebar ana ing dalan.”

PL: Sumangga sami nampèni Panjenenganipun!

U: *(nglèbèt-nglèbètaken papah palem, sinambi asurak-surak)*

Hosana! "Binerkahana Sang Raja ingkang rawuh atas asmaning Pangéran, tentrem-rahayu wonten ing swarga, saha kamulyan wonten ing ngaluhur!" (Lukas 19: 38)

U: *(jumeneng sinambi ngidungaken KPJ 249: 1 “Abdining Sang Yéhuwah”)*

KPJ 249. ABDINING SANG YÉHUWAH

Do=D 6/4

- 1) Abdining Sang Yéhuwah, kang sumuyud mring Allah,
yéku sang Kristus Gusti, Putra sejati.
Ngurbanken sarira, krana tresnanya,
mrih manungsa raharja, mulya nèng swarga.

VOTUM LAN SALAM

PS: Pangibadah Minggu Pra Paska kaping enem punika lumampah ing asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.

U: *(ngidungaken Amin)*

3	5	5	.	2	5	5	.	4	3	2	1	2	.	3		3...
A	-	min,		a	-	min,		a	-	-						min
3	5	5	.	2	5	5	.	4	3	2	1	2	.	1		1...
A	-	min,		a	-	min,		a	-	-						min

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing panjenengan sadaya!

U: **Ugi nunggila ing panjenengan!**

▪ *Umat lenggah*

PAMBUKA

PL: Umat ingkang dipun kasihi Gusti, ing Minggu Pra Paska VI punika kita ngriyayakaken Minggu Palem. Kita ndhèrèk sesarengan ing arak-arakanipun Gusti Yésus, nalika Panjenenganipun lumebet dhateng Yérusalèm. Kita nyuraos lelampahanipun Gusti Yésus anggènipun badhé nandhang sangsara. Panjenenganipun ngrilakaken dhiri nindakaken sadaya punika kanggé milujengaken jagad. Panjenenganipun makarya kanthi nyata lan maringi tuladha dhateng kita kanthi cara tuhu-setya dhumateng karsanipun Gusti Allah.

U: *(ngidungaken KPJ 274: 1, 3 “Sinten Kang Sumarah”)*

KPJ 274. SINTEN KANG SUMARAH

Do=As 4/4

- 1) Sinten kang sumarah mring karsané Sang Rama
miwah wus pasrah sarira tumrap tyang sadaya,
pakaryannya linampahan priyangga?
Mung Sang Putra sinangsara temah séda.
Reff.: Yéku tresna kang sejati
wus binabar kalayan sampurna nèng salib suci
- 3) Dhuh cempéning Paskah, kang wus pinenthang séda,
kula ngaturaken puji mring Paduka, Gusti;

kang mbikak kori swarga lan tyas kula,
wonten katentreman kang dèn alami.

Reff.: Yéku tresna kang sejati

wus binabar kalayan sampurna nèng salib suci

PANDONGA PANGAKENING DOSA

PL: Kala-kala, sedyana lan tékad kita kanggé terus ndhèrèk
tuladhanipun Sang Kristus, kepambeng déning napsu
kadonyan ingkang angreridhu Paduka mugèni
ngapunteni kawula dhuh Gusti

U: (*ngidungaken KPJ 45: 1 “Anèng Ngarsané Gusti”*)

KPJ 45. ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

- 1) Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti.

PL: Sumangga wonten ing ngarsanipun Gusti Sang Panebus
yekti, kita lairaken ing salebeding manah kita, sadaya
karingkahan tuwin kacondhonganing gesang kita ingkang
dhumawah ing salebeding dosa.

U: (*ngakeni dosa sacara pribadi – kairingan ungeling
lelagon tanpa nyanyian / instrumentalia KPJ 45*)
*Sasampunipun wekdal ngakeni dosa sacara pribadi
karaosaken cekap, umat ngidungaken KPJ 45: 2 “Anèng
Ngarsané Gusti”*)

KPJ 45. ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

- 2) Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

U: (*diwasa lan adiyuswa*)

Duh Gusti, Paduka apunteni kawula menawi ing
salebeding ndhèrèk Paduka, ing pundi manah, panggraita,
gesang kawula kalindhih déning marupi-rupi prakawis
ingkang ndamel kawula ngadhepi kasangsaran, malah
ngantos ngremuk gesang.

U: (*ngidungaken KPJ 45: 3 “Anèng Ngarsané Gusti”*)

KPJ 45. ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

- 3) Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkih lan semplah.
Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.

U: (*para laré, kanéman, lan jejaka*)
Dhuh Gusti, Paduka wulang kawula supados saged gesang setya, kados ingkang Paduka tindakaken.

U: (*ngidungaken KPJ 45: 4 “Anèng Ngarsané Gusti”*)

KPJ 45. ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

- 4) Anéng ngarsané Gusti, rinasakna gunging sihnya.
Wah lubèring katresnannya, anèng ngarsané Gusti.

▪ *Umat jumeneng.*

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS: 'Iki tembung kang bener, "Menawa kita ndhèrèk Panjenengané ana ing sédané, kita iya ndhèrèk Panjenengané ana ing wunguné. Menawa kita tegen, kita iya bakal ndhèrèk ngerèh bareng karo Panjenengané. Menawa kita nyélaki Panjenengané, kita iya bakal disélaki Panjenengané. Menawa kita ora setya, Panjenengané tetep setya, awit Panjenengané ora bisa nyélaki sarirané piyambak.'" (2 Timotius 2: 11-13)
Makaten Pawartos Sih Rahmat saking Gusti!

U: **Puji sokur konjuk ing Allah!**

SALAM KATENTREMAN

PS: Sumangga kita tampèni pangapuntening dosa saking Gusti kanthi gesang silih angapunteni. Salam katentreman. Katentreman saking Gusti nunggila ing panjenengan!

▪ *Umat sami ngucapaken “Salam Katentreman” dhateng sesami warganing pasamuwan ing sakiwa tengenipun.*

U: (*jumeneng ngidungaken KPJ 78: “Iba Begjaku”*)

KPJ 78. IBA BEGJAKU

Do=D 9/8

Kakidungaken umat sadaya

- 1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.

Reff.: Aku memuji klayan rena,
 nggunggung asmané salamanya
 Aku memuji klayan rena,
 nggunggung asmané salamanya

Kakidungaken umat diwasa lan adiyuswa

- 2) Lamun pasrahku trusing kalbu, temah sampurna kabungahanku
Pra malaékat asung puji, samya ngundhangken sihing Gusti.

Kakidungaken umat sadaya

Reff.: Aku memuji klayan rena,
 nggunggung asmané salamanya
 Aku memuji klayan rena,
 nggunggung asmané salamanya

Kakidungaken umat para laré, kanéman, lan jejaka

- 3) Dak aturaké jiwa-raga, marang Gustiku atiku lega,
klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.

Kakidungaken umat sadaya

Reff.: Aku memuji klayan rena,
 nggunggung asmané salamanya
 Aku memuji klayan rena,
 nggunggung asmané salamanya

- *Umat lenggah*

PALADOSAN SABDA

Pandong a nyuwun pitulunganipun Roh Suci

PS: (*ngonjukaken pandonga nyuwun pitulunganipun Roh Suci*)

Pamaosing Sabda

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking kitab **Mazmur 118:1-2, 19-29** (Minggu Palem) utawi **Yésaya 50:4-9** (Minggu Sangsara) (*sasampunipun Sabda kawaos*) Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

Masmur Tanggapan

L2: (*maos Masmur Tanggapan saking **Jabur Masmur 31:9-16**, saged kawaos gentosan kaliyan umat*)

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **Filipi 2: 5-11**. (*sasampunipun Sabda kawaos*) Makaten Sabdanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil kapendhet saking Injilipun Gusti Yésus Kristus manut **Lukas 19:28-40** (Minggu Palem) utawi **Lukas 22:14-20, 39-45, 23:35-43** (Minggu Sangsara). (*sasampunipun Injil kawos*) Makaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus. Ingkang rahayu punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Allah lan ingkang nglampahi ing gesang padintenan. Hosiana!

U: (*ngidungaken Hosiana manut lagu KPJ 468*)
Hosiana, Hosiana, Hosiana.

Khotbah

Wekdal Ening

- *Umat jumeneng*

PANGAKEN PITADOS

P/D: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sadhéngah wekdal
lan papan, sumangga kita ngucapaken pangaken pitados
kita manut Pangaken Pitados Rasuli,

U: *(sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)*

- *Umat lenggah*

PANDONGA SYAFAAT

PS: *(ngonjukaken pandonga syafaat, kapungkasan kanthi
ngucap: **Ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus,
ingkang sampun memulang kawula ndedonga
Rama Kawula**)*

U: *(ngidungaken KPJ 152 “Rama Kawula Kang Wonten
Swarga”)*

KPJ 152 RAMA KAWULA KANG WONTEN ING SWARGA

Do=D 2/4 lan 4/4

Rama kawula kang wonten swarga,
ingkang Asma kasucèkna.
Kraton Paduka rawuh,
karsa Paduka klampah
ing bumi kadya anèng swarga.
Ing dinten sapunika
sinunga cekap rejeki;
kula kaapuntena,
kadya kula ugi ngapunteni tyang kalepatan;
sampun nandukken kula dhateng panggodha,
kalepasna kula saking piawon,
jer Gusti kang kagungan lan wisésa
sarta kamulyannya ngantos slami-laminya.
Amin, amin.

PISUNGSUNG

P/D: Sumangga kita ngucap sokur tumrapping kamirahanipun
Allah lumantar pisungsung ingkang kita kempalaken
sesarengan sinambi ngènget-ènget Sabdanipun Gusti ing

- Roma 11: 36 “Awitdéné samubarang kabèh iku saka Panjenengané, krana Panjenengané sarta kagem Panjenengané; kamulyan kagama Panjenengané salawas-lawasé!”
- U: (*ngidungaken KPJ 165: 1-3 “Konjuk Mring Kang Mahaagung”*)

KPJ 165 KONJUK MRING KANG MAHAAGUNG

Do=C 3/4

- 1) Konjuk mring Kang Maha agung, kula soas pisungsung;
cihnaning bingahing manah, wit berkahing Allah;
sumengka wah sinengkera, lan temen rineksa
dadya srana munpangati mrih kamulyaning Gusti.
- 2) Konjuk Allah Kang Maluhur kawula saos sokur,
kebabaring raos urmat wit tansah rinimat,
dalah gesang kula mugè kagem déning Gusti,
dadya lantaraning berkah tumraha mring tyang kathah
- 3) Konjuk ing ngarsaning Allah kawula sung panrimah,
tandha ajrih asih kula wit gung sih rahmat-Nya.
Mugi Gusti nggih karenan temah binerkahan,
dadya margi Kratoning Allah binabar nèng bumi

▪ *Umat jumeneng*

P/D: (*ngonjukaken pandonga caos pisungsung*)

PANGUTUSAN LAN BERKAH

Kidung Pangutusan

PS: Kanthi kebak ing pangajeng-ajeng, sumangga kita tabah
ngadhepi sangsaraning gesang. Tetep setya ing salebedipun
ngladosi Gusti, sarta gesang miturut Sabdanipun Allah.

- U: (*ngidungaken 428: 1, 2 “Bingaha, Sisaha, Gusti Kula Puji”*)

KPJ 428 BINGAHA, SISAHA, GUSTI KULA PUJI

Do=C 4/4

- 1) Bingaha, sisaha, Gusti kula puji,
kang mranata gesang kula.

Kula rinimatan klayan katresnan,
mila kula pasrah pangrèhnya.

Reff.:

Pasraha, pasraha,
ing sapangrèhé Kang Makwasa.

2) Sapinten awrating momotan kawula,
godha-rencana myang sisah.

yèn kawula énggal mulat Sang Putra,
manah kula ènthèng lan bingah.

Reff.:

Pasraha, pasraha,
ing sapangrèhé Kang Makwasa.

Pangutusan

PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti, lan
mandenga dhateng jagad punika!

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng
Gusti lan mandeng dhateng jagad punika.**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus!

U: **Kawula siyaga dados seksinipun Sang Kristus.**

PS: Pinujia Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.

U: **Ingkang mboten naté misahaken kawula saking
katresnanipun Gusti, samangké lan salami-
laminipun.**

Berkah

PS: Tampènana berkahipun Gusti!

“Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang
kowé, lan ngayomana kowé;

Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning
wadanané marang kowé, lan maringana sihrahmat;

Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané
marang kowé, lan maringana tentrem rahayu.”

U: *(ngidungaken KMM 199 “Hosana”)*

199. HOSANA

(KANON 4 SUARA)

do = g

4 ketuk

① $\frac{0}{0} \frac{1}{1} \mid \frac{C}{6} \frac{D}{7} \mid \frac{G}{1} \frac{0}{0} \frac{3}{3} \mid \frac{C}{2} \frac{D}{1} \frac{G}{2} \frac{3}{3}$
 Ho - sa - na, ho - sa - na

③ $\frac{0}{0} \frac{5}{5} \mid \frac{C}{6} \frac{D}{5} \mid \frac{G}{3} \frac{5}{5} \frac{5}{5} \mid \frac{C}{4} \frac{D}{3} \frac{G}{2} \frac{1}{1} \parallel$
 ing pa pan kang ma ha lu hur..

[rs-den]



Liturgi Kemis Pethak

14 April 2022

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

PL: Pelados Liturgi

U: Umat

L: Lèktor

**“Andhap-
asoring Manah
Kanggé Gesang”**

PACAWISAN

- *Wekdal ening / pandonga pribadi.*
- *Katerangan bab liturgi.*
- *Arak-arakan lilin (saged kajumbuhaken kaliyan pakulina-ning gréjanipun piyambak-piyambak)*

NGEMPAL

PL: Para sadhèrèk, kanthi andhap-asoring manah kita sowan ing ngarsanipun Gusti. Panjenenganipun nimbali kita sadaya, ingkang sumadya dumugi ing patunggilaning Sih-katresnanipun.

U: (ngidungaken KPJ 34: 1, 2 “Ulukna Pamuji”)

KPJ 34. ULUKNA PAMUJI

Do=F 2/4

- 1) Ulukna pamuji kanthi trusing ati,
hé titah, mring Gusti Allah
kang setya lan maha mirah;
wit sira rinoban berkah.
- 2) Saosa panuwun kanthi masmur kidung
hé sira, wong kang pracaya
mring Allah sumbering berkah;
wit sira sinung raharja.

- *Umat jumeneng*

VOTUM DAN SALAM

PS: Pangibadah punika lumampah ing asmanipun Sang Rama,
Sang Putra, lan Sang Roh Suci.

U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

PS: Gusti nyartani panjenengan!

U: **Lan nyartani panjenengan ugi!**

- *Umat lenggah*

PAMBUKA

PL: Para sadhèrèk, dinten punika kita lumebet ing *triduum paska* ingkang mujudaken dinten tiga ingkang wigatos ndungkap purnaning mangsa prapaska. Dalu punika kita ngempal kanggé ngènget-ènget Gusti Yésus ingkang andhap asor. Panjenenganipun karsa mijiki sukunipun para sakabat-Ipun, nampi saben tiyang sowan ing ngarsan-Ipun.

Para sadhèrèk, sumangga kita ndedonga. “Dhuh Gusti Yésus, Paduka mbabar katresnan dhateng sadaya tiyang. Katresnan Paduka mboten winates dhumateng sinten kémawon. Sadaya pinaringan papan ing panggalih Paduka. Ing dalem Paduka, cumawis pasugatan bujana kanggé sadaya tiyang. Tiyang-tiyang ingkang samekta nampèni pasugatan saking Paduka, kadhawuhan nikmati kanthi bingah. Wekdal punika kawula nyantosakaken dhiri supados saged nikmati uleman Paduka, ngraosaken kabingahan sesarengan Paduka, kalayan ngèngeti sih-katresnan Paduka. Matur nuwun dhuh Gusti, dhumateng Paduka kawula ndedonga. Amin”.

U: (*ngidungaken KPJ 59: 1, 3 “Pinujia Tansah Allah Mamirah”*)

KPJ 59. PINUJIA TANSAH ALLAH MAMIRAH

Do=F 3/4

- 1) Pinujia tansah Allah Mamirah,
kang gung tresna nira mring salir titah.
Tyang dosa duraka sinung apura,
tinebus sing pati temah basuki
Reff. : Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta !
Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.
Pasrah mring Allah srana pracaya
margining waluya tentrem raharja.

- 3) Pinuji tan kendhat Allah Murbèngrat,
kang nunggil wah ngreksa mring kagungannya.
Tyang bekti lan setya sinung nugraha,
gesang langgeng nyata néng kraton swarga.
Reff. : Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta !
Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.
Pasrah mring Allah srana pracaya
margining waluya tentrem raharja.

▪ *Umat jumeneng*

PL: Sadaya tiyang ingkang rawuh wekdal punika dipun timbali supados andum katresnan, tiyang satunggal kaliyan tiyang sanèsipun. Gusti Yésus ngandika:

“Dudu kowé kang padha milih Aku, nanging Aku kang milih kowé. Aku wis netepaké, supaya kowé padha lunga lan metokaké woh lan wohmu iku lestaria, sarana mangkono apa kang koksuwun marang Sang Rama atas saka jenengku, kajurungana déning Panjenengané marang kowé. Iki dhawuhku marang kowé: Padha tresna-tinresnanana.” (Yohanes 15: 16-17)

- *Umat sami ngucapaken “Katresnanipun Gusti nunggila ing panjenengan” kanthi nindakaken Namaste.*

U: (*ngidungaken KPJ 114: 1, 2 “Gusti, Sèstu Kula Tresna”*)
KPJ 114. GUSTI, SESTU KULA TRESNA

Do=D 4/4

- 1) Gusti, sèstu kula tresna dhumateng Paduka
Kula masrahken manah, badan, dalasan nyawa
Paduka kang agungsih, ingkang sampun menang;
Saèstu kula pasrah dhumateng Paduka.

Reff.: Kula tresna dhateng Gusti,
Wit Gusti sampun nresnani kawula.
Kula sestu tresna Gusti,
wit Gusti sampun nresnani kawula

- 2) Gusti anandhang sangsara, ngrembat dosa kula,
ngantos sinalib séda, karana gunging tresna.
Mila kawula pasrah klayan trus ing manah;
dhawuhnya kula pundhi, nresnani sesami.

Reff.: Kula tresna dhateng Gusti,
Wit Gusti sampun nresnani kawula.
Kula sestu tresna Gusti,
wit Gusti sampun nresnani kawula

- *Umat lenggah*

PALADOSAN SABDA

Pandonga nyuwun panuntunipun Roh Suci

PS: (*ngonjukaken pandonga nyuwun panuntunipun Roh Suci*)

Pamaosing Sabda

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking kitab **Pangentasan 12:1-14.**
(*sasampunipun Sabda kawaos*)

Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita nanggapi Sabdanipun Gusti punika kanthi maos **Jabur Masmur 116 :1-2, 12-19.** (*saged kawaos gentosan kaliyan umat*)

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **I Korintus 11:23-26.**
(*sasampunipun Sabda kawaos*)

Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil kapendhet saking Injilipun Gusti Yésus Kristus manut **Yohanes 13:1-17, 31-35.**
(*sasampunipun Injil kawos*)

Makaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus. Ingkang rahayu punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Allah lan ingkang nglampahi Sabdanipun Allah punika ing gesang padintenan. Hosiana!

U: (*ngidungaken Hosiana manut lagu KPJ 468*)

Hosiana, Hosiana, Hosiana.

Khotbah

Wekdal Ening

- *Umat lenggah*

RERUNTUTANING PATRAP MIJIKI

(menawi pasamuwan ngriki saged nindakaken)

PL: Dalu punika, kita sinau kanggé ngraosaken gesang andhap asor. Amargi Panjenenganipun rila ngasoraken dhiri kanggé ngladosi. Panjenenganipun mijiki sukunipun saben tiyang. Émuta, Panjenenganipun mulangaken dhateng kita supados kita silih mijiki suku, minangka pratandhaning katresnan ing antawisipun sadaya tiyang.

- *Menawi pangibadah katindakaken wonten ing dalemipun warganing pasamuwan piyambak-piyambak, mila patrapipun mijiki saged kawiwitan saking Bapa dhateng putra-putra, Bapa dhateng Ibu, Ibu dhateng putra-putra, Ibu dhateng Bapa, tumunten saking Putra-putra dhateng Bapa lan Ibu.*
- *Menawi pangibadah katindakaken ing gedhong gréja, ugi saged kawiwitan saking saben brayat.*
- *Samangsa patrap mijiki katindakaken, saged kakidungaken “Mengasihi, Mengasihi, Lebih Sungguh”*
- *Sasampunipun silih mijiki suku purna, Pelados Sabda (PS) ngonjukaken pandonga panyuwunan, supados semangat ngladosi lan ngasoraken dhiri tansah pinanggih ing gesangipun pasamuwan.*

BUJANA SUCI

Tumrap pasamuwan ingkang ngladosaken Bujana Suci, sumangga ngginakaken pratélan ingkang limrah kaginakaken ing Bujana Suci.

PISUNGSUNG

P/D: Puji sokur konjuk ing Allah awit saking lubering Sih-Ipun. Wekdal punika, kita ngriyayakaken katresnanipun Allah, kanthi ngaturaken pisungsung. Sabda ingkang nalesi pisungsung saking Masmur 52: 11,

“Kawula badhé ngonjukaken pamuji sokur wonten ing ngarsa Paduka ing salami-laminipun, margi saking pangrèh Paduka; awit asma Paduka punika saé, mila badhé kawula suwuraken wonten ing ngajengipun para kekasih Paduka!”

U: (ngidungaken KPJ 157: 1-3 “Caosna Pisungsungmu”)

KPJ 157 CAOSNA PISUNGSUNG MU

Do=F 2/4

- 1) Caosana pisungsungmu anèng pasamuwan klayan lilaning ati, klawan legawa.
Aturna pisungsungmu kanthi sukarena.

Reff.: Caosna pisungsummu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

- 2) Kamirahaning Gusti tanpa tandhingan
sarana samubarang saisining bumi,
jer sih-rahmating Gusti tansah binabar.

Reff.: Caosna pisungsummu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

- 3) Pisungsum kagem Gusti dadia sarana
amrih kratoning Allah énggal kelampah.
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring.

Reff.: Caosna pisungsummu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

- *Umat jumeneng.*

P/D: (*ngonjukaken pandonga pisungsum, kapungkasan
kanthi Donga Rama Kawula*)

PANGUTUSAN LAN BERKAH

PS: Para sadhèrèk ingkang kinasih, mengkera lan tindakna
Sabdanipun Gusti.

U: **Kawula badhé nindakaken Sabdanipun Gusti.**

PS: Katindakna ing gesang padintenan, ing pundia papan, ing
sadhéngaha wekdal, lan dhateng sadaya tiyang. Samangké,
tampènana berkahipun Gusti,

“Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saking Allah, Rama
kita, lan saking Gusti Yésus Kristus tuwin
patunggilanipun Roh Suci, wontena ing panjenengan
sadaya!”

Amin.

U: (*ngidungaken KPJ 452: 1 “Tékading Manah Kawula”*)

KPJ 452. TÉKADING MANAH KULA

Do=D 4/4

- 1) Tékadang manah kawula tansah ndhèrèk mring Gusti
yéku Panutan sanyata nggih Panebus sejati
Reff.: Margining salib ingambah
mbangun turut mring Allah
mbabarken tresna sejati
mrih jagad tentrem basuki.

[bsk-den]



Liturgi Jumuwah Adi

15 April 2022

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

PL: Pelados Liturgi

U: Umat

L: Lèktor

**“Sédanipun
Gusti Yésus
Nggesangaken
lan
Ngrukunaken”**

Liturgi Jumuwah Adi punika awatak mbanyu mili, kanthi andharan cariyos ingkang nggandhèngaken péranganing liturgi kapethik saking geguritan anggitanipun Frater Yudel Fon Neno kanthi jejer JALAN SALIB. Papan pangibadah saged dipun rengga-rengga kalayan seratan tigang pangandikanipun Gusti Yésus ing kajeng salib kados ingkang kaserat ing Injil Yohanes 19.

PACAWISAN NGIBADAH

PL: Gemuruhing samirana krocalan bangga, mbeburu ron-ronan ijem

Tuwan-tuwan ambeg siya kang prakosa, pangling dhateng dhirinipun

Saranduning badan kekuthah rah

Ing pasimpanganing pilihan kang ngéwuhaken punika, kawula punika mboten pantes

Dhuh Gusti,

Sinten ta ingkang sampun mancahi Paduka

Sinten ta ingkang sampun nyupèkaken Paduka

Dhuh Gusti,

Kawula punika titah ingkang pasrah dhiri; Kawula, titah
ingkang nandhang kanisthan
Ing ngarsa Paduka, kawula sujud jèngkèng kebak
tètèsaning waspa

- Arak-arakan Lilin.
- Lonceng 7 x.
- Umat jumeneng.

PEPUJÈNIPUN UMAT

U: (ngidungaken 270: 1-3 “Sang Kristus Sinangsara”)

KPJ 270. SANG KRISTUS SINANGSARA

Do=C 4/4

- 1) Sang Kristus sinangsara sianandhangan wirang
Ri kinarya makutha, pinoyok tyang kathah.
Rinangkèt lir durjana, cinampah siniya.
Dhuh Allah, punapaa tan ngéman kang Putra?
- 2) Wit aku uga Gusti ginitik winirang.
Ngagem makutha eri lan singep poyokan.
Wit aku gawé dosa, tinaton sliranya.
Sinungkawan ing driya lir tinggalan nistha.
- 3) Dhuh Yésus kang ingajap pra luhur wit kina.
Mugi kula sadaya émuta slaminya.
Sangsara lan kwirangan ageman Paduka,
nyawisi kedrajan kula tiyang nistha.

VOTUM

PS: Pangibadah Jumuwah Adi dinten punika kita talesi kanthi
pangaken:

Pitulungan kita punika wonten ing Allah ingkang
nitahaken langit, bumi, lan sadaya isinipun, sarta ingkang
setya netepi Prajanjin-Ipun.

U: **Amin!**

SALAM

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing para sadhèrèk sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi!**

- *Umat lenggah*

ATUR PAMBUKA

PL: Dhuh Gusti,

Sinten ta manungsa punika, ngantos Paduka titahaken?
Saranduning sarira Paduka, kebak bilur-biluring nistha.

Mentalanipun manungsa, makantar-kantar pangling
dhateng dhiri pribadi
Golgota dados seksi bisu
sumiliring samirana adhapur wisa
rumasuk ing kalbu, ngracuni raos
ciprataning rah, pratandhaning nglawan sukma

Dhuh Gusti, ngiket tangsuling trumpsah Paduka kémawon,
kawula mboten pantes
Mandeng pucaking Kalvari
datan wonten pitakèn, datan wonten èseman.

PANGAKENING DOSA

PS: Sumangga kita ngonjukaken pandonga pangakening dosa kita ...

Dhuh Rama, ing salebeting kagiyatan ajeg padintenan ingkang kawula lampahi, asring kawula kesupèn kanggé ngunderaken gesang kawula dhumateng Paduka. Gampil sanget tumrap kawula kagodha déning pepénginaning daging kawula piyambak. Ngantos underaning gesang kawula mingsed dhateng bab-bab ingkang manut kawula punika wigatos. Ananging ingkang asring kelampahan inggih punika, nalika kawula nuruti pepénginaning daging kawula piyambak, kawula kesasar, kécalan ener, ingkang

wusananipun ndhesek kawula dhateng telasing pangajeng-ajeng nglampahi gesang punika.

Paduka karsa ngapunteni kawula Gusti, ingkang asring nglepataken Paduka menggahing sadaya kawontenaning awon ing gesang kawula. Paduka apunteni kawula dhuh Gusti, ingkang saya nebih saking Paduka nalika kawula saweg ing kawontenan bingah punapadéné sisah. Paduka apunteni kawula dhuh Gusti, ingkang asring ngginakaken Asma Paduka, namung kanggé kapentinganing dhiri kawula piyambak. Paduka apunteni kawula dhuh Gusti, ingkang asring mboten pitados dhumateng panganthi Paduka ing saben jangkahing gesang kawula.

Dhuh Sang Roh Suci, mugi karsaa mitulungi kawula, supados ing salebeding sadaya kawontenaning gesang, kawula tansah sumarah dhumateng Paduka sarta ngucap sokur awit saking panganthi Paduka. Ing asmanipun Rama, Putra, lan Roh Suci, kawula ngakeni dosa kawula, nyuwun pangapuraning dosa kawula, sarta nyuwun panganthi Paduka.

Amin.

▪ *Umat jumeneng*

PAWARTOS SIH RAHMAT

PS: Kanggé saben tiyang ingkang kanthi tulusing manah nelangsani dosanipun ing ngarsanipun Gusti, Panjenenganipun maringaken pawartos sih rahmat kados ingkang sinerat ing **Yohanes 3:16**,

“Awitdéné Allah anggoné ngasihi marang jagat iku nganti masrahaké Kang Putra Ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané aja nganti nemu karusakan, nanging nduwènana urip langgeng.”

Makaten Pawartosing Sih Rahmat saking Gusti!

U: **Puji sokur konjuk ing Allah!**

PS: Salam katentreman kanggé kita sadaya!

*(Umat silih andum salam katentreman dhateng sadhèrèk-
sadhèrèk ing sakiwa tengenipun kanthi **namaste**)*

PEPUJÈNIPUN UMAT

U: *(ngidungaken KPJ 261: 1, 3 “Ing Golgota”)*

KPJ 261. ING GOLGOTA

Do=C 3/4

- 1) Ing Golgota, ing Golgota, Gusti Yésus sinalib.
Kang karebat luwar kula, saking bandaning Iblis.
Siksa kula dipun rembat, kula luwar saking laknat.
Ing Golgota, ing Golgota, Gusti Yésus sinalib.
- 3) O, dhuh Gusti, Putra Swargi, mugi nunggil ing kula.
Kula mugi winulanga tresna dhateng Paduka,
dimèn mbénjing kula klilan lumebet dalem kaswargan.
O, dhuh Gusti, Putra Swargi, mugi nunggil ing kula.

▪ *Umat lenggah*

PANDONGA ÉPIKLÉSE

PS: *(ngonjukaken pandonga nyuwun pitulunganipun Roh Suci)*

PAMAOSING SABDA I

L: Waosan kapisan saking kitab **Yésaya 52:13-53:12**.
(sasampunipun Sabda kawaos)
Makaten Sabdanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

MASMUR TANGGAPAN

L: Sumangga kita nanggapi Sabdanipun Gusti punika kanthi
maos **Jabur Masmur 22**. *(saged kawaos gentosan
kaliyan umat)*

PAMAOSING SABDA II

L: Waosan kaping kalih saking **Ibrani 10: 16-25**.
(sasampunipun Sabda kawaos)
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

PAMAOSING INJIL

PS: Pamaosing Injil kapendhet saking Injilipun Gusti Yésus Kristus manut **Yohanes 19:25-30.**

(sasampunipun Injil kawos)

Makaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus. Ingkang rahayu punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Allah lan ingkang nglampahi Sabdanipun Allah punika ing gesang padintenan. Hosiana!

U: *(ngidungaken Hosiana manut lagu KPJ 468)*

Hosiana, Hosiana, Hosiana.

KHOTBAH

**“Sédanipun Gusti Yésus Nggesangaken lan
Ngrukunaken”**

(Khotbah ingkang kaladosaken awujud reflèksi saking tigang pangandikanipun Gusti Yésus wonten ing kajeng salib)

WEKDAL ENING

PL: Salib Paduka nyimpen sawernaning wewadi
Kayu palang pangina punika, samangké dados
satunggaling pratandha kaunggulan
Padaleman Suci kémawon, ugi tumut sinigar

Dhuh Gusti, Paduka punika, Ratuning Jagad Raya
Dhawuh Paduka ngéwahi wekdal dados sujarah
Dhawuh Paduka ngéwahi wekdal dados pepéling
Dhuh Gusti, Paduka punika Sang Kala, Paduka punika
Sang Wekdal

Dhuh Gusti,

Sangsara Paduka punika tangisan sawetawis wekdal
Alaning wujud Paduka punika sakit ingkang gampil
mengker
Kanisthan Paduka punika drengki ingkang gampil sirna.

- *Umat jumeneng*

PANGAKEN PITADOS RASULI

P/D: Kanthi manah ingkang ngener dhateng Sang Kristus, kita télakaken pangakening pitados kita kanthi Pengaken Pitados Rasuli ingkang makaten ungelipun ...

- *Umat lenggah*

PANDONGA SYAFAAT

PS: Para sadhèrèk, sumangga kita ngonjukaken pandonga syafaat, ingkang mangké kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula ingkang kita ucapaken sesarengan. Sumangga kita ndedonga ...

PANGATAG PISUNGSUNG

P/D: Dinten punika kita caos sokur kanthi ngaturaken pisungsung dhumateng Gusti. Pisungsung ingkang kita kempalaken punika badhé kita aturaken dhateng Gréja ngriki.

Serat **2 Korintus 9: 7** ngènetaken kita,

“Saben wong pisungsungé dikaya kang dadi rilaning atiné, aja kanthi sedhih utawa marga kapeksa, awit Allah iku ngasihi wong kang misungsung kanthi bungah.”

PEPUJÈNIPUN UMAT

U: (*ngidungaken KPJ 154: 1, 2 “Adrenging Tyas Kula”*)

KPJ 154. ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

- 1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.

Paduka ngasihi, kula kagungan ta.

Reff.: Mung punika Gusti, pisungsung kula
sawetahing gesang, jiwa lan raga,
wit kula tan darbé bandha kang pengaji
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
Mung punika Gusti, panyuwun kula,

mugi katampia atur kawula,
mrih gesang kawula kagama Paduka
pirantos sapala.

- 2) Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti;
kula kagunganta, Paduka rimati.

Reff.: Mung punika Gusti, pisungsung kula
sawetahing gesang, jiwa lan raga,
wit kula tan darbé bandha kang pengaji
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
Mung punika Gusti, panyuwun kula,
mugi katampia atur kawula,
mrih gesang kawula kagama Paduka
pirantos sapala.

- *Umat jumeneng*

PANDONGA PISUNGSUNG

P/D: Sumangga kita ngaturaken pisungsung kita ing salebeding
pandonga. Sumangga kita ndedonga ...

PANGATAG PANGUTUSAN

PL: Duh Gusti, ...
Katresnan Paduka nglangkungi sangsara
Katresnan Paduka nglangkungi kaanan kuciwa
Katresnan Paduka nglangkungi raos drengki
Katresnan Paduka nembusi sawernining prabéda
Katresnan Paduka ngéwahi pasulayan dados rerukunan

Dhuh Gusti, menawi Paduka karenan
kasagedna kawula

Dhuh Gusti, kawula adreng nyenyuwun
sinartanana kawula ing salebeding sangsara Paduka
murih mbénjingipun kawula ugi pinanggiha nunggil
Paduka, ing salebeding wungu Paduka

Dhuh Gusti
Paduka punika Pirdus kawula
Paduka mbekta kawula dhateng Pirdus punika.

PEPUJÈNIPUN UMAT

U: (ngidungaken KPJ 275: 1, 3 “*Srana Mandeng Ing Salib*”)

KPJ 275. SRANA MANDENG ING SALIB

Do=F 4/4

- 1) Srana mandeng ing salib, tyang dosa gesang,
tinebus sagung dosanira.
De cempéning Allah kang sinalib ngrembat,
ngésahaken duraka kita.
Reff.: Swawi dèn pandeng !
Srana mandeng ing salib tyang dosa gesang
tinebus sagung dosa nira

- 3) Swawi ngungsi mring Gusti, tyang dosa sagung,
dosa kita dèn unjukna.
Mesthi antuk apura, temah agesang;
mbok dèn tampi lan suka-rena.
Reff.: Swawi dèn pandeng !
Srana mandeng ing salib tyang dosa gesang
tinebus sagung dosa nira

PANGUTUSAN

- PS: Umatipun Gusti ingkang kinasih, enerna manah panjenengan
dhumateng Gusti.
- U: **Kawula nggeneraken manah kawula dhumateng
Gusti.**
- PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus!
- U: **Puji sokur konjuk ing Allah**
- PS: Pinujia Gusti kita!
- U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

BERKAH

PS: Tampènana berkahipun Gusti:

“Gusti Allah maringana berkah lan ngayomana kita (panjenengan). Gusti Allah ngreksa kita (panjenengan) ngadhepi pakèweting gesang. Gusti Allah nganthi kita (panjenengan) ing wekdal-wekdal ingkang ngrekaos. Panjenenganipun ngrengkuh kita (panjenengan) ing salebeting kabingahan, sarta njangkepi kita (panjenengan) kanthi pangajeng-ajeng. Ngantos wekdalipun kita (panjenengan) pepanggihan malih, mugi patunggilaning sihipun Allah Rama, Putra, lan Roh Suci tansah nunggil kita (panjenengan) samangké dumugi ing salami-laminipun. Amin.”

U: (ngidungaken **Hosiana Amin** manut KPJ)

Hosiana, Hosiana, Hosiana, Amin! (2x)

[ers-den]



Liturgi Setu Sepi

16 April 2022

Katrangan:

PS.: Pelados Sabda

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

PL: Pelados Liturgi

U: Umat

N: *Narator* (Panyariyos)

**“Ing Antawisipun
Pejah lan
Gesang”**

PACAWISAN

- Sadangunipun ibadah lumampah, sunaring lampu papan pangibadah kadamel remeng-remeng.
- Waosan ingkang kaginakaken ing pangibadah punika namung kalih, inggih punika: **Ayub 13:1-14** lan **Matius 27:57-66**.
- Cakriking lelagon ingkang kaginakaken ing pangibadah kaangkah gadhah raos luhur.

SAKDÈRÈNGIPUN PANGIBADAH

- *Juru warta methukaken rawuhipun umat ing Dalem Pamujan. Lilin ibadah kasumet. Loncèng kaungelaken.*
- *Umat jumeneng, ngidungaken KPJ 38 “Puji Mring Gusti” rambah kaping pitu.*

U: *(jumeneng, ngidungaken KPJ 38 “Puji Mring Gusti” rambah kaping pitu)*

KPJ 38. PUJI MRING GUSTI

Do=C 4/4

Puji mring Gusti kanthi trusing ati
Puji mring Gusti kang paring basuki

- *Ing salebedipun umat mujèkaken kidung, arak-arakan Pelados Sabda, Pradataning Pasamuwan, lan Palados Pangibadah sanèsipun lumebet dhateng ing papan pangibadah.*

VOTUM LAN SALAM

- PS: Mripatku tumenga marang gunung-gunung; pitulunganku iku pinangkané saka ing ngendi?
- U: **Pitulunganku iku pinangkané saka Sang Yéhuwah, kang nitahaké langit lan bumi.**
- PS: Panjenengané ora bakal marengaké yèn sikilku gloyoran, kang ngreksa kowé ora bakal ngantuk.
- U: **Sayektiné kang ngreksa kita ora ngantuk lan ora saré.**
- PS: Pangéran Yéhuwah iku kang ngreksa kowé, Pangéran Yéhuwah iku pangayomanmu ana ing tengenmu. Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, lan saking Gusti kita Yésus Kristus nunggila ing panjenengan sadaya. Amin.
- U: *(ngidungaken KPJ 464 “Amin”)*
Amin, Amin, Amin.

- *Umat taksih jumeneng.*

TIMBALAN NGIBADAH *(kairingan musik instrumèntalia ingkang kaungelaken lambat-lambat. Umat jumeneng)*

- P/D: Para sadhèrèk, mboten kathah tiyang ingkang saged tetep bening ing salebeding lampah geguletan ingkang kalamangsa ndamel mumet. mBoten kathah ugi ingkang saged tetep wening, ing wekdal pakèweting gesang ndamel sadaya prakawis karaosaken nyumelangi.

Asring ugi, kasangsaran utawi pakèwed punika kepéngin kita tolak, lan menawi saged, kabingahan kémawon ingkang tansah wonten.

Kasunyatnipun, kalamangsa kita kedah dumunung ing papan lowahaning kasisahan lan kabingahan. Kasemplahan lan pangajeng-ajeng. Pejah kaliyan gesang.

Papan ingkang mboten temtu sekéca, amargi sampun temtu manungsa ngajeng-ajeng énggala saged mingset dhateng ingkang badhé kalampahan.

Punapa kita saged ngrengkuh papan lowahan punika? Ngrengkuh papan lowahan punika kanthi wening, bening, sarta mboten namung mbengok kanthi mbrebegi kuping, *“Énggal kauwalna kawula dhuh Allah, saking kawontenan ingkang nyumelangi!”*.

Kita ngidungaken KPJ 421: 1 “Uripku Pindha Pangidung”

U: (ngidungaken KPJ 421: 1 “Uripku Pindha Pangidung”)
KPJ 421. URIPKU PINDHA PANGIDUNG

Do=G 3/4

- 1) Uripku pindha pangidung sumaos mring Pangéran.
Nadyan nèng donya lwih agung sedhik lan kasusahan,
nging satengah ing pasambat, tansah dènya umanggung
pangidungé pra mlaékat. Yogya aku ya ngidung.

- *Umat lenggah*

AYUB ING PAPAN LOWAHAN

N: (Maos **Ayub 14:1-14**. Anggènipun maos ayat punika patrapipun kados tiyang ingkang nindakaken sandiwara. Narator utawi Panyariyos salebedipun maos ayat punika, saged tindak-tindak ing sakupenging papan pangibadah, lan dados kadosdéné Ayub)

- 1 “Manungsa ingkang lair saking tiyang èstri, celak umuripun,
tuwuk ing kasisahan,
2 mekar kadosdéné sekar lajeng alum, icalipun kados
wewayangan, mboten saged lestantun.

- 3 Punapa inggih Paduka badhé karsa mirsani tiyang ingkang kados makaten punika saha badhé Paduka tarik dhateng ing pangadilan Paduka?
- 4 Punapa naté wonten tiyang resik katuwuhaken déning tiyang jember? Satunggal kémawon temtu mboten wonten!
- 5 Ingkang punika sarèhning umuripun manungsa sampun kapesthèkaken watesipun, tuwin cacahing wulanipun sampun Paduka temtokaken, punapa déné wates-watesipun sampun Paduka tetepaken, satemah mboten saged kalangkahan,
- 6 mila Paduka mugi karsa nilar méngo, supados piyambakipun saged aso, satemah saged ngraosaken nikmating dintenipun kados tiyang berah.
- 7 Amargi tumraping wit-witan taksih wonten pangajeng-ajengipun; manawi kategor, medal trubusipun malih, ingkang nunten gesang ing salajengipun.
- 8 Sanadyan oyodipun dados sepuh wonten ing salebeting siti, sarta tunggakipun ngantos pejah dumunung ing lebu,
- 9 éwasemanten angger mambet toya, mesthi semi sarta medal pangipun ingkang dados taneman énggal.
- 10 Nanging manawi tiyang nemahi pejah sampun mboten gadhah daya kakiyatan malih; manungsa manawi sampun pejah, tiyang wau lajeng wonten ing pundi?
- 11 Kadosdéne toyanipun tloga ingkang nguwab tuwin lèpèn ingkang asat saha pejah,
- 12 makaten ugi manungsa inggih ambruk, saha mboten tangi malih, ngantos dumugi sirnanipun langit sami mboten tangi utawi ginugah anggènipun tilem.
- 13 Iba begja kawula saupami Paduka karsa ngumpetaken kawula wonten ing teleng palimengan; manawi Paduka karsa ngaling-alingi kawula ngantos sasirepipun bebendu Paduka sarta saupami Paduka karsa paring wangenan lajeng Paduka ènet dhumateng kawula!
- 14 Manungsa manawi sampun pejah, punapa saged gesang malih? Manawi makaten kawula gadhah pangajeng-ajeng

salaminipun kawula nglampahi kangèlan, ngantos dumugi ing
giliran kawula.

*(sasampunipun maos Ayub 14:1-14, Narator/Panyariyos
tumunten sumungkem ing sangajenging salib kanthi
ngetingalaken gesang ingkang nalangsa tuwin pasrah)*

N+U: *(ngidungaken KPJ 421: 2, 3 “Uripku Pindha Pangidung”)*

U: *(ngidungaken KPJ*

KPJ 421. URIPKU PINDHA PANGIDUNG

Do=G 3/4

Kakidungaken déning Narator/Panyariyos.

- 2) Sirnaa saliring bungah Gustiku datan gingsir
Nadyan karoban ing susah, padhangku tan sumingkir
Atiku asukarena, détan pegat jinangkung
ing sih rahmaté Sang Rama. Sayogya aku ngidung.

Kakidungaken déning Umat sadaya

- 3) Lamun ngélingi Gustiku, sedhihku énggal sirna.
Daktut-buri ing salaku, wit ginèndhèng ing sihnya
Saiba ayeming kalbu, yèn rineksa Hyang Agung.
Ngarah apa manèh, aku Sayogya aku ngidung.

PALADOSAN SABDA

Pandonga nyuwun panuntuning Roh Suci

PS: *(ngonjukaken pandonga nyuwun panuntuning Roh Suci)*

Pamaosing Sabda

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil kapendhet saking Injilipun Gusti Yésus
Kristus manut **Matius 27: 57-66.**

(sasampunipun Injil kawos)

Makaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus. Inkang
rahayu punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken
Sabdanipun Allah lan ingkang nglampahi ing gesang
padintenan. Hosiana!

U: (*ngidungaken Hosiana manut lagu KPJ 468*)
Hosiana, Hosiana, Hosiana.

Khotbah

PS: (*ngladosaken kotbah*)
“Ing Antawisipun Pejah lan Gesang”

Wekdal Ening

Pandong Syafaat

PS: (*ngonjukaken pandonga syafaat*)

- *Umat jumeneng*

Pamujinipun Umat

U: (*ngidungaken KPJ 35 “Aja Kuwatir lan Aja Wedi” rambah kaping pitu*)

KPJ 35. AJA KUWATIR LAN AJA WEDI

Do=A 4/4

Aja kuwatir lan aja wedi, awit nèng Gusti tan kekurangan.
Aja kuwatir lan aja wedi, tamtu tinanggelan.

PANGUTUSAN

PS: Karaos-raosna lowahan ing antawisipun pejah lan gesang punika. Dipun ayemaken lan dipun tatag manah panjenengan. Ing salebeding kanalangsana, ing salebeding semplah, katresnanipun Gusti nyartani margining Setu Sepi panjenengan.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah!**

BERKAH

PS: Kanthi andhap-asoring manah, sumangga kita nyuwun berkah lan pangrimat saking Gusti, ing sauruting gesang kita.

Tampènana berkahipun Gusti,

“Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saking Allah, Rama
kita, lan saking Gusti Yésus Kristus, wontena ing
panjenengan (kita) sadaya”

Amin.

U: (*ngidungaken KPJ 464 “Amin”*)

Amin, Amin, Amin.

[rep-den]



Liturgi Minggu Paska Énjang

17 April 2022

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

PL: Pelados Liturgi

U: Umat

N: *Narator* (Panyariyos)

K: *Kantoria* (Panuntun
Pepujèning Umat)

**“Kaunggulan
Kanggé Gesang”**

Pacawisan

- *Umat lumebet ing papan pangibadah*
- *Umat ngeningaken manah sekedhap.*

Timbalan Pangibadah

P/D: Dhuh Yéhuwah, Paduka badhé kawula luhuraken, amargi
Paduka sampun ngentas kawula,

U: **saha boten marengaken manawi mengsah kawula
sami bingah margi saking kawula.**

P/D: Dhuh Yéhuwah, Allah kawula, kawula sesambat nyuwun
tulang dhumateng Paduka,

U: **lajeng Paduka sarasaken.**

P/D: Dhuh Yéhuwah, Paduka sampun ngentas nyawa kawula
saking ing teleng palimengan,

U: **Paduka nggesangaken kawula wonten ing
antawisipun tiyang-tiyang ingkang sampun
lumebet ing kubur.**

P/D: Sumangga kita ngluhuraken Sang Yéhuwah ingkang kebak
ing sih-susetya lan panguwaos punika!

▪ *Umat jumeneng*

U: (ngidungaken KPJ 267: 1, 2 “Pamarta Kula Agesang”)
KPJ 267. PAMARTA KULA AGESANG

Do=Bes 4/4

- 1) Pamarta kula agesang tyas kula mila agirang
kang sinalib gesang. Dènnya séda krana kula
wunguné dados panjerna, kula ndhèrèk gesang.
Reff.: Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
 - 2) Gesang, Gusti kang wus séda, dènnya gesang krana kula,
mila kula puji Saiba dènnya ngasihi
kula ngantos dèn paring gesang langgeng ugi
Reff.: Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
- *Para pelados pangibadah lumebet dhateng papan
pangibadah, kawiwitan saking ingkang tinanggenah
mbekta lilin paska, kasusul ingkang tinanggenah mbekta
Kitab Suci, kasusul pelados Sabda, kasusul pelados-pelados
sanèsipun.*

Votum

PS: Pangibadah punika lumampah ing Asmanipun Allah Sang
Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci. Amin!

U: (ngidungaken) **Amin, Amin, Amin!**

Salam

PS: Sang Kristus Gusti. Sang Kristus sampun wungu saking
séda! Panjenenganipun mberkahi panjenengan!

U: **Leres,\ Panjenenganipun sampun wungu saking
séda!\ Panjenenganipun mberkahi panjenengan
ugi!**

▪ *Umat lenggah.*

Gusti Yésus Sampun Séda

- adegan (jejeran) para sakabat ingkang saweg nandhang sisah lan kajeng salib ingkang suwung.
- sawetawis wekdal adegan lumampah, *kantoria* ngidungaken KPJ 259:1-4 “Ing Ardi Golgota” kanthi sesautan kaliyan umat.

K+U: (sesautan ngidungaken KPJ 259: 1-4 “Ing Ardi Golgota”)
KPJ 259. ING ARDI GOLGOTA

Do=A 6/8

Kakidungaken Kantoria

- 1) Ing ardi Golgota ana salibira
lambanging pamoyok panyiya.
Ing kono Gustiku pinenthang sangsara
nebus dosaning para jalma.
Reff.: Salib iku tansah dak pundhi,
nadyan nganti tumekèng janji.
Dak rangkul kanthi trusing kalbu
makutha kang dadya duwèkku.

Kakidungake Umat

- 2) Salib kang minangka lambanging panguya,
tumrap aku gedhé ajiné,
cempé kurban suci tumedhak ing donya,
ngluwari jagad krana sihé.
Reff.: Salib iku tansah dak pundhi,
nadyan nganti tumekèng janji.
Dak rangkul kanthi trusing kalbu
makutha kang dadya duwèkku.

Kakidungaken Kantoria

- 3) Salib kang minangka tandhaning kanisthan,
kecipratan ing getih suci.
dadi marga aku antuk kaslametan,
dosa lebur wit rahé Gusti.
Reff.: Salib iku tansah dak pundhi,
nadyan nganti tumekèng janji.

Dak rangkul kanthi trusing kalbu
makutha kang dadya duwèkku.

Kakidungake Umat

- 4) Kanthi setya nurut ing marginé Gusti,
nadyan aku cinacat tansah;
katuntun mring papan kang luhur sejati,
nampa kalubèraning berkah
Reff.: Salib iku tansah dak pundhi,
nadyan nganti tumekèng janji.
Dak rangkul kanthi trusing kalbu
makutha kang dadya duwèkku.

Para Wanita

Narator:

Arep ngapa sliramu padha tindak menyang pasaréan ésuk
umun-umun?
Kanggo apa sliramu nggawa anggi-anggi?
Apa sliramu wus padha pirs manawa pasaréané Gusti
Yésus katutup watu gedhé?

Wanita 1:

Iya ya, kanggo apa kita ésuk umun-umun menyang
pasaréané Gusti Yésus?
Kepriyé bisané kita njebadi Panjenengané? Rak ana watu
gedhé kang nutupi pasaréané Gusti Yésus? Sapa kang bisa
ngglimpangaké watu kang kanggo nutup pasaréané Gusti
Yésus?

Wanita 2:

Apamanèh kita iki para wanita. Kita iki dianggep ringkih
lan ora bisa diprecaya. Aja-aja malah kita kang dicekel
déning prajurit kang njaga pasaréan?

Narator:

Hé mitra-mitraku
Sliramu arep menyang ngendi?

Wanita 1:

Aku, aku
Sinten punika? Punapa panjenengan ingkang njagi pasaréan?
Kawula sadaya, badhé dhateng pasaréanipun Gusti Yésus!

Narator:

Para wanita padha njenger nyawang pasaréan kang suwung.
Yagéné, déné kowé padha nggolèki Kang Gesang ana ing antarané wong mati?
Panjenengané wus wungu. Panjenengané gesang.
Padha anduma pawarta wunguné Sang Kritus kanggo uripé jagad.....

PS: Sang Kristus Gusti sampun wungu saking séda.
Sumangga kita télakaken kabingahan kita.

▪ *Umat jumeneng*

U: (ngidungaken KPJ 258: 1-4 “Gusti Yésus Wus Wungu”)
KPJ 258. GUSTI YÉSUS WUS WUNGU

Do=Bes 4/4

- 1) Gusti Yésus wus wungu! Haléluya!
Bumi swarga agirang! Haléluya
Samnya memuji sokur! Haléluya!
Mring Gusti kang wus mimpang! Haléluya!
- 2) Katresnané sampurna! Haléluya!
Kamenangané nyata! Haléluya!
Sunaring surya padhang! Haléluya!
Tinampi kanthi girang! Haléluya!

- 3) Gesang malih Sang Raja! Haléluya!
Kita tentrem - raharja! Haléluya!
Pati, endi antupmu? Haléluya!
Kubur, endi kwasamu? Haléluya!
- 4) Kubur kwané sirna! Haléluya!
Naraka tanpa daya! Haléluya!
Teluk déning Sang Kristus! Haléluya!
Binuka taman Pirdus! Haléluya!

Paladosan Sabda

Pandong a nyuwun tedhakipun Roh Suci

PS: (*ngonjukaken pandonga nyuwun tedhakipun Roh Suci*)

Pamaosing Sabda

Waosan Kapisan

- L1: Waosan kapisan saking kitab **Yésaya 65:17-25**.
(*sasampunipun Sabda kawaos*)
Makaten Sabdanipun Gusti.
- U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

Masmur Tanggapan

- L2: Sumangga kita nanggapi Sabdanipun Gusti punika kanthi
maos **Jabur Masmur 118:1-2, 14-24**. (*saged kawaos*
gentosan kaliyan umat)

Waosan Kaping Kalih

- L3: Waosan kaping kalih saking **Lelakoné Para Rasul**
10:34-43.
(*sasampunipun Sabda kawaos*)
Makaten Sabdanipun Gusti.
- U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

Waosan Injil

- PS: Pamaosing Injil kapendhet saking Injilipun Gusti Yésus
Kristus manut **Lukas 24:1-12**.
(*sasampunipun Injil kawos*)

Makaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus. Ingkang rahayu punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Allah lan ingkang nglampahi ing gesang padintenan. Haleluya!

U: (*ngidungaken Haléluya manut lagu KPJ 468*)
Haléluya, Haléluya, Haléluya.

Khotbah

Wekdal Ening

- *Umat jumeneng*

Pangaken Pitados

P/D: Sumangga kita sesarengan kaliyan umatipun Allah ing wekdal kapengker, samangké, lan ing wekdal ingkang badhé kelampahan, ngènet-ènet dhateng kawilujengan peparingipun Allah wonten ing Gusti Yésus Kristus, kita télakaken pangakening pitados kita manut KPJ 122 “Kula Pitados”,

(*Sadaya ngidungaken KPJ 122*)

KPJ 122. KULA PITADOS

Do=G 4/4

- 1) Kula pitados ing Allah, Sang Rama Kang Makwasa; ingkang nitahaken langit lan bumi saisinya.
Kula pitados ing Gusti Yésus Kristus
Kang Putra ontang - anting lan kekasih,
Gusti Pamarta kula.
- 2) Kang sampun kabobotaken sing kwané Roh Suci; miyos saking prawan Maryam, nahanaken pisakit kala Pontius Pilatus ingkang ngasta bupatya: sinalib nglampahi séda, tumedhak mring antaka

- 3) Tigang dintenipun wungu sing antaka, dyan minggah dhateng suwarga, apinarak nèng tengenipun Allah Sang Rama Kang Mahakwasa, king ngriku badhé rawuh. angadili tiyang ingkang gesang lan ingkang pejah.
- 4) Nggih pitados ing Roh Suci wah malih wontenipun pasamwan Kristen satunggil, kang suci sarta umum. Patunggilané pra suci, pangapuntening dosa, tanginira para mati, kang sarta gesang baka.

▪ *Umat lenggah*

Pandong a Syafaat

PS: (ngonjukaken pandonga syafaat)

Pisungsung Sokur

P/D: Sumangga kita ngaturaken pisungsung minangka tetenger ing sokur kita. Sabdanipun Gusti ingkang dados tetalesing pisungsung kapethik saking Kitab Roma 11: 36,
“Awitdéné samubarang kabèh iku saka Panjenengané, karna Panjenengané sarta kagem Panjenengané; kamulyan kagama Panjenengané salawas-lawasé!”

U: (*ngidungaken KPJ 157: 1-3 “Caosna Pisungsungmu”*)
KPJ 157 CAOSNA PISUNGSUNG MU

Do=F 2/4

- 1) Caosana pisungsungmu anèng pasamuwan klayan lilaning ati, klawan legawa.
Aturna pisungsungmu kanthi sukarena.
Reff.: Caosna pisungsungmu dadya cihnane bungah minangka panuwunmu, wit sihing Allah.
- 2) Kamirahaning Gusti tanpa tandhingan sarana samubarang saising bumi,
jer sih-rahmating Gusti tansah binabar.
Reff.: Caosna pisungsungmu dadya cihnane bungah minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

- 3) Pisungsung kagem Gusti dadia sarana
amrih kratoning Allah énggal kelampah.
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring.
Reff.: Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

▪ *Umat jumeneng*

P/D: (*ngonjukaken pandonga caos pisungsung*)

(*Menawi pasamuwan ngriki badhé ngladosaken Bujana Suci
Paska, paladosan Sakramèn Bujana saged katindakaken
sasampunipun caos pisungsung*)

Seksi Menggah Wungunipun Sang Kristus

PS: “Lan Kristus wus nglampahi séda kanggo wong kabèh,
supaya wong kang padha urip, uripé ora lumadi marang
awaké dhéwé manèh, nanging lumadia marang kang wus
séda lan kang wus kawungokaké marga saka wong-wong
mau.” (2 Korintus 5: 15)

U: **Kawula sumadhiya gesang ing salabeding
semangat wungunipun Sang Kristus.**

PS: “Ingsun iki, Yéhuwah, wus nimbali sira supaya
ngundhangaké kaslametan, wus ngasta tanganira; Ingsun
wus ndhapuk sira lan maringaké sira dadi prajanjian
tumrap umat manungsa, dadi pepadhang tumrap para
bangsa (Yésaya 42:6)

U: **Kawula sumadhiya andum semangating gesang
kanggé jagad.**

(*ngidungaken KPJ 262: 1-3 “Kwaosing Asma Paduka”*)

KPJ 262. KWAOSING ASMA PADUKA

Do=G 4/4

- 1) Kwaosing asma Paduka ingkang kita sebar;
pramila kita dhuh Gusti, tan giris ing pati.
Kadya gesangipun wiji ingkang katanem ing siti,
amrih tuwuha ngrembaka, temahan medal wohira,
munpangati salumahing bumi.

- 2) Kados tuladha Paduka kang nandhang sangsara,
dé sinalib nulya séda, wit dosaning jalma.
kados wiji kang katanem ing siti samya kapendhem,
makaten kita kang nistha, kepareng nunggil Paduka,
binerkahan, pikantuk kaswargan.
- 3) Paduka kang wungu malih saking palimengan.
Kawula sami antuk sih, rahmating Pangeran.
Karebat saking antaka, nampi kamulyaning swarga.
Gusti ngutusa pra abdi kang tlatos anyebar wiji
kanthi setya, kang mring Paduka.
- PS: Kapadhangana jagad punika kanthi semangating gesang,
supados tentrem rahayu kababar ing bumi. Ngudia ing
salebeding semangat iman, lan tampènana berkahipun
Gusti:
Mugi panguwaosing wungunipun Sang Kristus ingkang
nggesangaken, maringi semangating gesang
panjenengan.
Mugi sih-susetyanipun Allah ingkang nggesangaken,
maringi kekendelan kanggé terus jumangkah.
Mugi tuladhaning sih ingkang dipun ngandikakaken
Gusti Yésus ing kajeng salib, mbereg pakaryaning sih
panjenengan.
Mugi panguwaosipun Sang Roh Suci, maringi semangat
ingkang ngéwahi gesang panjenengan.
Amin.
- U: (*ngidungaken Haléluya*, Amin)
Haléluya, (5X) **Amin** (3X)

[asp-den]



Liturgi Minggu Paska Sonten

17 April 2022

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

PL: Pelados Liturgi

U: Umat

N: *Narator* (Panyariyos)

**“Ngrumaosi
Kaunggulan
sesarengan Gusti
Yésus”**

Sadèrèngipun Pangibadah

- *Para palados pangibadah mapanaken dhiri wonten ing papanipun piyambak-piyambak.*
- *Pandongga konsistori.*
- *Bèl kaungelaken.*
- *Umat sami tidhem, ngeningaken manah sacara pribadi.*
- *Umat jumeneng.*

PL: Wilujeng sonten para sadhèrèk, wilujeng ngibadah ing dinten Minggu punika. Dinten punika kita nyawiji kanthi kebak kabingahan mèngeti Paska. Sang Kristus unggul saking pati. Paska nélakaken bilih pasaréan punika suwung lan pepeteng katundhung déning cahyaning pepadhang. Sumangga kita sesarengan jumeneng methukaken Sang Juru Wilujeng ingkang rawuh ing satengahing pakempalan kita kanthi **Ngidungaken KPJ 258: 1,2 “Gusti Yésus Wus Wungu”**

KPJ 258. GUSTI YÉSUS WUS WUNGU

Do=Bes 4/4

- 1) Gusti Yésus wus wungu! Haléluya!
Bumi swarga agirang! Haléluya
Samnya memuji sokur! Haléluya!
Mring Gusti kang wus mimpang! Haléluya!

- 2) Katresnané sampurna! Haléluya!
Kamenangané nyata! Haléluya!
Sunaring surya padhang! Haléluya!
Tinampi kanthi girang! Haléluya!

Umat Jumeneng

*Ing salebetipun ngidung KPJ 258 pada kaping kalih, palados
Pangibadah lumebet ing papan pangibadah nyumet lilin
Paska, kalajengaken masrahaken Kitab Suci dhateng Palados
Sabda.*

- SOWAN ING NGARSANIPUN GUSTI ALLAH -

VOTUM LAN SALAM

PS: Gusti Allah karsa rawuh ing pakempalan kita.
Samangké kita wonten ing ngarsanipun Gusti Allah.
Sumangga ngasoraken dhiri ing ngarsanipun Gusti
sarta ngakeni kanthi searengan ngucapaken bilih:

PS+U: “Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Gusti
Allah, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
Panjenenganipun tetep setya kanggé salami-
laminipun.”

PS: “Salam karahayon saking Allah Sang Rama, Sang
Putra dan Sang Roh Suci, dhumateng Panjenengan
sadaya.”

U **Salam karahayon kagem Panjenengan ugi.**

PS+U **Amin, Amin, Amin**

Umat Lenggah

ATUR PAMBUKA

PL: Pandamel-pandamel kang élok saking Gusti Allah,
saged mangaribawani kabetahan-kabetahaning umat-
ipun ing jagad punika, sumangga kita tetep saos sokur
kanthi mujèkaken pangalembana KPJ 276:1, 3, 4.

(ngidungaken KPJ 276:1, 3, 4 “Swawi Pra Kanca”)

U: KPJ 276. SWAWI PRA KANCA

Do=D 6/4

- 1) Swawi pra kanca girang memuja,
Kristus sinalib agesang malih.
Pamarta kula wungu sing séda.
Sampun tinitik Ratuning urip.
Gusti Panebus prangé wus unggul.
Pati wus kalah, antupé ical.
- 3) Salumah bumi badhé ngurmati,
Gusti kang séda lan wungu uga.
Swawi salir tyang kang karibedan,
swawi ngungsèni piwlasé Gusti,
ndhèrèk anyangga kalingsemannya
ja ajrih pejah, Gusti kang menang.
- 4) Mara mujia ! Hé jagad wrata !
Gusti panutan, Ratuning gesang.
Urip kang langgeng wus linairken.
Mara tangia king sagung dosa,
ngambah dalan mring kautaman.
Gusti murugken mring gesang langgeng.

PANGAKENING DOSA

PL: Dhuh Gusti, ing gesang kawula sairing kalayan kemajenganing jaman, kalamangsanipun kawula rumaos sayah. Momotaning gesang nindhihi. Dosa lan kuciwa ndhatengaken mawarni-warning pameteg. Kawula mandeng ing Kalvari, wonten Paduka ing ngrika, nyuwun sih-piwelas Paduka.

U: (ngidungaken refrain KPJ 52 “Gusti Sèstu Kula Nalangsa)

Reff.: Dhuh, Gusti kawula nyuwun apura,
sinucèkken sing dosa.

Mugi manah kula kaénggalna,
mituhu Paduka.

PL: Awit saking kathahipun raos kuwatos, ndamel kawula kécalan karumangsaning dhiri minangka pandhèrèk Paduka. Kawula nglirowakaken dhateng piwulang ingkang sampun Paduka télékaken. Kawula kesupèn dhateng prajangi ingkang sampun Paduka paringaken. Mugi karsaa ngapunten kawula dhuh Gusti.

U: (*ngidungaken refrain KPJ 52 “Gusti Sèstu Kula Nalangsa”*)

Reff.: Dhuh, Gusti kawula nyuwun apura,
sinucèkken sing dosa.
Mugi manah kula kaénggalna,
mituhu Paduka.

PS: Dhuh Gusti, Paduka ngawuningani saèstu kasisahan kawula. Ing saben tètèsaning luh ingkang dléwéran, Paduka rawuh dados mitra, kados nalika Kléopas lan kancanipun mlampah nuju Émaus.

U: (*ngidungaken refrain KPJ 52 “Gusti Sèstu Kula Nalangsa”*)

Reff.: Dhuh, Gusti kawula nyuwun apura,
sinucèkken sing dosa.
Mugi manah kula kaénggalna,
mituhu Paduka.

Umat Jumeneng

PAWARTOS SIH RAHMAT

PS: Kanggé saben kita ingkang kanthi temen-temen ngakeni dosa tuwin keduwungipun ing ngarsanipun Gusti, Gusti karsa nélakaken ganjaran pangaksamin-Ipun. Pawartos sih-rahmat kapendhet saking Yésaya 12: 1-3 makaten,

Ing wektu iku kowé bakal munjuk: “Kawula badhé ngunjukaken panuwun dhumateng Paduka, dhuh Yéhuwah, awit sanadyan Paduka sampun duka dhumateng kawula, nanging bebendu Paduka sampun kèndel tuwin Paduka lajeng nglipur kawula. Gusti Allah iku sanyata dadi karaharjanku; aku kumandel ora kalawan gumeter, amarga Sang Yéhuwah Allah iku kakuwatanku lan masmurku, Panjenengané wus dadi karaharjanku.” Ing kono kowé bakal padha ngangsu kalawan bungah ing etuking kaslametan.

Makaten Pawartos Sih-rahmat saking Sang Kristus.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

U: (ngidungaken KPJ 78: 1, 3 “Iba Begjaku”)
KPJ 78. IBA BEGJAKU

Do=D 9/8

- 1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.
Reff.: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
- 3) Dak aturaké jiwa-raja, marang Gustiku atiku lega,
klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.
Reff.:

Umat Lenggah

PANGUNDHANGING SABDA

- **Pandong**a nyuwun pitulunganipun Roh Suci
- PS: (ngonjukaken pandonga nyuwun pitulunganipun Roh Suci)
- **Pamaosing Sabda**
Satunggaling Laré: (maos **Yésaya 25:6-9**)
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**
Satunggaling (maos **Jabur Masmur 114**)
Adiyuswa: (*saged kawaos gentosan kaliyan umat*)
Satunggaling (maos **1 Korintus 5: 6-8**)
Kanèman: Makaten Sabdanipun Gusti.
U: **Puji sokur konjuk ing Allah**
PS: (maos **Lukas 24: 13-49**)
Ingkang rahayu punika tiyang-tiyang
ingkang mirengaken Sabdanipun
Allah lan ingkang nglampahi
Sabdanipun Allah punika ing gesang
padintenan. Haléluya!
U: (KPJ 473) **Haléluya** (8X)

• **Khotbah**

• **Wekdal Ening**

PANDONGA SOKUR LAN SYAFAAT

PS (*ngonjukaken pandonga sokur lan syafaat*)

SAKRAMÈN BUJANA SUCI

(*kajumbuhaken kaliyan kawontenaning pasamuwan ngriki*)

PANGAKENING PITADOS RASULI

P/D (*nuntun umat ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli*)

PISUNGSUNG

P/D: Para sadhèrèk ingkang kinasih ing Gusti Yésus Kristus, sumangga kita misungsungkaken sokur kita dhumateng Gusti kanthi ngèngeti punapa ingkang dipun ngandikakaken Sabdanipun Gusti ing Masmur 52:11 makaten,

“Kawula badhé ngunjukaken pamuji sokur wonten ing ngarsa Paduka ing salami-laminipun, margi saking pangrèh Paduka; awit asma Paduka punika

*saé, mila badhé kawula suwuraken wonten ing
ngajengipun para kekasih Paduka!”*

U: (ngidungaken KPJ 186: 1-4 “Urip Kang Samesthiné”
KPJ 186. URIP KANG SMESTHINÉ

Do=Bes 4/4

- 1) Urip kang samesthiné, lamun tansah ngucap sokur,
Nèng ngarsané Sang Kristus, tan pantes takabur.
Reff.: Jroning susah lan bungah sadhéngah kaanan,
Aku angidung memuji sokur, yéku karsa-Nya !
- 2) Nadyan prahara nempuh sarta ombak anyempyuh,
aku trus muji sokur, konjuk mring Gustiku.
Reff.:
- 3) Kanggo apa uripmu, lamun tanpa ngucap sokur ?
Kristus dadya Panebus, pasrah kanthi tulus.
Reff.:
- 4) Dhuh Gusti mugi rena nampi atur kawula,
Roh Suci anunggila, nuntun ing samarga.
Reff.:

Umat Jumeneng

Pandong Pisungsung

P/D: (ngonjukaken pandonga pisungsung, panutup, lan Donga
Rama Kawula)

PANGUTUSAN LAN BERKAH

Kidung Pangutusan

U: (ngidungaken KPJ 267: 1, 2 “Pamarta Kula Agesang”)
KPJ 267. PAMARTA KULA AGESANG

Do=Bes 4/4

- 1) Pamarta kula agesang tyas kula mila agirang

kang sinalib gesang. Dènnya séda krana kula
wunguné dados panjernya, kula ndhèrèk gesang.
Reff.: Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

- 2) Gesang, Gusti kang wus séda, dènnya gesang krana kula,
mila kula puji Saiba dènnya ngasihi
kula ngantos dèn paring gesang langgeng ugi
Reff.: Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

PS: Pasamuwanipun Gusti, enerna manah panjenengan
dhumateng Allah, tampènana berkah-Ipun:
“Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah
marang kowé, lan ngayomana kowé;
Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning
wadanané marang kowé, lan maringana
sihrahmat;
Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké
wadanané marang kowé, lan maringana tentrem
rahayu.”

U: (*ngidungaken Amin*) **Amin, amin, amin.**

PEPUJÈN PANUTUP

U: (*ngidungaken KPJ 267: 3 “Pamarta Kula Agesang”*)
KPJ 267. PAMARTA KULA AGESANG

Do=Bes 4/4

- 3) Tyas kula yogya agirang dé gadhah Pamarta gesang,
sung gesang mring kula. Gusti gesang anèng swarga
nyawisi papan mring kula, kula ndhèrèk gesang.
Reff.: Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

[mak-den]

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI
DIWASA

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

Bahan Panyuraos Kitab Suci

Diwasa 1

Waosan Kitab Suci:

Matius 17:22-23

**“Aja Wedi
Ngalami Owah-
Owahan”**

TUNTUNAN PAMBUKA

Menawi kita mireng tembung kasangsaran, kita mesthi lajeng nyambetaken kaliyan kawontenan ingkang mboten mbingahaken, ingkang kebak kasisahan lan mrihatosaken sanget. Kasunyatanipun pancèn mekaten. Pramila, mboten nggumunaken menawi kathah prekawis ingkang katindakaken déning manungsa kaangkah sageda kanggé nggayuh kabingahan, lan sanès kasangsaran. Manungsa umumipun, langkung condhong pados margi ingkang aman salebetipun nggayuh kabingahan, lan sanès kasangsaran. Kamangka kasunyatanipun ingkang nami kasangsaran punika, asring mboten saged kita singkiri. Upaminipun, mitulungi tiyang sanès ingkang nembé sengit-sengitipun padudon, saged ugi pitulungan kita mboten tinampi kanthi prayogi, malah kapara pikantuk pisuhan ingkang nyakiti manah. Kasangsaran pancèn dados pérangan gesangipun manungsa, ingkang mboten dipun péngini, nanging asring mboten saged kita singkiri. Kathah margi tumuju ing kamulyan, éwa semanten Gusti Yésus langkung miji margining kasangsaran awit Panjenenganipun mirsa, bilih margi kasangsaran punika èstunipun margi kamulyan.

TATARAN 1:

Menawi panjenengan kaaturan miji, ing antawisipun gesang ingkang tentrem rahayu kaliyan gesang ingkang nandhang sangsara? Mesthi kémawon panjenengan sedaya badhé miji gesang kanthi tentrem rahayu, awit pancèn mboten wonten tiyang ingkang kepéngin gesangipun kebak kasangsaran.

Nanging ing wekdal samangké, saupami panjenengan kaaturan miji kasangsaran, lajeng panjenengan badhé miji margi kasangsaran kanthi cara ingkang saé punapa mboten? Punapa alesan panjenengan?

TATARAN 2:

Kados pundi panjenengan saged mangertosi margi kasangsaran ingkang Gusti Yésus pilih, kanggé kamulyanipun manungsa?

TATARAN 3:

Maos **Matius 17:22-23**

Mohandas Karamchand Gandhi (gelaripun: Mahatma “Jiwa yang besar” Gandhi) punika satunggaling “pengacara” (pokrul) ing Afrika sisih Kidul, ingkang dados péranganipun negari *persemakmuran* Keraton Inggris. Wonten ing mriku piyambakipun ngalami lelampahan dipun béda-bédakaken adhedhasar ras, ingkang kawentar sinebat “*apartheid*”. Gandhi ugi nyipati lan ngalami dipun béda-bédakaken kados ingkang ugi dipun alami déning golongan masyarakat minoritas ing India. Ing Afrika sisih Kidul, Gandhi wiwit mraktèkaken paugeran *satyagraha*-nipun, inggih punika tumindak sosial ingkang nampik sedaya tumindak kasar. Gandhi wiwit mandhégani kampanye mbadal dhawuh (*ketidakpatuhan sipil*) lan ngawontenaken arak-arakan *perdamaian*. Makaping-kaping Gandhi dipun cepeng, lan ing taun 1908, nalika piyambakipun ndungkap yuswa 40 taun, piyambakipun dipun kunjara ingkang wiwitan, laminipun 7 taun. Ing salebeting 7 taun punika, piyambakipun mboten saged nglajengaken perjuangani-pun. Nanging malah ing salebeting 7 taun nandhang sangsara ing salebeting pakunjaran, piyambakipun saged sangsaya ndhiwasakaken dhiri. Ing taun 1915, Gandhi wangsul dhateng India, madeg dados pemimpin gerakan nasional. Piyambakipun mboten macak sacara Barat malih, ananging macak kanthi migunakaken sandhang panganggé ingkang khas India. Gandhi memulang kaumipun sageda sami nedahaken sikep urmat

dhateng sesami (*toleransi*). Dasanan taun piyambakipun mimpin gerakan punika, lan nindakaken lelawanan tanpa tumindak kasar. Pamikir lan pratik-praktik gesang ingkang revolusioner sipatipun, mrabawani para pemimpin jagad sanèsipun, utaminipun Nelson Mandéla lan Marthin Luther King, Jr. Wekdal 7 taun ing salebeting pakunjaran, dipun ginakaken kanggé mardikakaken dhiri pribadinipun saking kasangsaran. Piyambakipun sinau resesik dhiri sadèrèngipun ngatag asanès. (Gardner, 1997, hal 115).

Injil Matius 17: 22-23 mujudaken salah satunggaling pérangan saking pawartos 4, ngéngingi sangsara, séda lan wungunipun Sang Kristus. Kita saged manggihaken pawartos kasebat wonten ing Mat 16:21/Luk 9:22-wiwitan; Mat 17:22-23/Mrk 9:30-32/Luk 9:43-45-kaping kalih; Mat 20:18-19/Mrk 10:32-34/Luk 18:31-34-kaping tiga; Mat 26:2-kaping sekawan.

Ing salebeting pawartos bab kasangsaranipun Gusti ingkang kaping kalih punika, Panjenenganipun jumeneng wonten ngajenganipun para murid, sarta ngandika: “Putraning manungsa bakal dipasrahaké marang tanganing wong, sarta bakal disédani lan ing telung dinané bakal kawungokaké”. Para murid ingkang sami mirengaken pangandika punika ngraosaké sedhih sanget. Punapa ingkang andhasari Gusti Yésus martosaken kasangsaranipun ingkang kaping kalihipun dhumateng para murid?

Ing Injil Matius 17:1-12; Gusti Yésus ngalami lelampahan “santun pasuryan” (berubah rupa), ketinggal kamulyanipun, pasuryanipun mencorong kados déné srengéngé, busananipun ketinggal pethak memplak. Lelampahan punika lajeng kawentar sinebat “*transfigurasi*”. *Transfigurasi* punika lajeng dados lambang bab pilihan dalah katetepanipun Allah dhumateng Gusti Yésus Kristus. Wontenipun Musa lan Elia mujudaken lambang Angger-anggering Toret lan kitab Para Nabi. Déné suwantenipun Allah mralambangaken katetepan anggènipun Allah njangkepaken Angger-anggering Toret lan kitab Para Nabi kasebat. Kedadosan punika ugi dados pratandha anggènipun Allah ngantebaken sinten ta Gusti Yésus dalah pakaryan ingkang

badhé dipun tindakaken. Punika ugi nandhesaken bilih margi kamulyan ingkang dipun paringaken déning Allah dipun lampahi kanthi margi kasangsaran. Inggih awit saking punika Gusti Yésus martosaken malih kasangsaranipun ingkang kaping kalihipun dhateng para muridipun. Punika sedaya katindakaken supados para murid saèstu saged mangertosi bab kamulyanipun Gusti, lumantar pakaryan ing salebeting sangsara, séda lan wungunipun saking antawisipun tiyang pejah.

Nadyan mekaten, kados ingkang sinerat wonten ing ayat 23 pérangan pungkasan “...Mulané para sakabat padha susah banget”. Wonten ing Markus 9:32 sinerat: “Para sakabat padha ora ngerti marang pangandika mau, nanging padha ora wani miterang”. Mekaten ugi sinerat wonten ing Lukas 9:43-45. Saged ugi menawi ayat-ayat punika dipun racik sesarengan, kita saged ndarbèni gegambaran bab para murid mekaten: para murid mboten mangertos punapa ingkang dipun kersakaken déning Gusti Yésus, nanging sami mboten kedugi miterang dhateng Gusti Yésus, mila nuwuhaken raos sedhik ing salebeting manahipun. Punika namung ing saksisih, déné sisih sanèsipun cetha menawi para sakabat sami sedhik. Kados pundi mboten sedhik; tiyang ingkang saèstu dipun tresnani, dipun puji-puji kok martosaken malih kasangsaranipun.

Raos bingahipun para murid ingkang sakalangkung ageng, mboten sanès kajawi badhé nyengkuyung Gusti Yésus anggènipun badhé njangkepi prasetyanipun minangka Mésias, inggih punika njejegaken malih kratonipun Sang Prabu Dawud. Sanadyan wonten ing pangandika punika, Gusti Yésus nyebat ugi bab wungunipun, nanging para sakabat kados-kados mboten saged nampèni pawartos kabingahan kasebat. Para sakabat ugi mboten saged ningali pangajeng-ajeng anyar lan pilihan sanès ingkang anyar ugi, inggih punika bab kamulyan. Para sakabat mboten saged mangertosi sedaya prekawis kasebat, amargi kasangsaran dipun mangertosi minangka wurungipun panjangka njejegaken malih kratonipun Israèl. Saged kémawon para sakabat nyusun kekiyatan wingking saking tiyang kathah ingkang sampun sami setya tuhu ngetut Gusti Yésus.

Pambudidaya nyengkuyung jangkepipun prasetia bab mesias, saged kémawon dipun tindakaken sarana nggandhèng tiyang Israèl sanèsipun, kanggé nglempengaken marginipun Gusti Yésus ngedegaken dhamparipun. Sacara badan wadhag, para sakabat nggadhahehi kekiyatan dalah greget kanggé nindakaken sedaya sedya kasebat. Para sakabat ndarbèni kekendelan kanggé mrantasi damel, tumrap punapa ingkang dados gegayuhanipun.

Ing salebeting Téori Perkembangan, wonten satunggaling dhokter ingkang nyinau ngèlmu psikiatri lan nengenaken sedyanipun mligi ing bab “prekawis-prekawis psikotik” ingkang sinandhang déning tiyang diwasa, anami Carl Gustav Jung. Miturut Jung, nalika tiyang ngancik yuswa sepalih gesang, saben tiyang diwasa taksih nengenaken sedyanipun dhateng punapa ingkang dados ancas tujuan lan pathokan-pathokaning kaleresan ingkang badhé kasedya. Tiyang-tiyang kasebat badhé saged mrantasi damel, menawi purun lan wantun ngadhepi sedaya pepalang lan rubéda ingkang ngalang-alangi jangkepipun péranganing gesang, inkang ngantos titi wanci punika tansah dipun tampik.

Inggih kawontenan ingkang kados mekaten punika dipun darbèni déning para murid. Para murid mujudaken tiyang-tiyang ingkang kasisihaken awit saking pandamel padintenanipun minangka juru amèk ulam utawi nelayan. Tumrap para murid, padamelan padintenan ingkang mekaten punika mboten njanjèkaken kamulyan. Nanging nalikanipun Gusti Yésus nimbali tiyang-tiyang kasebat, timbalan punika saged dados wewengan éndah kanggé nggayuh kamulyan lumantar panjangkepipun prasetya bab mesias lantaran madegipun malih kraton Israèl.

Namung kémawon prekawis ingkang mekaten punika mboten dipun paringaken déning Gusti Yésus, awit ngantos kaping sekawan Panjenenganipun ngandika prekawis ingkang sami, magepokan kaliyan nggayuh kamulyan lumantar margining kasangsaran. Putraning Manungsa kedah nglampahi kasangsaran, séda lan wungu saking antawisipun tiyang pejah.

Kamulyan ingkang béda punika anjalari tuwuhipun margi ingkang béda, ingkang kaparingaken déning Gusti Yésus dhumateng manungsa. Inggih namung lumantar kasangsaran ingkang dipun lampahi déning Gusti Yésus, manungsa badhé sami kapulihaken lan nampèni kratoning swarga.

Kita ugi naté ngalami lelampahan ingkang sami, malah saged ugi nembé kita alami ing wanci punika. Sanadyan mekaten, prelu kita nglengganani bilih kasangsaran ingkang nembé kelampahan punika, mboten namung sesambetan kaliyan raos prihatos, karingkihan lan kasangsaraning gesang. Menawi katingalan sarana kaca-tingalipun kapitadosan Kristen, kasangsaran ingkang nembé kelampahan punika nggadhahi sesambetan ugi kaliyan margining kaleresan, kekiyatan lan kamulyan.

Wonten satunggaling lagu ingkang narik kawigatosan kita asesirah *Ndhèrèk Gusti*, saged kapujèkaken sesarengan, utawi saged ugi kita raos-raosaken sacara pribadi. Lagu punika asal-usulipun saking Banyumas, ugi ngginakaken logat Banyumasan. Kapirsanana wonten ing youtube. Ijemanipun kaserat ing ngandhap punika:

NDHÈRÈK GUSTI

Sapa wongé sowan ngarsané Gusti
Uga gelem dadi muridé Gusti
Malah kudu luwih tresna marang Gusti
Tinimbang tresna mring awak pribadi

Sapa wongé sing dadi muridé Gusti
Mikul salib sebanjuré ndhèrèk Gusti
Angger ndhèrèk Gusti Kudu rila ati
Ninggalna kabèh dunya branané
Reff.:
Mula saiki ayo kanca
Ayo ndhèrèk Gusti Sing kuwasa
Mikul salibé dadi murid sejatiné

Lan sebanjuré ayo kanca
Gusti Yésus wis ngendika
Muridé inyong kudu rila ninggalna donya

TATARAN 4:

Sasampunipun panjenengan sami mangertos margining kasangsaran ingkang nuntun kita dhateng gesang kados déné dipun lampahi déning Gusti Yésus, sikep lan tumindak ingkang kados pundi, ingkang mesthinipun dipun gesangi déning tiyang Kristen ing gesang padintenanipun, mliginipun nalika nembé ngadhepi sangsara?

(ias/ytd)

Bahan Panyuraos Kitab Suci

Diwasa 2

Waosan Kitab Suci:

Lukas 23:50-55

**“Wantun
Nampèni Pati”**

TUNTUNAN PAMBUKA

Ing wekdal énjang nalika semanten, wonten pawartos menawi brayatipun pak Yos (sebat kemawon mekaten) kénging Covid-19. Pak Yos lan ibu ingkang sampun yuswa sepuh, dipun tetepaken katularan covid-19. Kawontenan badanipun lemes, lan purun mboten purun kedah kabekta dhateng griya sakit. Putra pambajeng, sampun sesémahan, ingkang lenggah mboten tebih saking tiyang sepuhipun kekalih énggal-énggal mbekta tiyang sepuh kekalih, dhateng griya sakit. Pak Yos dalah ibu, sampun pikantuk rimatan ingkang murwat. Putra mbajeng ingkang ndhèrèkaken tiyang sepuh kekalih dhateng griya sakit, jebul ugi kénging covid lan ugi kedah dipun rimat ing griya sakit. Wusana tetiganipun karimat ing griya sakit ingkang sami, lan pikantuk rimatan ingkang saèstu. Sawetawis wekdal candhakipun, wanci énjang, wonten kabar bilih pak Yos katimbalan Gusti. Brayatipun pak Yos mbudidaya nutupi pawartos punika kanggé ibu Yos, punapa déné putranipun sarana ngawisi sinten kémawon martosaken kabar kasisahan punika dhateng ibu dalah putranipun. Wanci siangipun, ibu Yos ugi katimbalan Gusti. Sedaya brayat ngraosaken sedhah ingkang tanpa upami, karana namung tunggil dinten bapa lan ibu kekalih sowan ing ngarsanipun Gusti. Sedaya mboten wonten ingkang wantun andum pawartos punika lumantar medhia sosial. Nanging ing wanci sontenipun, jebul putra pembarep ingkang taksih karimat wonten ing griya sakit malah sampun mangertos lan nyerat wonten ing grup WA: “Bapak dalah ibu nyata-nyata nyawiji ing

gesang lan pejah, kekalihipun sesarengan sowan wonten ing ngarsanipun Gusti”. Sareng maos pratélan punika, sedaya lajeng ndarbèni kekendelan kanggé mbombong manahipun putranipun pak Yos. Saben dinten sedaya sami atur pambombong, supados putranipun pak Yos punika mboten nglokro, lan saged nglampahi rimatanipun kanthi kebak raos pangajeng-ajeng saged pulih kados wingi uni malih.

Pati pancèn mujudaken kekeranipun Allah, mboten wonten setunggal titah kémawon ingkang mangertosi mbénjang punapa Gusti nindakaken timbalanipun, ugi kanthi cara ingkang kados punapa. Covid-19 dados pengalaman kasangsaran ingkang saèstu nguwasaken, nanging ing sewaliking kaprihatosan punika, tetéla wonten ugi paseksi ingkang ngiyataken. Mboten saged dipun sélaki, salaminipun taksih ing salebeting pandhemi Covid-19 kathah tiyang ingkang ngraosaken wontenipun “*Pandemic Fatigue!*” Tembung punika ngemot pangertosan wontenipun raos sayah ingkang linangkung, mboten namung sacara badan nanging ugi kajiwan awit pametegipun pandemic virus corona utawi Covid-19. Pitakènanipun: ing salebeting kawontenan sayah sacara badan lan kajiwan ingkang mekaten punika, punapa kita tetep saged kanthi sembada nggegesang kapitadosan kita kanthi kebak raos pangajeng-ajeng?

KATERANGANIPUN WAOSAN KITAB SUCI

Ing Injil Lukas 23:50-55 kacariyosaken satunggaling pribadi nami Yusuf. Piyambakipun pinangkanipun saking Arimatéa, satunggaling kitha Yahudi. Piyambakipun dados anggota Majelis Agung, ingkang bebudènipun saé lan leres. Ing salebetipun mutusaken paukuman dhumateng Gusti Yésus, inggih namung piyambakipun pribadi ingkang mboten nyarujuki putusan punika. Ing Injil Mat 27:57 kasebataken bilih piyambakipun punika tiyang ingkang sugih, lan ugi sampun manjing dados muridipun Gusti Yésus. Piyambakipun sowan wonten ngarsanipun Pilatus saprelu nyuwun layonipun Gusti Yésus supados saged kasarèkaken kanthi prayogi, jumbuh kaliyan tata

pranatanipun Yahudi. Karana kalenggahanipun minangka anggota Sanhedrin (Majelis Agung) Yahudi, mila piyambakipun saged pikantuk palilah kanthi gampang. Yusuf (sesarengan kaliyan Nikodemus-Yoh 19:39) lajeng ngulesi layonipun Gusti Yésus, ngginakaken lawon lan adon-adon kados adatipun tiyang-tiyang Yahudi menawi methak layon. Layon kasebat lajeng kasarèkaken ing salebeting kubur ingkang sampun cumawis, ing salebeting gumuk (bukit) ingkang taksih anyar. Salabetipun nyarèkaken layonipun Gusti Yésus, Yusuf kabiyantu déning Nikodemus lan sawetawis wanita ingkang sami ngetut wingking Gusti Yésus wiwit saking Galilea, ngantos dumugi papan penyaliban. Punika sedaya dipun tindakaken déning Yusuf kagem Gusti Yésus ing pungkasaning sugengipun wonten ing Donya.

Yusuf punika salah satunggaling muridipun Gusti Yésus ingkang ndarbèni manah tatag nyeksèni kasangsaranipun Gusti Yésus. Piyambakipun kedugi nampèni kasunyatan ingkang pait punika. Kita saged ningali cawé-cawénipun Yusuf ing salebeting lampah mutusaken paukumanipun Gusti Yésus, kalebet nalikanipun Gusti Yésus kabekta lumarap ing ngarsaning parapatanipun Mahkamah Agami. Piyambakipun wonten ing salebeting parapatan kasebat, awit piyambakipun pancèn salah satunggaling warga Majelis Agung. Nadyan piyambakipun mboten nyarujuki putusan ingkang kadamel, nanging piyambakipun mboten darbé panguwasa kanggé nampik ukuman pejah ingkang kapatrapaken dhateng Gusti Yésus. Kita saged mbayangaken kados pundi pangrojaling manahipun, nalikanipun mboten nyarujuki putusan ingkang kadamel lan kepéngin saged nguwalaken Gusti Yésus saking putusan kasebat, nanging dhiri pribadinipun kalah suwanten lan mboten gadhah kekiyatan punapa-punapa. Wusana, piyambakipun namung saged nyeksèni lampahing penyaliban ngantos sedanipun Gusti Yésus. Nanging sasampunipun punika sedaya purna, Yusuf kasebat lajeng lumarap majeng. Wonten ing ngarsanipun Pilatus, piyambakipun nyuwun layonipun Gusti Yésus lan inggih lajeng tumandang piyambak ngandhapaken layonipun Gusti Yésus saking kajeng salib.

Nyuwun lan mendhet layonipun Gusti Yésus mesthi kémawon sanès prekawis ingkang gampil katindakaken. Mboten sabèn tiyang nggadahi kekendelan sowan ing ngarsanipun Pilatus, saprelu nyuwun palilah ngrukti layonipun Gusti Yésus ingkang sampun kadhawahan paukuman Romawi. Nanging lumantar cariyos punika, kita nyeksèni bilih Yusuf mboten ajrih malih kanggé nemtokaken sikepipun lan tumindak. Mboten ajrih nampi pandakwa madeg dados satrunipun pamarintah Romawi punapa déné para pangarsaning agami Yahudi. Piyambakipun ugi mboten ajrih kaanggep najis awit sesénggolan kaliyan tiyang pejah, sasampunipun angslup surya, punapa malih wekdalipun dungkap dinten Sabat. Ing salebeting kitab Wilangan 19:11-16 sinebataken menawi tiyang nyénggol jisim, piyambakipun katetepaken dados najis pitung dinten laminipun. Supados ruwat saking najisipun, mila tiyang kasebat kedah “*ngruwata dosane nganggo banyu mau, dene ing dina kapitune wus ora najis*” (ay. 12).

Punapa ingkang mbereg Yusuf nindakaken prekawis punika? *Sepisan:* Yusuf punika muridipun Gusti Yésus. Piyambakipun mangertos punapa ingkang sampun katindakaken déning Gusti Yésus dalah kasangsaran ingkang kedah kasanggi. Nadyan piyambakipun mboten darbé panguwaos kanggé ngluwari, nanging piyambakipun saged nampèni kasunyatan punika kanthi prayogi. Salajengipun piyambakipun lila legawa masrahaken kuburipun ingkang taksih anyar, kanggé nyarèkaken layonipun Gusti Yésus. Punika sedaya minangka wujud pangaji lan sikep urmat ingkang satuhu awit ngraha ingkang sampun katampi lumantar Gusti Yésus.

Kalih: Yusuf mujudaken salah satunggaling warga Majelis Agung Yahudi, ingkang sampun kawentar. Kalenggahan punika sampun dipun ginakaken kanthi prayogi. Mesthi kémawon piyambakipun mangertos kanthi saé bab pranatan Yahudi, lan ing wekdal ingkang sami Yusuf ngurmati Gusti Yésus minangka tiyang ingkang leres lan ugi nresnani panjenenganipun. Nalika nyeksèni lelampahan salib ingkang mboten limrah punika kelampahan, Yusuf mboten ngraosaken geter malih, lan ugi

mboten nebih kados tiyang-tiyang sanèsipun. Kanthi mekaten piyambakipun malah saged tumut cawé-cawé ing salebeting lelampahan salib ingkang nggegirisi kasebat.

Saged ugi Yusuf sampun saged nampèni kasunyataning pati minangka lelampahan ingkang kedah dipun alami déning sedaya tiyang, sanadyan punika nggegirisi. Panampinipun dipun wujudaken sarana wantun nemtokaken sikep lan tanggal jawab kanggé ngatasi kasisahan ingkang dipun alami déning sedaya tiyang kalebet dhiri pribadinipun. Inggih karana sikep lan tumindak ingkang mekaten punika, Lukas martosaken bilih Yusuf punika tiyang ingkang saé punapa malih leres saha ingkang tansah ngantu-antu aratoning Allah.

Kaping tiga: Menawi prekawis punika kasambetaken kaliyan bahan dhasar, kita saged ningali sesambetanipun ing bab nalar budi ingkang dipun sunari déning kasaénan. Yusuf migunakaken nalar budinipun ingkang dipun sunari déning kasaénan, satemah piyambakipun saged ngraos-raosaken kanthi pratitis, bilih ing sewaliking pati, tetéla wonten maknaning gesang minangka sih nugraha ingkang prelu dipun jagi lan rimati. Punapa ingkang prelu dipun rimat lan jagi sesarengan punika andadosaken cara anggèn kita ngaosi gesang saged sangsaya jembar, kabikak manahipun dhateng prekawis-prekawis ingkang anyar tuwin gagasan-gagasan ingkang manékawarni satemah mboten gampil kajlomprong ing pamawas tunggal kémawon tumrap sedaya prekawis ingkang pinanggih. Kayekten saged dipun ngraos-raosaken saking manékawarni kawontenaning gesang. Kasagedan kita ngraos-raosaken kayektèn saking maneka-warnining gesang, sangsaya ngantebaken budyaning gesang, satemah gesang punika saestu ndarbèni makna. Inggih tumindak ingkang mekaten punika ingkang sampun anjalari pambereg tumrap para murid, mliginipun para Wanita, suka pambiyantu dhumateng Yusuf ngènthèngaken tanggal jawabipun ngrukti layonipun Gusti Yésus.

Mboten saben tiyang, kalebet kita, saged ningali pati minangka lelampahan ingkang limrah. Kosok-wangsulipun

kathah ing antawis kita ingkang ajrih nampèni lelampahaning pati. Kathah ing antawis kita ugi ajrih cawé-cawé ngrampungaken pangrukti layon, malah wonten ugi ingkang ajrih “nglayat” ing salebeting upacara pangrukti layon lan sakpanunggalanipun. Kamangka ing salebeting sripah, kita mboten namung nyeksèni wontenipun kasisahan kémawon, nanging ugi badhé nyeksèni malih prasetyan langgengipun Gusti ingkang ngiyataken kita sedaya. Ing sewaliking lelampahan pati, mboten namung kaprihatosan kémawon ingkang pinanggih, nanging ugi sih nugrahanipun Gusti ingkang ngiyataken kita.

PITAKÈNAN PANYURAO:

1. Punapa ingkang anjalari kita sami ajrih lan sedhih nalikanipun wonten tiyang, utawi malah salah setunggaling warga brayat kita ingkang tilar Donya?
2. Kados pundi kita saged nampèni kanthi golonging manah wontenipun pati minangka kasunyatan gesang ingkang mbingahaken?
3. Nalika muridipun Gusti Yésus sanèsipun sami nilaraken layonipun Gusti Yésus, Yusuf ngetingalaken kekendelanipun sarana nampèni lan ngrukti layonipun Gusti Yésus. Punapa kita ugi sampun tumindak mekaten? Paringa keterangan sacara cekak.
4. Sikep lan tanggel jawab punapa ingkang sampun kita tingalaken nalika wonten sripah ing tengah-tengahing brayat, pasamuwan punapa déné masyarakat?

(ias/ytd)

Bahan Panyuraos Kitab Suci
Diwasa 3

Waosan Kitab Suci:
Lukas 24:13-35

**“Ngroncé
Pangajeng-
Ajeng”**

TUNTUNAN PAMBUKA

Ing salebeting ngèlmu psikologi dipun panggihaken wontenipun tetembungan *Prolonged grief disorder*, inggih punika satunggaling prekawis kajiwan awit wontenipun raos sedhih ingkang kedlarung-dlarung awit sédanipun sedhèrèk ingkang saèstu dipun tresnani. Prekawis ingkang mekaten, lajeng nuwuhaken sawetawis pratandha ingkang manékawarni.

Prolonged grief disorder saged mangaribawani gesang kita sacara badan wadhag (*fisik*), kajiwan punapa déné sosial. Menawi prekawis ingkang mekaten punika mboten dipun tangani kanthi saèstu, saged lajeng nuwuhaken sawetawis *komplikasi* kadosta: deprèsi, krenteg utawi tumindak nglalu (*bunuh diri*), raos sumelang ingkang keladuk, kalebet *post traumatic stress disorder* utawi stress saksampunipun ngalami trauma, mboten saged tilem, sakit badani kados jantung, kanker, bludreg (darah tinggi), ngraosaken awrat nglampahi gesang padintenan, nyandhu, migunakaken obat-obatan sacara mboten trep, lan sapiturutipun.¹

Lumantaar bahan panyuraos punika, kita badhé ngraos-raosaken maknaning pangajeng-ajeng ing sewaliking kasisahan ingkang ageng, lumantar wungunipun Gusti Yésus. Kanthi manggihaken makna ingkang mekaten punika, kita kaajab saged

¹ <https://health.kompas.com/read/2020/02/23/103400168/prolonged-grief-disorder-gangguan-mental-akibat-kehilangan-orang-tersayang?page=all>

sangsaya tuwuh kadiwasan kita ing patunggilanipun Sang Kristus.

KATERANGANIPUN LUKAS 24:13-35

Sasampunipun ontran-ontran nyepeng Gusti Yésus, lelampahan ing pangadilan, putusan ukuman, panyaliban dalah sédanipun Gusti Yésus ing Yérusalem rampung, suwasana padintenan sekedhik mbaka sekedhik wangsul kados wingi uni malih. Nanging mboten mekaten ingkang pinanggih ing salebeting manahipun para muridipun Gusti Yésus. Maèwu-èwu raosing manah campur bawur dados setunggal, nuwuhaken swasana mboten jenjeming manah. Manah mboten naté sumèlèh, awit guru ingkang dipun pundhi-pundhi sampun séda, awit raos sengit ingkang makantar-kantar saking para pamimpining tiyang Yahudi ngantos nuwuhaken aniaya lan ukuman siksa. Manah para murid kalimputan ing kasedhihan miwah raos mboten trentrem, awit mboten wonten malih satunggaling pemimpin ingkang saged ngesuhi lan nyawijèkaken malih para murid. Manahipun para murid ugi mboten tentrem awit nginten mesthi badhé sami ngalami ugi lelampahan ingkang sami, lan tunggil nasib kaliyan gurunipun, inggih punika dipun oyak-oyak, dipun cepeng, lan dipun patrapi paukuman déning pangarsaning agami tiyang Yahudi. Tuwuh pitakènan ugi ”Punapa tegesipun sedaya prasetyaning mesias ingkang sampun sami kapireng, menawi wusananipun Gusti Yésus kedah séda?” awis saking punika limrah menawi wusananipun para murid wangsul dhateng gesang padintenanipun piyambak-piyambak, tanpa pangajeng-ajeng malih.

Wonten ing ayat 13 dipun pangandikakaken: *”Ing dina iku uga ana wong loro, panunggalané para sakabat, padha menyang ing désa kang aran Émaus, dohé saka ing Yérusalem watara pitung mil”*. Dhipun pitung mil (11,265 km) punika tebih sanget kanggénipun tiyang ingkang namung lumampah, punapa malih dipun kanthèni manah ingkang kebak kasisahan tanpa pangajeng-ajeng. Ing sauruting margi, tiyang kekalih kasebat *”padha rasanan bab kabèh kang mentas kelakon”*.

Sanadyan kita sedaya mboten saged mangertos kanthi wéla-wéla punapa ingkang sami dipun rembag, nanging kita saged nginten, bilih para murid kekalih nembé reraosan punapa ingkang sampun kelampahan lan dipun alami ing Yerusalem. Ngrembag bab tiyang-tiyang Yahudi ingkang nyengiti Gusti Yésus, bab Gusti Yésus ingkang sampun séda, malah saged ugi ngrembag bab dhirinipun pribadi, punapa ingkang mesthinipun katindakaken. Tiyang kekalih sami rumaos menawi langkung prayogi wangsul dhateng gesang padintenan kados nalikanipun dèrèng pinanggih Gusti Yésus, lan miwiti babakan gesang anyar.

Kanthi mboten kanyana-nyana, Gusti Yésus nyaketi tiyang kekalih kasebat, lan lumampah nyarengi kekalihipun. Nanging wonten ing ayat 6 dipun pangandikakaken: *”Nanging wong mau mripaté padha kalimputan, mulané padha pangling karo Panjenengané”*. Wonten bab ingkang narik kawigatosan saking ayat punika, inggih punika: *”mripaté padha kalimputan”*. Ngraosaken sedhik mujudaken prekawis ingkang limrah nalikanipun ngalami kécalan tiyang ingkang dipun tresnani. Kawontenan ingkang mekaten punika badhé anjalari tuwuhipun raos sedhik, kécalan pangajeng-ajeng, kijènan, lan sanès-sanèsipun. Malah kawontenan ingkang mekaten ugi saged nuwuhaken wontenipun *Prolonged grief disorder*, menawi Gusti Yésus mboten rawuh nyarengi tiyang-tiyang kasebat. Pejah amargi yuswa sepuh, utawi karana sakit sampun nuwuhaken raos sedhik, punapa malih menawi pejahipun punika karana kacilakan, pejah sacara dadakan lan karana raja pati, mesthi badhé sangsaya nuwuhaken pangraos ingkang mboten kanten-kantenan.

Saged dipun mangertosi menawi ing kaawontenan mekaten punika, Lukas nyerat pangraosipun tiyang kekalih ingkang mboten kanten-kantenan punika sarana tembung: *”... mripaté padha kalimputan”*, awit saged ugi pengalaman nyata ingkang mekaten punika ingkang nembé karaosaken déning tiyang kekalih kasebat. Inggih awit saking gorèhing manah ingkang sakalangkung mekaten punika, ingkang sampun anjalari tiyang kekalih kasebat mboten saged nglengganani bilih ingkang nembé

lumampah sesarengan kaliyan piyambakipun punika èstunipun Gusti Yésus.

Ing kawontenan sami mboten nglengganani punika, Gusti Yésus mundhut pirsa bab ingkang nembé sami karembag. Salah satunggaling murid ingkang nami Kléopas matur: ”Punapa namung Panjenengan piyambak tiyang manca ing Yerusalem ingkang mboten uninga bab ingkang mentas kelampahan wonten ing mriki, ing sawatawis wekdal punika?” Kléopas lajeng mbèbèraken punapa ingkang sampun kelampahan wiwit saking sedaya pangajeng-ajengipun dhumateng Gusti Yésus, kejemipun para pangarsaning imam lan pimpinanipun tiyang Yahudi, sédanipun Gusti Yésus, paseksinipun para wanita lan murid sanèsipun, bilih Gusti Yésus taksih sugeng. Nanging tumrap sedaya prekawis kasebat, para murid kekalih dèrèng saged mangertosi kanthi trewaca langkung-langkung ing bab wungunipun Gusti Yésus.

Punapa ingkang salajengipun katindakaken déning Gusti Yésus dhumateng murid kekalih kasebat?

Sepisan, Gusti Yésus ngandika: "Hèh wong kang padha tanpa budi lan kang randhat ing pamikir, temah ora percaya marang samubarang kabèh, kang wus kapangandikakaké déning para nabi!" (ay.25). Nyimak tetembungan punika, kita saged mbayangkan; bilih Gusti Yésus nembé ndhodhog manahipun para murid kekalih, ngantos sami kagèt, anjalari sami ènget malih bilih kasangsaranipun sang Mesih punika pancèn sampun kaweca ing”... sabarang kang wis katulisan ing Kitab Suci kabèh tumrap Panjenengané, wiwit kitab-kitabé Nabi Musa lan kitab-kitabé para nabi”.

Kaping kalih, wonten ing ayat 28 "... Gusti Yésus kaya-kaya arep nglajengaké tindaké". Nanging murid kekalih nyandhet lan nyuwun kanthi sanget, supados tetep lerem kaliyan kekalhipun, karana wekdalipun mèh dalu. Nalikanipun sampun dumugi ing griya, wonten ing ayat 30 Gusti Yésus *"mundhut roti, diberkahi, banjur dicuwil-cuwil, diparingaké marang karoné".* Lumantar prastawa punika, Gusti Yésus mangsulaken pangajeng-ajengipun murid kekalih kasebat, lan nyagedaken para murid

kekalih ngroncé pangertosanipun bab panjenenganipun, pakaryan saha pangurbananipun wonten ing kajeng salib. Pramila sasampunipun nyeksèni prastawa kasebat, mripatipun murid kekalih kabikak, lan saged mangertosi bilih ingkang nembé wawan rembag punika èstunipun Gusti Yésus piyambak. Namung kémawon Gusti Yésus lajeng nilar para murid kekalih. Nanging punapa ingkang lajeng kaucap déning murid kekalih kasebat? Murid kekalih sami ngucap: *"Atiku rak wis padha ngangah-angah, nalika Panenengané ngandika marang aku kabèh ana ing dalan lan nalika Panjenengané nerangaké Kitab Suci marang kowé lan aku?"*

Kekalihipun wangsul malih ngroncé pangajeng-ajengipun, nglengganani punapa ingkang kelampahan, lajeng gumrégah lan kanthi manah ingkang makantar-kantar nuju ing Yerusalem, kanggé martosaken dhateng para murid sanèsipun sedaya pengalamanipun pinanggih Gusti Yésus. Sasampunipun dumugi ing ngajengipun para murid sanèsipun, kekalihipun suka paseksi: *"Gusti nyata wis wungu lan wis ngatingal marang Simon"*. Punika pratandha bukti kaéramaning wungunipun Gusti Yésus, saking ingkang kécalan pangajeng-ajeng samangké gumrégah ngroncé pangajeng-ajengipun.

Lumampah dumugi ing Émaus saged nggambaraken kasunyataning gesang kita minangka manungsa. Nalika nembé ngraosaken kasisahan, sedhih, bingung, rumaos kécalan pangajeng-ajeng, asring ndamel icalipun greget kanggé nglampahi gesang. Punapa malih menawi sedaya punika tetep sinimpen ing gesang pribadi, saged nuwuhaken manékawarni prekawis kajiwan ingkang kelajeng-lajeng, anjalari tuwuhipun prekawis-prekawis kajiwan kados déné *prolonged grief disorder* punika.²

² Artikel ini telah tayang di Kompas.com dengan judul "Prolonged Grief Disorder, Gangguan Mental Akibat Kehilangan Orang Tersayang" <https://health.kompas.com/read/2020/02/23/103400168/prolonged-grief-disorder-gangguan-mental-akibat-kehilangan-orang-tersayang?page=all>

Nanging menawi raos sedhik lan kécalan pangajeng-ajeng punika mboten sinimpen ing gesang pribadinipun, mila kita sedaya badhé enggal kapulihaken lan saged ningali kathah pilihan ingkang saé ingkang nenangi pangajeng-ajeng tumrap kita sedaya, punapa déné tiyang sanès. Kuncinipun dumunung wonten ing pundi menawi tiyang-tiyang Kristen kepéngin wangsul ngraosaken gesang rahayu? Kuncinipun dumunung wonten ing pepanggihan sacara pribadi kaliyan Gusti Yésus, tepang saèstu sacara nandhes kaliyan Panjenenganipun lan masrahaken gesang sawetahipun dhateng Panjenenganipun ingkang gesang. Ing selebeting kasedhihan punapa kémawon ingkang dipun alami ing wekdal punika, Gusti mboten naté kèndel, Panjenenganipun badhé tansah tindak sesarengan kaliyan kita sedaya, Panjenenganipun badhé sesarengan kaliyan kita ngraosaken kasisahan kita, ngantos kita kapulihaken malih déning Gusti. Èngeta! Gusti Yésus badhé preduli dhateng kawontenaning batos kita sedaya.

PITAKÈNAN PANYURAOS:

1. Punapa panjenengan naté ngalami lelampahan ingkang sami kadosdéné muridipun Gusti Yésus kekalih, inggih punika mboten nepangi malih tiyang utawi sedhèrèk nalikanipun panjenengan nembé ngalami kasisahan? Cobi kacariosna.
2. Kados pundi panjenengan saged ngatasi kasisahan awit saking kécalan tiyang ingkang dipun tresnani?
3. Punapa ingkang prelu panjenengan lampahi supados wungunipun Gusti Yésus tansah maringaken pangajeng-ajeng anyar ing salebeting gesang padintenan panjenengan?

(ias/ytd)

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI
ADITYUSWA

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

Bahan Panyuraos Kitab Suci
Adiyuswa 1

Waosan Kitab Suci:
Roma 8: 18-30

**“Kénging
Punapa Rumaos
Nandhang
Sangsara?”**

Ancas Tujuan:

1. Para adiyuswa ndarbèni pangertosan anyar ngéngingi kasangsaran satemah nggadhahi kekiyatan kanggé nglampahi kasangsaran kasebat.
2. Para adiyuswa saged nampèni kanthi kebak raos kabingahan tumrap kasangsaran ingkang kedah dipun lampahi.

TATARAN WIWITAN:

Kawiwitana Panyuraos Kitab Suci sarana memuji KPK (BMGJ) 123:1-2 “Gusti Pangungsènmu”

1. Yèn nandhang sangsara, sarta sedhih
Manteba pracaya, Allah tan tebih
Aja wedi, Gustimu nganthi
Rèhing kadursilan, mesthi kasoran
Pepeteng dosa, ilang sirna
Mung gung karaharjan, kang sinandhang
2. Yèn nyangga momotan, wah panandhang
Aja sira semplah, alit ing manah
Iblis julig, memilut driya
Milih margi ènthèng, nging dugèng nraka
Pasrah Pangéran, nyuwun kiyat
Sira linuwaran, wit sih rahmat

PANDONGA PAMBUKA

TATARAN INGGANG KAPING KALIH:

Kaaturna andharan pambuka Panyuraosing Kitab Suci

1. Kula aturi pitakèn dhateng para panyuraos: saking lampah gesang padintenan, kasangsaran punapa inggang naté dipun alami? Punapa inggang panjenengan raosaken nalika ngalami kasangsaran? *(kasuwuna para panyuraos ngandharaken wangsulaniipun adhedhasar pengalaman pribadi).*
2. Kaaturna andharan pambuka ngéngingi kasangsaran sacara umum.

Kasangsaran mujudaken pengalaman inggang tansah kedadosan ing selebeting gesang, inggang saben pribadi mesthi naté ngalami kasangsaran inggang manekawarni wujudipun. Miturut *Kamus Besar Bahasa Indonesia*, kasangsaran dipun maknani minangka kawontenan inggang nyisahaken manah inggang kedah dipun sanggi.

Sikekipun saben tiyang dhateng kasangsaran mboten sami setunggal lan setunggalipun. Manékawarni sikep katedahaken nalikanipun sami nandhang kasangsaran. Pitakènan inggang asring kaajengaken inggih punika: “Kénging punapa kula kedah nandhang sangsara?”; “Sinten inggang anjalari kula nandhang sangsara?”; lan taksih kathah malih sikep inggang katedahaken nalika ngalami kasangsaran.

Karena mboten wonten tiyang inggang sacara kodrat kepéngin nandhang sangsara, pramila kasangsaran tansah dipun anggep dados pepalang kanggé jumangkah tumuju dhateng kasaénan.

Ing sasisih, manungsa kepéngin uwal saking kasangsaran, nanging ing sisih sanès manungsa taksih gesang wonten ing alam donya, inggang sampun dhumawah ing dosa lan kaèbekan déning kasangsaran. Kanthi mekaten manungsa mboten badhé saged uwal saking sawarnining kasangsaran.

TATARAN INKGANG KAPING TIGA:

Pamaosing Kitab Suci saking Serat Roma 8:18 – 30

(Sasampunipun rampung maosaken Kitab Suci, Panuntun panyuraos ngandharaken katerangan bab Rum 8: 18-30 kasebat ing nginggil)

Bangsa Israèl nggadhahi pamanggih bab kados pundi jagad punika kaanyaraken, inggih punika jagad ingkang kamardikakaken saking sawernining prekawis ingkang nasar. Punika sedaya ketingal saking kitab nabi Yesaya 65: 17: “Awitdéné lah Ingsun nitahaké langit kang anyar lan bumi kang anyar”. Pangertosanipun bangsa Israèl ngénggingi langit anyar lan bumi anyar punika mboten supados saged mlajar saking kasangsaran, nanging kosok-wangsulipun malah supados bangsa kasebat ndarbèni pangajeng-ajeng ingkang kekah kanggé nglampahi gesang padintenan wonten ing jagad punika. Kanthi mekaten, menawi bangsa Israèl kasebat ngalami kasangsaran ingkang awrat, katindhes dados batur tumbasan, kaaniaya lan sapiturutipun, bangsa kasebat mboten namung nggresula kémawon, nanging kanthi tetep setya tuhu nglampahi sedaya kasangsaran kanthi kebak ing pangajeng-ajeng tumrap pangluwaran ingkang badhé dhateng.

Rasul Paulus migunakaken pangertosanipun bangsa Yahudi punika kanggé nerangaken bilih kamulyan ingkang badhé dipun tampèni déning tiyang pitados saèstu aji sanget maknanipun, satemah kasangsaran ingkang nembé dipun alami samangké mboten darbé makna punapa-punapa katandhingaken kaliyan kamulyan ingkang badhé katampi ing mangkénipun. Kanthi mekaten saged dipun ngendikakaken bilih kasangsaran ingkang kelampahan punika sanès prekawis ingkang ngéram-éramaken, nanging kedah kelampahan tumrap sinten kémawon ingkang taksih gesang wonten ing jagad ingkang taksih keblenggu déning bandaning dosa.

Mekaten ugi kita sedaya minangka tiyang pitados dhumateng Gusti Yesus ingkang taksih gesang wonten ing jagad punika. Kita sedaya taksih tinarbuka ngadhepi lan nglampahi kasangsaran. Semanten ugi para adiyuswa inggih taksih tinarbuka ngadhepi lan nglampahi kasangsaran. Supados kita sedaya saged kanthi kebak kasabaran ngadhepi lan nglampahi kasangsaran, kita prelu ndarbèni cara pamikir ingkang gumathok dhateng kasangsaran kasebat:

1. Kasangsaran ingkang dipun alami ing wekdal punika mboten darbèni makna punapa-punapa katandhing kaliyan kamulyan ingkang badhé kita tampèni ing mangkènipun.
2. Kasangsaran ingkang mekaten punika mboten dipun alami namung déning satunggal tiyang kémawon, nanging dipun alami déning sedaya tiyang mboten preduli yuswa lan kalenggahanipun ing satengah-tengahing masyarakat.
3. Pangajeng-ajeng mujudaken kekiyatan ing salebeting ngalami kasangsaran. Awit saking punika, ing salebeting pitados, dipun pitadosi bilih kasangsaran punika mesthi badhé sirna lan kagantos kabingahan.
4. Roh Suci badhé mitulungi kita nalikanipun kita ringkih, lan nedahaken sedaya kados pundi kedahipun ndedonga.
5. Gusti tumut makarya ing sadhéngah prekawis, saé ing kawontenan ingkang mbingahaken punapa déné ing kawontenan ingkang nyisahaken, ingkang sedayanipun punika kanggé kasaénan kita sami.

TATARAN INKGANG KAPING SEKAWAN:

Andum Pengalaman lan Mulad Sarira

(Kaajab saben adiyuswa sumadya andum pengalaman ngéngingi kasangsaran ingkang dipun alami lan katuntun saged manggihaken makna anyar supados sami ndarbèni kekiyatan kanggé nglampahi kasangsaran kasebat)

TUNTUNAN PITAKÈNAN:

1. Punapa akibatipun ngalami sangsara tumrap gesang pitados dhateng Sang Kristus?
2. Teges punapa ingkang Ibu/Bapak pethik saking kasangsaran ingkang dipun alami?
3. Adhedhasar serat Rum 8:18-30, punapa ingkang panjenengan mangertosi ngéngingi pangajeng-ajeng ing satengahing kasangsaran?
4. Kados pundi caranipun supados saged nuwuhaken pangajeng-ajeng?

PANDONGA

(sami donga dinonga)

Memuji KPK (BMGJ) 90: 1,2 “PASRAHA”

1. Bungaha susah Gusti dak puji
Kang mranata gesang kula,
Kula rinimat kalayan katresnan
Mila kula pasrah pangrèhnya
Reff.
Pasraha, pasraha,
Ing sapangrèhing Hyang Ma'kwasa
2. Sapinten awrating momotan kula
Rencana godha myang susah
Yèn kula énggal mulad Sang Pamarta
Manah kula ènthèng lan bingah
Reff.

(nea/ytd)

Bahan Panyuraos Kitab Suci
Adiyuswa 2

Waosan Kitab Suci:
Torèt 31: 1-8

**“Cecawis
Ngadhepi Pati”**

Ancas Tujuan:

1. Para adiyuswa ndarbèni pangertosan ingkang leres ngéngingi Pati.
2. Para adiyuswa nglengganani bilih pati punika mujudaken prekawis ingkang limrah.
3. Para adiyuswa ngrenggani gesang kanthi prekawis-prekawis ingkang saé lan nuwuhaken pangajeng-ajeng (*hal yang positif*).

TATARAN WIWITAN:

Kawiwitana Panyuraos sarana memuji:

KPK (BMGJ) 130: 1,3 “Allah Dados Pepadhang”

1. Allah kang dados pepadhang, nuntun dhateng kraharjan Astanya sèstu santosa, ngreksa tyang kang pracaya Pepadhanging Allah nganthi, ngirid ngajeng lan wuri Ngantos dumugèng swarga.
3. Allah kang dados pepadhang, nuntun ing margi yekti Mring margining kasampurnan, gayuhaning pra suci Kula badhé salaminya, ndhèrèk Gusti kanthi setya Wit mesthi dugèng swarga.

PANDONGA

TATARAN KAPING KALIH:

Para panyuraos kaajaka ngrembag bab:

1. Punapa ingkang njalari ngrembag bab pati punika mujudaken awisan, sanadyan mesthinipun ingkang anama pati punika prekawis ingkang limrah badhé dipun alami déning saben tiyang?
2. Ngantos dumugi ing wekdal punika, punapa ingkang panjenengan mangertosi bab pati?
3. Kaandharna katerangan pambuka ngéngingi waosan Kitab Suci.

Menawi kita taliti kanthi premati, èstunipun pati punika mujudaken prekawis ingkang limrah. Saged dipun ngendikakaken bilih pati punika sampun kelampahan wiwit manungsa dhumawah ing dosa. Tegesipun, ingkang anama pati punika tansah ngetut buri gesangipun manungsa ing jagad punika. Malah sarana wontenipun pati, turunan ingkang anyar ndarbèni kalodhangan kanggé nglampahi gesangipun, satemah pati punika tetéla asung wekdal kanggé lairipun pagesangan ingkang énggal. Malah tiyang-tiyang ingkang pitados dhateng Gusti Yesus, saged ndadosken pati punika tansah kaajeng-ajeng awit sarana mekaten tiyang pitados badhé saged tetunggilan kaliyan Gusti Yesus ing kalanggengan swargi.

Pati pancèn mujudaken kanyatan ingkang sarwa cecengkahan. Ing sasisih, pati saged ngrisak larasing gesang, awit saking kawontenan gesang ingkang kebak kabingahan kedadak dados pagesangan ingkang kebak kasisahan, panandhang lan raos ajrih. Nanging ing sisih sanèsipun, pati ugi saged dados sarana ngrukunaken brayat ingkang katilar. Tiyang-tiyang ingkang swaunipun mboten sami rukun, lajeng saged karukunaken awit ngraosaken raos sedhih lan panandhang awit wontenipun raos kécalan ingkang sami. Kawontenan tunggal raos ing kasedhihan lan panandhang saged ngawonaken pangraos ingkang béda, ingkang swaunipun memengsahan, wusananipun sami saged karukunaken.

TATARAN KAPING TIGA:

Pamaosing Sabdanipun Gusti saking Pangandharing Toret 31:1-8

(Sasampunipun rampung maosaken Sabdanipun Gusti, Panuntun panyuraos ngandharaken katerangan ngéngingi ayat-ayat kasebat)

Musa punika mujudaken satunggiling pemimpin ingkang saèstu dipun urmati déning bangsa Israel. Déné sebabipun, Musa sampun saged ngluwari bangsa Israèl medal saking tanah pangawulan ing Mesir. Sacara pribadi, Musa ugi sampun ngalami pepanggihan kaliyan Gusti Allah, lan nampèni Angger-anggering Toret minangka paugeraning gesangipun bangsa Israèl.

Sanadyan Musa punika mujudaken pribadi ingkang nggadahi sesambetan raket kaliyan Gusti Allah, lan naté pepanggihan kaliyan Panjenenganipun, mboten ateges Musa punika khalis saking sipat winatesipun minangka manungsa. Musa tetep mboten saged nyélaki wontenipun sipat winates ingkang sinandhang ing gesangipun minangka manungsa. Salah satunggaling sipat winates kasebat mboten sanès inggih pati. Nglengganani prekawis punika, Musa nggadahi sikep mekaten:

1. Pangakening Dhiri

Minangka tiyang ingkang sampun yuswa sepuh, nalika semanten Musa sampun yuswa 120 tahun, Musa ngakeni kanthi blak-blakan tumrap winatesipun badan awit yuswa ingkang sampun sepuh. Musa mboten nyélaki karingkihanipun. Wonten ing ayat 2 Musa ngandika: “Umurku saiki 120 tahun; aku wus ora bisa giyat manèh, sarta Pangéran Yéhuwah wus ngandika marang aku ...” Punika satunggaling pangaken ingkang kadhasaraken ing katresnanipun dhumateng Gusti Allah lan katresnanipun ugi dhateng bangsa Israèl. Awit saking punika, Musa kanthi legawaning manah kepareng masrahaken tanggal jawabipun minangka

pemimpin dhumateng turunan salajengipun, kanthi mboten ngalami punapa ingkang winastan “*post power syndrome*”. Ing babagan punika, Musa mboten lajeng rumaos sampun “kabucal/kasingkiraken” kados déné sanépan “*habis manis sepah dibuang*”. Kosok wangsulipun Musa malah maknani sipat winatesipun punika minangka pangaken dhateng pangwaosipun Gusti ingkang tan winates.

2. Sinau Saking Pengalaman

Musa minangka tiyang ingkang sampun yuswa sepuh ndarbèni kathah pengalaman ingkang saèstu aji. Sampun 40 tahun Musa mimpin bangsa Israèl, kanthi sedaya lelampahan ingkang mbingahaken punapa déné nyisahaken. Pengalaman ingkang dipun darbèni punika nggadhahi aji ingkang mboten saged kaukur. Ing sasisih, Musa nglengganani sipat winatesipun, nanging ing sisih sanèsipun Musa ugi nglengganani pengalaman ingkang aji kasebat. Mila ingkang lajeng katindakaken déning Musa inggih punika nepangaken Yusak dhumateng bangsa Israèl minangka pribadi ingkang badhé nglajengaken ayahanipun, dalah maringaken kekiyatan dhumateng Yusak kanggé nindakaken ayahanipun. Musa mboten nganggep Yusak dados jor-joranipun ingkang badhé ngrebat “panguwaosipun”, nanging kosok-wangsulipun malah nganggep Yusak minangka “turun panglajeng” ingkang pantes pinasrahan mandhat. Lantaran mandhat punika, Yusak badhé sekedhik mbaka sekedhik nindakaken ayahaning pemimpin, ingkang swaunipun katindakaken déning Musa. Kanthi mekaten, mila Musa ugi sekedhik mbaka sekedhik marisaken pengertosan lan kasagedanipun dhumateng Yusak, lan kanthi alon-alon Musa wiwit mengker saking sedaya ayahan ingkang sampun kamandhataken dhumateng Yosua.

3. Asung Pambereg ing Pitados

Musa ndarbèni pengalaman gesang pitados ingkang kathah. Mboten winates namung pengalaman ingkang kasembadan kémawon, nanging ugi pengalaman ingkang cabar/wurung. Pengalaman punika dipun darbèni déning Musa wiwit lumarap wonten ngarsanipun sang raja Pringon ngantos dumugi ing wewengkon bangsa Israel mèh lumebet Kanaan. Kanthi sedaya pengalaman punika, Musa sagah maringi wewarah lan pitedah dhumateng Yusak ingkang badhé nglajengaken ayahanipun nuntun lan mimpin bangsa Israel supados bangsa punika tansah ngendelaken Allah kémawon. Dados, sanadyan sacara wadhag Musa sampun lumebet ing kasepuhan lan sangsaya ringkih, nanging sacara kapitadosan, Musa tetep kiyat lan sembada dados sumber wewarah lan kekiyatan tumrap bangsa Israèl lan mliginipun tumrap Yusak.

Lelampahanipun Musa punika nedahaken bilih gesang punika pancèn mboten saged kapisahaken saking pati. Kekalihipun saèstu aji. Pati badhé aji menawi gesang punika dipun lampahi kanthi aji ugi.

TATARAN KAPING SEKAWAN:

Andum Pengalaman lan Mulad-Sarira

(Kaajab saben adiyuswa karsa andum pengalamaning gesang ingkang dipun lampahi)

TUNTUNAN PITAKÈNAN:

1. Menawi pati punika sampun dados pepesthèn, punapa kita sampun sami cecawis kanthi prayogi ing salebetipun ngadhepi pati?
2. Menawi pati punika nuwuhaken raos ajrih, punapa èstunipun ingkang kita ajrihi?

PANDONGA

(Sami donga-dinonga)

Memuji saking KPK (BMGJ) 137:1-3 “Kang Langgeng Sihé Allah”

1. Saprakara kang pantes dèn upadi,
Yéku kratoning Allah Sang Rama
Samubarang pinaringken tumuli,
angger sumuyud jroning pracaya
Reff.
Kabèh mung nglaha, kabèh mung nglaha
Sarwa kadonyan wus mesthi sirna
Mung sihé Allah kang langgeng slamanya
Tyang kang ngayom wus mesthi raharja
3. Sagunging kadonyan ingkang kadarbya,
iku sranané mbabarken tresna
yèn dugèng janji tan badhé binekta,
mung gesang langgeng bandha ing swarga
Reff.

(nea/ytd)

Bahan Panyuraos Kitab Suci
Adiyuswa 3

Waosan Kitab Suci:
Lukas 20:27-40

**“Wungu Saking
Pejah”**

Ancas Tujuan:

1. Para adiyuswa ndarbèni pangertosan bilih wungu saking pejah punika pancèn wonten lan kelampahan.
2. Para adiyuswa ndarbèni pangertosan bab wontenipun gesang langgeng ing Sang Kristus.

TATARAN WIWITAN

Kawiwitana panyuraos Kitab punika sarana memuji”
“Hidup Ini adalah Kesempatan”

Vèrsi Jawi: Jarwènipun Pdt. Yusak Tridarmanto

5 1 2 3 1 2 1 6 1 6 5
Gesang kula, tuhunipun wewengan
5 1 3 5 1 1 1 7 1 3 2 2
Gesang kula leladi katur mring Gusti
5 5 5 3 2 1 1 1 2 1 6 6 5
Paringipun Gusti, sampuna ngantos nglaha
5 1 2 3 3 2 1 7 2 1
Gesang dados berkah mring sesami
Reff.
3 4 5 1 6 6 5 6 5
Dhuh Gusti, gesang ‘mba kagama
3 2 1 1 7 1 3 2 2
Slaminya ‘mba santosa taksih
3 4 4 4 3 2 2 2 3 3 3 2 1
Lamun dugèng wancinya, ngglawat tan kedugi
5 1 2 3 3 2 1 7 2 1
Gesang kula sampun dados berkah

NDEDONGA

TATARAN KAPING KALIH:

Para warga Panyuraos sami kaajaka ngrembag bab:

1. Nalika mireng tembung “wungu saking pejah”, punapa ingkang lajeng sami panjenengan penggalih?
2. Punapa sesambetan ing antawisipun wungunipun Gusti Yesus saking pejah, kaliyan gesangipun tiyang pitados ing wekdal samangké?
3. Lajeng kaaturna andharan pambuka bab Panyuraos Kitab Suci punika:

Mboten saben tiyang saged nampèni lan pitados dhateng piwulang ngéngingi wungunipun tiyang pejah. Tiyang-tiyang Saduki mujudaken salah satungiling golongan ingkang mboten pitados dhateng wungunipun tiyang pejah. Saged kémawon kapitadosanipun golongan Saduki punika ugi dados kapitadosanipun sawetawis golongan sanèsipun, ingkang ugi sami ndadosaken bab “wungu saking pejah” punika, pitakènan. Punapa malih bab wungu saking pejah punika mboten naté dipun kanthèni bukti-bukti “ilmiah” (bukti-bukti adhedhasar ilmu kasarjanan), kamangka miturut nalaring ngèlmu, menawi tiyang sampun pejah, ateges sampun rampung samudayanipun, sedaya péranganing gesang wangsul dhateng mila bikanipun.

Sanadyan mekaten, prelu ugi tansah dipun èneti bilih piwulang bab wungu saking pejah punika, pinangkanipun saking Gusti piyambak, ingkang dipun wulangaken dhateng para sakabatipun, dadosa ingkang gesang ing wekdal semanten punapa déné dhateng kita sedaya ing wekdal samangké. Kanthi piwucal bab wungu saking pejah punika, mila gesang ingkang sami kita lampahi samangké tetep ndarbèni pangajeng-ajeng.

TATARAN KAPING TIGA

Pamaosing Sabdanipun Gusti saking Lukas 20: 27-40

(Sasampunipun rampung maos Sabdanipun Gusti, panuntun panyuraos ngandharaken sawetawis kateranganing ayat-ayat kasebat)

Golonganipun tiyang Saduki cacahipun mboten kathah, nanging kalebet golonganipun tiyang sugih. Golongan punika sami tumut nyepeng panguwaosing pamarintahan lan purun nyambut damel sesarengan kaliyan pamarintah Romawi.

Golonganipun tiyang-tiyang Saduki punapa déné golonganipun tiyang-tiyang Farisi, sami mboten rena dhateng rawuhipun Gusti Yesus. Awit saking punika, kalih golongan punika asring sesarengan memengsahi Gusti Yesus. Nadyan mekaten golongan kekalih punika èstunipun ndarbèni pamanggih lan kapitadosan ingkang béda. Salah satunggiling pamanggih lan kapitadosan ingkang béda, ingkang paling cetha, inggih punika kapitadosan bab wungu saking pejah. Tiyang-tiyang Farisi sami pitados dhateng wungunipun tiyang pejah, punapa déné ugi pitados dhumateng para malaikat lan roh-roh. Déné tiyang-tiyang Saduki, mboten mitadosi bab wungunipun tiyang pejah punapa déné wontenipun malaikat lan roh-roh. Awit saking punika, tiyang-tiyang Saduki sami pitakèn bab wungunipun tiyang pejah adhedhasar kitab Pangandharing Toret 25: 5 “Manawa ana sadulur lanang padha manggon tetunggalan, mangka kang siji mati ora tinggal anak lanang, ing kono randhané kang mati mau aja omah-omah karo wong liya kang dudu kulawargané, nanging saduluré kang lanang iku kang wajib ngepèk bojo, lan kalawan mangkono dadiné nindakaké kawajibaning ningkah ipé”.

Pitakènanipun tiyang Saduki bab sinten ingkang ing tembé dados garwanipun, karaos saèstu pinanggih ing nalar.

Menawi mboten taliti, saged kémawon pitakènan kasebat kawangsulan kanthi cara suka wangsulan ingkang sami kados déné tiyang-tiyang Saduki punika, inggih punika mboten wonten

patangèn saking pejah. Wangsulan ingkang mekaten ugi ingkang kaajeng-ajeng déning tiyang Saduki saking Gusti Yesus. Kanthi mekaten, Gusti Yesus badhé paring wangsulan bilih garwanipun randha kasebat inggih punika si A utawi si B.

Paring Wangsulanipun Gusti Yesus:

1. Aja padha madhakaké ing antarané urip ing jagad lan swarga. Awit, urip ana ing swarga pancèn béda saka urip ana ing donya iki. Klèntu menawi wonten pamanggih bilih urip ing swarga lan ing bumi punika sami, amargi gesang ing swarga punika khalis saking bab kawin-mawin. Tiyang-tiyang kasebat gesang kados déné malaikat. Nalika taksih gesang wonten ing donya, manungsa sami nggadhahi pangraos, lan sarana pangraos punika, manungsa sami saged nglairaken raos tresna, bingah, kaget, nepsu, sedhih lan sakpanunggalanipun. Nanging sasampunipun wonten ing swarga, manungsa mboten dipun kendhalèni malih déning raos-pangraos kasebat.
2. Sebatan Allahipun Abraham, Allahipun Ishak lan Allahipun Yakub, dados bukti nyata bilih Abraham, Ishak lan Yakub, saèstu taksih ndarbèni gesang ing ngarsanipun Gusti. Awit tiyang ingkang sampun pejah, mesthinipun mboten darbé nama malih.

Piwulangipun Gusti Yesus bab patangèn saking pejah, ugi dados piwulang tumrap kita sedaya, ingkang taksih gesang wonten ing jagad punika. Kanthi mekaten, sarana nggegesang piwucalipun Gusti bab patangèn saking pejah, kita sami kaajab badhé:

1. Tansah abebingah ing salebeting nglampahi gesang. Tetep ndarbèni kabingahan, tan winates ing yuswa. Kanthi mekaten wonten ing gesangipun adiyuswa, lan sampun pensiun ugi tetepa nggadhahi kabingahan.

2. Ngrimati gesang kanthi kebak pamuji sokur dhumateng Gusti. Awit karana wontenipun patangèn saking pejah, tegesipun taksih wonten gesang ing swarga, ingkang sampun samesthinipun dados pawartos ingkang mbingahaken. Namung kémawon, prelu dipun èneti, mboten saben tiyang saged lumebet ing salebeting gesang langgeng. Awit saking punika, kanthi tetep ngrimati gesang ingkang kebak pamuji sokur dhumateng Gusti, kita mesthi badhé dados renaning penggalhipun Gusti.

TATARAN KAPING SEKAWAN:

Andum Pengalaman lan Mulad Sarira

(Kaajab saben adiyuswa karsa andum pengalaman lelampahan gesangipun)

TUNTUNAN PITAKÈNAN:

1. Gusti Yesus paring pepesthèn wontenipun patangèn saking pejah. Punapa kita sedaya sampun sami cecawis supados tumut katangèkaken saking pejah?
2. Kados pundi pakarti gesangipun manungsa ingkang pitados dhumateng patangènipun tiyang pejah minangka sih nugrahanipun Allah lumantar wungunipun Gusti Yesus saking antawisipun tiyang pejah?

PANDONGA

(Sami donga-dinonga)

Memuji KPJ 267:1,3 “Pamarta Kula Agesang”

1. Pamarta kula agesang, tyas kula mila agirang kang sinalib gesang, dennya séda krana kula wungune dados panjernya, kula ndhèrèk gesang
Reff.:
Gesang-gesang Pamarta kula agesang
Gesang-gesang, Pamarta kula agesang

3. Tyas kula yoga agirang, dé gadhah Pamarta gesang
sung gesang mring kula. Gusti gesang anèng swarga
nyawisi papan mring kula, kula ndhèrèk gesang
Reff.:
Gesang-gesang Pamarta kula agesang
Gesang-gesang, Pamarta kula agesang

(nea/ytd)

BAHAN

PAKEMPALAN PANDONGA

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

Bahan Pakempalan Pandonga 1

**Waosan Kitab Suci:
Lelakoné Para Rasul 7:55-60**

**“Napak Tilas
Panjenengané”**

1. Wekdal Ening

2. Kidung KPJ 34: 1-2 Ulukna Pamuji

- 1) Ulukna pamuji kanthi trusing ati
hé titah mring Gusti Allah
kang setya lan mahamirah,
wit sira rinoban berkah.
- 2) Saosa panuwun kanthi masmur kidung
hé sira wong kang pracaya
mring Allah sumbering berkah;
wit sira sinung raharja.

3. Pandonga

4. Kidung KPJ 124:1-2 Kula sèstu ndhèrèk Gusti

- 1) Kula sèstu ndhèrèk Gusti kang jumeneng Panutan.
Tetep setya dugèng janji tan wigih* karibedan
Reff.:
Dhuh nyawaku ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir.
Tut wuria salamina ing satindaké Gusti.
- 2) Kula sèstu ndhèrèk Gusti martosken Injil suci
Datan ajrih ing sangara, wit Gusti nganthi sira.
Reff.:
wigih* = *wegah*

5. Pamaosing Kitab Suci Lelakoné Para Rasul 7:55-60

6. Renungan



Satunggaling Bapa Gréja, Thomas a Kempis (1380-1471) naté nyerat kirang langkung mekaten suraosipun: “Gusti Yésus panci kagungan pendhèrèk kathah ingkang kepéngin kamulyakaken ing swarga, ananging namung sekedhik ingkang sumadya manggul salib sesarengan kaliyan Panjenenganipun. Kathah ingkang kepéngin ngraos-raosaken panglipur saking Gusti Yésus, ananging namung sekedhik ingkang sagah nandhang pacobèn sesarengan kaliyan Panjenenganipun. Kathah sanget ingkang remen lenggah nedha sesarengan kaliyan Gusti Yésus, ananging namung sekedhik ingkang sumadya ndhèrèk siyam sesarengan kaliyan Panjenenganipun. Sedaya tiyang kepéngin bingah-bingah kaliyan Gusti Yésus, ananging namung sekedhik ingkang purun nandhang sangsara sesarengan kaliyan Panjenenganipun. Panci kathah ingkang ndhèrèk Gusti Yésus ngantos titi wanci Panjenenganipun mecah-mecah roti, ananging namung sekedhik ingkang tetep ngetut wingking Panjenenganipun ngantos Panjenenganipun ngunjuk tuwunging kasangsaraan. Kathah ingkang ngormati Gusti Yésus awit mukjijatipun, ananging sekedhik ingkang ngetut wingking ngantos dumugi ing salib. Kathah ingkang memuji lan ngluhuraken Gusti Yésus nalikanipun sami nampi panglipur saking Panjenenganipun. Ananging menawi sami katilar déning Gusti Yésus piyambakan, senadyan namung sekedhap, lajeng sami wiwit nggresula utawi dhawah ing juranging kasedhihan.”

Stéfanus punika salah satunggal saking antawisipun tiyang pitu ingkang kapilih kanggé peladosan ing babagan sosial (mirsanana: LPR. 6:1-7). Tugasipun sami suka pambiyantu dhateng para randha, yatim lan tiyang-tiyang miskin ingkang kasisihaken. Minangka pendhèrèkipun Sang

Kristus, Stéfanus temtunipun nindakaken ayahan peladosan srana iman, katresnan, lan kauletan. Ananging, Kitab Suci nyathet peladosanipun mboten gangsar kados ingkang kagambaraken. Stéfanus kabungkem déning tiyang-tiyang ingkang nganggep piambakipun nguman-uman lan damel nistha agami Yahudi. Wiwitanipun, Stéfanus saged nangkis panutuh ingkang katujokaken dhateng dhirinipun. Nalika tiyang-tiyang wau mboten saged malih njlèntèrhaken cacat-kuciwa punapa ingkang katindakaken déning Stéfanus, tiyang-tiyang wau lajeng wiwit nyebar pawarstos awon ngengingi Stefanus, ngedu lan ngompori (*menghasut dan memprovokasi*) tiyang kathah bilih piyambakipun sampun nguman-uman Gusti Allah lan nerak pranatanipun Musa. Wekasanipun, Stéfanus kaseret dhateng Pradataning Agami supados dipun adili.

Narik kawigatosan nalika Stéfanus malah mawas pangadilanipun punika dados sarana kanggé martosaken Injilipun Yésus Kristus. Piyambakipun mboten geter déning intimidhasi lan pangancaming pati. Piyambakipun tetep nguwuh kanthi sora lan nélakaken kaleresan senadyan kedah dipun benturi séla. Anggènipun dados martir mboten awit memada agami lan nyenyemah Gusti Allah, ananging awit pangakening kapitadosanipun ingkang murni dhumateng Sang Yésus Kristus.

Ngajengaken ngajalipun, wonten ukara kalih ingkang kaucapaken: “Dhuh Gusti Yésus, mugi kersaa nampèni roh kawula,” lan “Dhuh Gusti, dosa punika mugi sampun Paduka tempahaken dhateng tiyang-tiyang punika!” Sasampunipun punika, Stéfanus séda. Ing satengahing kedadosan ingkang nggeteraken punika, wonten satunggaling nèm-nèman ingkang nama Saulus. Nalika semanten Saulus panci taksih dipun kuwaosi semangat numpes pendhèrèkipun. Ananging pengalamanipun Saulus ningali kados pundi uleting Stéfanus, dadosa ing sauruting gesangipun punapa-déné ngajengaken sédanipun, mesthi dados salah satunggaling pengalaman ingkang nemtokaken

tumrap Saulus ing tembé wingkingipun. Inggih, Saulus wusananipun dipun panggihi déning Gusti Yésus, mratobat, ngéwahi naminipun lan dados salah satunggaling Rasul ingkang paling mangaribawani ing bab mekaring Pasamuwan Kristen.



Dadosa Stéfanus
punapa-déné Paulus
punika para
pendhèrèkipun Sang
Kristus ingkang sampun
“pinanggih kaliyan
Gusti Yésus sacara
pribadi”. Inggih srana

pengalaman iman punika Stéfanus lan Paulus nindakaken sedaya ingkang dipun wulangaken lan dipun tindakaken déning Gusti Yésus, inggih punika preduli dhateng tiyang miskin lan ingkang kapinggiraken. Kakendelanipun Stéfanus ing pangadilan lan kasetyanipun Rasul Paulus kacetha ing pitembungan “Urip iku Sang Kristus déné mati iku kabegjan”. Punika sedaya ingkang dipun lampahi déning Gusti Yésus. Malah ngantos ing wekdal-wekdal pungkasan gesangipun, para martir taksih tetep nyuwantenaken kaleresan, kados ingkang ugi dipun ngendikakaken déning GustiYésus ing kajeng Salib.

Minangka para pendhèrèkipun, kita patut napak tilas Sang Kristus. Wonten ing kawontenan punapa kémawon, ngetut wingking Panjenenganipun punika bab ingkang mboten saged dipun enyang malih. Ngetut wingking Gusti Yésus tegesipun ngudi tansah lumampah sesarengan kaliyan Panjenenganipun, nuladha Panjenenganipun, ngasihi Panjenenganipun lan tansah sangsaya saèmper kaliyan Panjenenganipun. Sugeng ngraos-raosaken Sang Kristus ing mangsa Prapaska srana napak tilas Panjenenganipun lan ingkang mesthi wilujeng lumampah sesarengan kaliyan Panjenenganipun. Amin.

7. **KIDUNG KPJ 124:3 Kula sèstu ndhèrèk Gusti**
3) Kula sèstu ndhèrèk Gusti mbabarken sih-piwelasnya
mring sagung titah ing bumi, dimèn samya raharja.
Reff.:

8. **PANDONGA**

- Nyuwun supados kasagedaken mbangun turut lan setyo
tuhu dhumateng Gusti ing sadhengah kawontenan.
- Nyuwun supados mboten ajrih asung paseksi lumantar
pamawas, pitebungan saha pandamel.

9. **KIDUNG KPJ 343: 1-2 “Kula Nedya Kadya Gusti”**

Kula nedya kados Gusti, gesang suci, gesang suci
Kula nedya kados Gusti, gesang suci,
gesang suci, gesang suci
Kula nedya kados Gusti, gesang suci.

Kula nedya ajrih-asih dhateng Gusti, dhateng Gusti
Kula nedya ajrih-asih dhateng Gusti.
dhateng Gusti, dhateng Gusti
Kula nedya ajrih-asih dhateng Gusti.

aty/wms

Bahan Pakempalan Pandonga 2

Waosan Kitab Suci:

Matéus 7:7

**“Nyepengi
Prasetyanipun
Gusti Allah”**

- Liturgi pakempalan pandonga punika saged kacocogaken kaliyan kawontenaning pasamuwan.
- Sadèrèngipun miwiti pakempalam pandonga, panuntun sampun ngasta daptar pelados ingkang badhé ngunjukaken pokok-pokok pandonga.
- Menawi ing pasamuwan wonten pokok-pokok pandonga, panuntun saged mewahaken ing liturgi punika.

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG KPJ 15:1-2 Kula Tumenga Mring Gusti

- 1) Kula tumenga mring Gusti kang pinarak ing swarga, kados mripatipun abdi, mulat dhateng Gustinya. Nggih mekaten mripat amba, mandeng mring Gusti kula, ngajeng-ajeng pitulungan ngadhang rentahing sihnya.
- 2) Mripat amba tansah mandeng dhateng Alah kawula kados abdi ingkang nyawang mring astané Gustinya, sami ngadhang pitulungan saking kang Sinuwitan, nggih mekaten ingkang abdi nyadhong piwlasé Gusti.

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG KPJ 360:1-2 Indonesia Nagri Éndah

- 1) Indonesia nagri éndah, peparinging Yéhuwah mila kula dongakaken mrih raharja wah tentrem

- 2) Allah yéku kang ngayomi bangsa dalah negari;
ing sisah tanapi* bingah, mung Pangéran sinembah.

tanapi* = utawa uga, ananging

5. PANDONGA SAFAAT

Pokok Pandonga 1

Ngunjukaken Pandonga Gegayutan kaliyan Tarunging Batos (*Pergumulan*) Bangsa lan Negari

Sasampunipun dedonga, ngidung:

KPJ 82:1-2 Lamun Kula Kasayahan

- 1) Lamun kula kasayahan, kamomotan kèmenangan,
kula marek duh Pamarta nyuwun ayem Paduka.
Reff.:
Kula marek, dhuh Pamarta nyuwun ayem Paduka
Nyuwun ayem dhuh Pamarta, nyuwun ayem Paduka
- 2) Gusti sarèh ing penggalih, mugi mulang mring kula,
sinagedna tansah setya, manut pangrèh Paduka
Reff.:

Pokok Pandonga 2

Ngunjukaken Pandonga kanggé tarunging batos (*pergumulan*) ingkang dipun adhepi déning brayat (Warganing brayat ingkang nembé sakit, para putra ing salebeting prosès pasinaon lan pasrawungan, padamelan, lss)

Sasampunipun dedonga, ngidung:

Kidung KPJ 439:1-2 Ing Jagad Kang Peteng

- 1) Ing jagad kang peteng krana dosa
kathah tyang kang ngresula.
Karana panandhang, samya ngresah
miwah semplah ing manah.
Reff.:
Sumangga Gusti, ngagem kawula,
mrih ngèngetna para kanca

sengkut makarya nglawan godha,
dadosa berkah tumrap tyang kathah.

- 2) Angundhangna sih-rahmaté Gusti
kanthi setya nglampahi
margining luwar saking sangsara,
temah samya raharja.

Reff.:

Sumangga Gusti, ngagem kawula,
mrih ngènetna para kanca
sengkut makarya nglawan godha,
dadosa berkah tumrap tyang kathah

POKOK PANDONGA 3

**Ngunjukaken pandonga kanggé peladosaning pasamu-
wanipun Gusti ing jagad punika.**

Sasampunipun dedonga, ngidung:

Kidung KPJ 194:1-2 Kitab Suci Kang Adi

- 1) Kitab Suci kang adi, sabdèng Gusti sejati
éndah saklangkung éndah nugraha saking Allah
nugraha saking Allah.
- 2) Lembar sabda Paduka nuntun gesang kawula
dadya pedhang menjila* tamèng saking bebaya
tamèng saking bebaya

menjila* = istimewa, luar biasa (*Ind*)

6. RENUNGAN

“Prasetyanipun Gusti Tansaha Dipun Gondhèli”

Matéus 7:7

*“Padha nyenyuwuna, temah bakal kaparingan. Padha
golék-goléka, temah bakal oléh. Padha thothok-thothoka,
temah bakal kawenganan.”*

Punapa kita naté dipun janjèni punapa-punapa déning tiyang sanès? Punapa malah kita ingkang naté njanjèni punapa-punapa dhateng tiyang sanès? Sajakipun kita mesthi naté njanjèni punapa dipun janjèni, punapa malah kalih-kalihipun. Lajeng, kados pundi janji ingkang dipun paringaken déning tiyang sanès dhateng kita menawi mboten dipun tetepi? Temtu damel raos mangkel sanget, malah nalika sedhèrèk kasebat sampun ngudi kanthi temen-temen netepi janjinipun.

Mangga kita ngraos-raosken bab janji punika kanti satunggal tembung inggih punika pangantu-antu. Nalika kita ngantu-antu katetepaning janji, kita badhé lumebet ing satunggaling pamangu-mangu, janji kasebut badhé kapenuhan punapa mboten. Malah nalika kita ndedonga dhumateng Gusti ngaturaken tarunging batos (*pergumulan*) ingkang kita adhepi, kita kadhang-kala mangu-mangu, punapa Gusti Allah badhé mitulungi kita.

Pakempalan pandonga dinten punika dados satunggaling sarana tumrap kita kanggé sami nyantosakaken setunggal lan setunggalipun. Pakempalan pandonga punika nyantosakaken kita malih ing mangsa Prapaska. Inggih mangsa nalika kita kaèngeteken malih ing bab prasetyaning kawilujenganipun Gusti ing gesang kita. Gusti Allah sampun netepi prasetyaning kawilujengan lantaran Sang Kristus ing pakaryaning kawilujengan ingkang dipun paringaken dhateng manungsa.

Sumangga kita sami nyepengi prasetyanipun Gusti ing salebeting tarunging batos (*pergumulan*) gesang kita. Janji kados punapa ingkang kaparingaken déning Gusti dhateng kita? Janji ing bab pangrèhipun Gusti ingkang kaparingaken dhateng kita. Awit Gusti Allah pirsar tarunging batos (*pergumulan*) kita. Mangga kita tansah sesambetan kaliyan Gusti supados kita kakiyataken ngandhemi prasetyanipun Gusti ing gesang kita. Mangga kita tansah ngandhemi prasetyanipun Gusti ing sadhéngahing

kawontenan ingkang kita alami ing gesang kita. Roh Suci mugia nyantosakaken kita. Amin.

7. NDEDONGA ING KELOMPOK

(Para rawuh, saged kapérang ing kelompok alit ingkang dumados saking 3-4 sedhèrèk. Ing kelompok punika, saben sedhèrèk saged sami-déné ndongakaken perang batos (pergumulam) punapa ingkang nembé dipun adhepi.)

8. KIDUNG PANUTUP KPJ 106:1-3 Amung Kumandel Iku

1) Amung kumandel iku uwiting karosanku.
Amung kumandel iku etuking kraharjanku.

Reff.:

Aku datan kuwatir Pangéran pepujanku
Allah dadi kraharjanku uwiting karosanku

2) Amung pacaya iku kang mbungaken driyaku
Amung pacaya iku panglipuring batinku
Ref.

3) Srana panganel iku ngilangken prihatinku
Srana pracaya iku sirna was sumelangku
Reff.:

9. PANDONGA PANUTUP LAN BERKAH

(Panuntun ngunjukaken pandonga panutup lan berkah)

sm/wms

Bahan Pakempalan Pandonga 3

**Waosan Kitab Suci:
Lukas 22:42b**

**“Pandonga
Ingkang Kebak
Ing Sumarah”**

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG KPJ 8:1-2 Haléluya

- 1) Haléluya Pangéran anèng papan pamujan,
pinujia asmanya, dalah anèng akasa.
Wit Gusti Allah Makwasa, kamulyanta Maadi,
ngungkuli samudaya munggwèng swarga lan ing bumi.
- 2) Linuhurna Hyang Agung klayan sagunging kidung,
binarung salir gangsa wah kang mijilken swara.
Geguritan wah beksannya makluk kang darbé nyawa,
ngluhurna Hyang Makwasa sru ngidungna Haléluya!

3. PANDONGA

4. KIDUNG KPJ 169:1 Lamun kawula

- 1) Lamun kawula, dhuh Rama, darbé atur panyuwun,
mugi kula nggih sageda nrimah sakarsanipun.
Lir pandonganipun Gusti, “Ywa pikajeng kawula,
mung karsèng Rama pribadya kang tansah binabarna.

5. PAMAOSING KITAB SUCI Lukas 22:42b

*“Nanging sampun pikajeng kawula, namung karsa
Paduka ingkang kelampahana.”*

6. RENUNGAN

Kita temtu mangertos bilih wonten kathah sanget cakriking pandonga. Wonten pandonga pangucap sokur, pandonga panyuwunan, pandonga pamuji, pandonga pangakening dosa, lss. Ing antawisipun pandonga ingkang kathah punika, saged ugi pandonga pasrah dhiri punika jinising pandonga ingkang angèl kaucapaken awit mbetahaken manah ingkang tulus, ékhlas lan pasrah sawetahipun dhumateng karsanipun Gusti.



Satunggaling cariyos saking *Kumpulan Ilustrasi Bijak* nyariyosaken mekaten: Satunggaling ratu ingkang sugih lan kawentar gadhah anak prawan ingkang ayu sanget. Satunggaling dinten, anakipun ingkang taksih enèm sanget kasebat nandhang sakit. Para dhokter ingkang paling saé ing negari punika kakempalaken lan kasuwun ngobati anakipun sang ratu. Laré punika mboten dados saé, kawontaning raganipun malah sangsaya mbrosot. Siyang lan dalu, ratu ndedonga dhumateng Gusti kanthi temen-temen. Sinambi nangis piyambakipun matur, “Gusti, mugi mitulungi anak kula, mugi-mugi menawi Panjenengan demèk saged ndadosaken saras lan dados pulih malih!”

Dinten pendhak dinten, pun laré mboten dados saras. Para dhokter sami pasrah lan nglapuraken dhateng ratu bilih sami mboten kuwawi tumindak punapa-punapa. Ing satengahing kasedihanipun, tiyang ingkang kawentar suci ndhatengi keprabon. Tiyang wau mrayogèkaken supados sang ratu nyobi ndedonga ingkang paling manjur ing antawisipun sedaya pandonga ingkang wonten. “Pandonga punapa ta punika?” ratu ndangu. Tiyang suci punika atur wangsulan, “Pandonga pasrah!”

“Punapa ta pandonga pasrah punika?” sang ratu ndangu malih. “Pasrah tegesipun panjenengan masrahaken pun laré dhumateng Gusti sawetahipun. Putra panjenengan

punika kagunganipun Gusti. Punapa ingkang badhé kelampahan sedaya cundhuk kaliyan kersanipun Gusti.” Wiwitan sang ratu mboten kasdu ing penggalih ngunjukaken pandonga pasrah kasebat awit tumrap sang ratu pandonga pasrah kados nglalakaken putranipun késah kanggé salamilaminipun. Nanging awit kawontenaning putranipun ingkang sangsaya awon, ratu sujud lan ndedonga, “Gusti, laré punika panci rah daging kula nanging sanès gadhahan kula. Laré punika kagungan Paduka sawetahipun. Kula masrahaken dhumateng Paduka. Mugi kersa Paduka kelampahan tumrap anak kula.” Kanthi ngetog karosan, ratu ngunjukaken pandonga pasrah makaping-kaping ngantos sang ratu saré lajeng supena: anakipun nembé mèsè lan kemlawé tanganipun atur tandha pepisahan dhateng sang ratu.

Wonten ing *Kumpulan Ilustrasi Bijak*, cariyos punika panci cunthel. Kita mboten mangertos punapa anakipun sang ratu sangsaya séhat punapa kosok-wangsulipun. Ananging wonten ukara panutup ing pungkasaning cariyos ingkang ngemu piweling mekaten, “Kabèh pandonganing manungsa sejatiné kawangsulan déning Gusti. Ananging anggenipun Gusti paring wangsulan mboten amargi pandonga-pandonga kita kajurungan, nanging cara anggèn kita nampa punapa kémawon ingkang dipundiparingaké déning Gusti dhateng kita.”



Rak Gusti Yésus ugi maringi conto bilih pandonga ingkang dipun unjukaken dhumateng Sang Rama kajiwa srana semangat pasrah? Ukara pamungkas ing padonganipun Gusti Yésus inggih punika “Dhuh Rama, manawi Paduka marengaken, mugi tuwung punika kapundhuta saking kawula, namung karsa Paduka ingkang

kalampahana!” Wekdal semanten Gusti Yésus nembé wonten ing babak pungkasan sugengipun minangka manungsa. Panjenenganipun kaabenajengaken kaliyan margi salib ingkang mboten gampil dipun langkungi Malah minangka manungsa, Panjenenga-nipun taksih nyenyuwun, “Dhuh Rama, menawi kepareng, tuwung punika sumingkir saking Kawula” Nanging, Gusti Yésus pirsá bilih masrahaken sawetahipun dhumateng Sang Rama punika wujuding kasetyanipun Putra dhumateng Kang Ramanipun.

Kita asring migunakaken pitebungan “cik bèn kersané Gusti kang kelakon” ing pandonga-pandonga kita, nanging nalika wangsulanipun pandonga punika pranyata mboten cocog kaliyan pepénginan kita, kita lajeng apitakèn, cuwa lan malah nepsu. Pramila, mangga kita tansah sinau nggegesang pandonga-pandonga kita kanthi sumarah. Sumarah mboten ateges nyerah. Sumarah mboten ateges tanpa usada. Sumarah punika wujuding gesanging pitados/iman bilih gesang kita punika kagunganipun Gusti. Amin.

7. KIDUNG KPJ 133:1-2 Pracaya Lan Pasrah

- 1) Pracayaa lan pasrah mring Allah Makwasa,
salir prihatinira tamtu énggal sirna.
Ngambah margining Gusti sira dèn berkahi,
tansah antuk kabegjan, datan kawirangan.
- 2) Lamun sira nggresula, iku tanpa guna,
tuwas nuwuhi susah angedohken bungah.
Becik nitèni berkah peparingé Allah,
mrih salir sedyanira tinuntun sembada.

8. PANDONGA

(Nyuwun kasagedaken sumarah ing sadhéngah prekawis,
lan pandonga sanèsipun)

9. KIDUNG KPJ 123:1-2 Kula Pitados Mring Gusti

- 1) Kula pitados mring Gusti, peparang ingkang kekah.
Saèstu kula ungsèni, dimèn rineksa tansah.
Nadyan ombak nggegirisi, kula datan kuwatos.
Prahara nguber jaladri*, kula tatag ing batos.

Reff.:

Kula tan was sumelang Gusti tan nilar kula.
Wajib kawula cumadhang, gesang manut sabdanya.

- 2) Kula pitados mring Gusti, dalah sengkut makarya.
Ngrerancang wah mbudidaya, tan kendhat ing
pandonga.

Siyaga tansah leladi ing sakatoging driya.
Gusti ingkang minangkani, kula dados sembada.

Reff.:

Jaladri * = segara

aty/wms

Bahan Pakempalan Pandonga 4

Waosan Kitab Suci:

Yusak 5:9-12

**“Gesang Ing
Salebeting
Kawilujengan
Saking Gusti
Allah”**

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG KPJ 14 Kula Samya Tetunggilan

- 1) Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran,
wit sinungan kacekapan wah bagus kasarasan.

Reff.:

Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti,
wit ing ayoming sihira sèstu tentrem raharja

- 2) Kula rinoban ing begja rintén-dalu tan kendhat,
ing lelampahan prasaja dalah srana mukjijat.

Reff.:

3. PANDONGA

4. KIDUNG KJ 184: 1, 2, 4 Yesus Sayang Padaku

- 1) Yesus sayang padaku; Alkitab mengajarku.
Walau ‘ku kecil lemah, aku ini milik-Nya.

Reff.:

Yesus Tuhanku sayang padaku;
Itu firman-Nya di dalam Alkitab.

- 2) Yesus sayang padaku, Ia mati bagiku;
dosaku dihapus-Nya sorga pun terbukalah.

Reff.:

- 4) Yesus sayang padaku dan tetap bersamaku;
nanti ‘ku Bersama-Nya tinggal dalam rumah-Nya.
Reff.:

Gusti asih mring aku (saged dipun kidungaken kaping kalih)

Gusti asih mring aku; naté dhawuh mengkéné
Cik bèn sowan mring Aku cah cilik sakabèhé
Cèn Gusti asih, cèn Gusti asih;
Cèn Gusti asih, asih maring aku.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Yusak 5:9-12
(Para putra saged kadhawuhan maos Kitab Suci)

6. RENUNGAN

**“Gesang Ing Salebeting Kawilujengan
Saking Gusti Allah”**

Pedhotaning périkop ingkang dados waosan renungan punika sapérangan katrangan saking lelampahanipun bangsa Israèl lumebet ing tanah prasetyan. Wekdal semanten, Musa sampun séda lan Yusak ingkang nggentosi dados panuntun. Bangsa Israèl medal saking tanah Mesir mbekta sawernining raos lan pengalamanipun minangka batur tukon.

Gusti ngandika dhateng Yusak bab pulihing kawontenipun bangsa Israèl. Kanisthanipun minangka batur tukon ing tanah Mesir sampun kabusak déning Gusti. Nalika semanten, papan ing pundi Gusti ngandika dhateng Yusak kaaranan Gilgal. Ing basa Ibrani Gilgal ateges “mbusak”. Nami papan punika ingkang dados pangènget ing pundi Gusti mbusak sedaya bangsa ingkang gegayutan kaliyan batur tukon ing gesangipun Israèl ing tanah Mesir.

Nalika sami kémah ing Gilgal ing papan lempar (*dataran*) celak Yérikho, sami ngriyayakaken Paska ing

wanci sonten ing dinten kaping sekawan ing wulan punika. Pahargyan Paska punika katindakaken kanggé ngènget-ènget kados pundi tumindakipun Gusti anggènipun milujengaken lan ngluwari bangsa Israèl saking pangawulan ing tanah Mesir. Enjingipun sasampunipun Paska, umat nedha asiling negari ingkang dipun enggèni punika lan ing wekdal punika ugi roti manna ingkang kacawisaken déning Gusti ing ara-ara samun kèndel. Bab punika mratandhani bilih wonten jaman ingkang anyar tumrqpap umat. Bangsa Israèl miwiti gesangipun ing Kanaan. Bangsa punika saged ngolah gandum ingkang dados tetedhan pokokipun lan nglajengaken gesang padintenanipun mboten minangka batur tukon malih, nanging minangka tiyang ingkang sampun kaluwaran.

Lantaran nas waosan punika, kita katedahan kados pundi gesang ingkang kaanyaraken déning Gusti. Saged ugi bangsa Israèl mboten badhé mbayangaken badhé tetep dados batur tukon pinten dangunipun utawi kados pundi saged medal saking tanah Mesir. Gusti nindakaken bab ingkang mboten gampil kapikiraken déning manungsa. Panjenenganipun maringi gesang anyar lan saé dhateng umat ingkang dipun kasihi.

Kawilujengan lan gesang ingkang saking Gusti punika mboten namung dipun tampi déning umat Israèl, nanging ugi kita raosaken ing jaman sapunika. Gusti makarya mitulungi lan nganyaraken gesanging manungsa supados dados langkung saé. Mila, kita kedah ngimani bilih Gusti tansah makarya ing gesang kita, kanggé nélakaken sih-rahmatipun ing gesang kita. Saged ugi kadhangkala kita rumaos kados mlampah piyambakan nalika pepanggihan kaliyan karépotaning gesang, kadhang-kala kita mbatos nggadhahi Gusti Allah ingkang namung mirsani saking katebihan. Nanging, wekdal punika kita maos lan dados seksi bilih Gusti aktip lan tansah makarya nganyaraken gesangipun bangsa Israèl, mila Panjenenganipun ugi nindakaken bab punika ing gesang kita.

Sumangga kita èngèt malih bilih kita katimbangan ningali malih gesang kita ingkang sampun nampi sih-rahmating kawilujengan. Kedahipun gesang kita béda kaliyan gesang sadèrèngipun. Raos sokur kita kapratélakaken srana éwah-éwahaning gesang ingkang positip, gesang ingkang nyeksèkaken sihipun Sang Kristus dhateng sedaya tiyang. Punapa ingkang kedadosan ing gesang kita, sampun saleresipun kita tanggapi srana iman, mawas kanthi optimis lan tansah nggalih secara positip bilih Gusti mesthi rawuh mitulungi lan nélakaken pakaryanipun ingkang agung ing gesang kita. Wonten kathah cara ingkang saged katindakaken déning Panjenenganipun ing salebeting milujengaken kita. Gusti badhé tetep setya lan umat kaajeng-ajeng tansah sumendhé dhumateng Panjenenganipun. Sumangga kita sami purun tansah suméndhé dhumateng Gusti ing salebeting lumebet ing babak-babak anyar lampahing iman kita. Mangga kita sami nélakaken sokur kita ing gesang kita awit sampun kaparingan kawilujengan. Punika wujuding sihipun kanggé kita. Amin.

7. KIDUNG KPJ 68:1-3 Allah Maasih

- 1) Allah Maasih asung putranya,
Allah Maasih mring manungsa.
Refr:
Mila kula ngidung Allah Maasih,
Allah Maasih mring manungsa.
- 2) Gusti angutus dadya Pamarta,
Gusti ingutus nebus kula.
Reff.:
- 3) Gusti Pamarta ngurbanen nyawa,
Gusti Pamarta mbirat dosa.
Reff.:

8. PANDONGA

- Ndedonga kanggé ingkang sami sakit lan wonten ing salebeting tarung batos (pergumulan), kanggé brayat utawi pakaryan.
- Nyenyuwun supados umat tumemen lan setya ngetut wingking Gusti Yesus.
- Ndongakaken patunggilan supados dados sarana kanggé sami-déné neguhaken.
- Ndongakaken pasamuwan supados saged ngegesang ayahan lan timbalanipun minangka tiyang ingkang mbekta bedhami ing jagad.
- Ndongakaken pamarintahan ing Indonesia supados tetep ngudi mujudaken kabegjan lan katentreman kanggé sedaya tiyang.

9. KIDUNG KPJ 259:1-2 Ing Ardi Golgota

- 1) Ing ardi Golgota ana salibira
lambanging pamoyok panyiksa.
Ing kono Gustiku pinenthang sangsara
nebus dosaning para jalma.
Reff.:
Salib iku tansah dakpundhi
nadyan nganti tumekèng janji.
Dakrangkul kanthi trusing kalbu
makutha kang dadi duwèkku
- 2) Salib kang minangka lambanging panguya,
tumrap aku gedhé ajiné,
cempé kurban suci tumedhak ing donya
ngluwari jagad krana sihé.
Reff.:

[bsn/wms]

Bahan Pakempalan Pandonga 5

**Waosan Kitab Suci:
Yokanan 19:30**

**“Ing
Pungkasaning
Gesang Kula,
Punapa Kula
Sembada Matur
“Tetelestai?””**

**1. KIDUNG PAMUJI KPJ 439:1-2 Ing Jagad Kang
Peteng**

- 1) Ing jagad kang peteng krana dosa
kathah tyang kang ngresula.
Karana panandhang, samya ngresah
miwah semplah ing manah.
Reff.:
Sumangga Gusti, ngagem kawula,
mrih ngèngetna para kanca
sengkut makarya nglawan godha,
dadosa berkah tumrap tyang kathah.
- 2) Angundhangna sih-rahmaté
Gusti kanthi setya nglampahi
margining luwar saking sangsara,
temah samya raharja.
Reff.:

2. PANDONGA PAMBUKA

**3. KIDUNG PAMUJI KPJ 439:3 Ing Jagad Kang
Peteng**

- 3) Ngundhangna Injil Kratoning Swarga,
kinanthia pandonga,
mrih luwar saking kwasaning dosa,
wah gesangnya sembada.
Reff.:

4. PAMAOSING KITAB SUCI: Yokanan 19:30

5. ANDUM WAWASAN

- a) Gesang ingkang kados pundi ingkang kepingin panjenengan lampahi ngantos dumugi pungkasan mangké?
b) Minangka pendhèrèkipun Sang Kristus, gesang rohani lan paladosan kados punapa ingkang kepéngin panjenengan gayuh ngantos dumugi pungkasan mangké?

6. RENUNGAN

**Ing Pungkasaning Gesang Kula, Punapa Kula
Sembada Matur, “Tetelestai?”**

*(sasampunipun para rawuh andum wawasan, pemimpin
PKS ngajak para rawuh lumebet ing bahan pirembaran)*

Menawi kita taksih bingung mangsuli pitakènan ing pérangan andum wawasan kala wau (5.a. lan 5. b), punkia béda kaliyan Gusti Yésus. Wiwit wiwitan paladosanipun, Gusti Yésus pirsu punapa ingkang badhé kagayuh ing sugengipun ing jagad. Wiwit ing wiwitaning paladosanipun, Panjenenganipun pirsu punapa ancas tujuwanipun lan lelampahan kados punapa ingkang kedah dipun lampahi dumugi titik pungkasan. Tiyang ingkang sampun ngudi kanthi temen-temen ngrampungaken ayahanipun, tetembungan punapa ingkang badhé kaucapaken

sasampunipun ngrampungaken ayahan punika? Temtu tetembungan ingkang nélakaken raosing leganipun. Gegayutan kaliyan PKS dinten punika, tetembungan punika saged awujd, “Akiré ya rampung!”. Tetembungan punika saèmper kaliyan ingkang dipun ngendikakaken déning Gusti Yésus ing pungkasaning panandhangipun, “Wus rampung! Tetelestai!” Tiyang-tiyang ing jaman semanten ugi sampun kulina kaliyan tembung punika. Nalika imam niti priksa kéwan kurban lan ningali bilih mboten wonten cacatipun, lajeng ngucapaken tembung kasebat.

Ananging, langkung saking punika, tembung kasebat mboten namung pangucap raos marem lan lega. Tembung tetelestai ingkang dipun ngendikakaken déning Gusti Yésus, ngemu makna ingkang lebet. Tembung punika ateges, “Sampun rampung lan badhé tansah rampung!” Tembung tetelestai (sampun rampung) ingkang dipun ngendikakaken déning Gusti Yésus, mboten gegayutan kaliyan rampungipun sugengipun, ananging magepokan kaliyan anggènipun ngrampungaken ayahanipun. Sedyanipun rawuh ing jagad, inggih ancas tujuwanipun ing jagad punika, sedaya sampun rampung awit Panjenenganipun kuwawi tanggon ing panandhangipun.

Max Lucado ing bukunipun ingkang jejer *No Wonder They Call Him the Savior*: nélakaken bilih rancanganing sauruting sujarah kanggé nebus manungsa sampun rampung. Piwelingipun Gusti dhateng manungsa sampun rampung. Pakaryan ingkang katindakaken déning Gusti Yésus minangka manungsa ing jagad punika sampun rampung. Ayahan miji lan ngladhi para duta ugi sampun rampung. Pakaryan punika sampun rampung. Rah sampun kawutahaken. Pangurbanan sampun katindakaken. Entuping pati sampun kacabut. Sampun kapungkasan, sampun rampung.

Margi tumuju karampungan punika mboten gampil, nanging Gusti Yésus tabah, Panjenenganipun kiyat

ngrampungaken dumugi pungkasan. Lantaran renungan “tetelestai” punika, kita sinau sawetawis bab:

1. Punapa panjenengan pirsia ancas tujuwanipun Gusti Allah nitahaken kita gesang ing jagad punika?
2. Punapa kita mangertos, gesang karohanèn saha paladosan punapa ingkang badhé kita gayuh samangsa kita gesang ing jagad punika?

Lan ingkang pungkasan, “Punapa ing pungkasaning gesang kita mangké, sasampunipun sedaya perang batos (*pergumulan*) lan sedaya pambudidaya kita ngrampungaken karsanipun Gusti Allah tumrap kita, kita saged pantes ngucapaken, “Tetelestai”? Mugi-mugi Amin.

7. PANDONGA SYAFAAT

8. KIDUNG PANUTUP KPJ 455:1-3 Mugi Gusti Karsa Angutus

- 1) Mugi Gusti karsa angutus utusan kados duk kinanipun, ingkang ngemban sabdaning Allah lan ngabarken sih-piwelasipun, supados tyang salumahing bumi sami nampia Injiling Gusti.
- 2) Mugi Gusti ngutus pra abdi sembada setya miwah taberi, nyebarken pawartos basuki gumelar ing salumahing bumi, supados tyang sami pitadosa temah ngraosken tentrem raharja.
- 3) Mugi Gusti madhangi manah kang peteng wit pamengkuning dosa, temahan pra tiyang kang wangkot lan kang kawengku ing gugon-tuhon* mratobata, pitados ing Gusti klayan bingah, asmané pinuji.

[rep/wms]

Bahan Pakempalan Pandonga 6

**Waosan Kitab Suci:
1 Korinta 15:12-20**

**“Leres, Gusti
Yésus Wungu!”**

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG KPJ 267:1-3 Pamarta Kula Agesang

- 1) Pamarta kula agesang
tyas kula mila agirang kang sinalib gesang.
Dènnya séda krana kula wunguné dados panjerna,
kula ndhèrèk gesang.
Reff.:
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
- 2) Gesang Gusti kang wus séda,
dènnya gesang krana kula, mila kula puji.
Saiba dènnya ngasihi. Kula ngantos dènparingi
gesang langgeng ugi.
Reff.:
- 3) Tyas kula yogya agirang dé gadhah Pamarta gesang,
sung gesang mring kula.
Gusti gesang anèng swarga nyawisi papan mring kula,
kula ndhèrèk gesang.
Reff.:

3. PANDONGA

4. KIDUNG KPJ 124:1-2 Kula Sèstu Ndhèrèk Gusti

- 1) Kula sèstu ndhèrèk Gusti kang jumeneng Panutan.
Tetep setya dugèng janji, tan wigih* karibedan
Refrein:
Dhuh nyawaku ja kwatir, Gusti tan éwah gingsir.

- Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti
2) Kula sèstu ndhèrèk Gusti martosken Injil suci.
Datan ajrih ing sangsara, wit Gusti nganthi kula.
Refrein:

wigih* = wegah

5. PAMAOSING KITAB SUCI 1 Korinta 15:12-20

6. RENUNGAN

“Leres, Gusti Yésus Wungu!”

Wungunipun Sang Kristus mujudaken punjering pokok pirembaran ing kapitadosan Kristen. Tanpa wontenipun kasunyatan bab wungunipun Gusti Yésus, kapitadosan tumrap prasetyanipun Gusti ngéngingi tangnipun tiyang pejah saha gesang langgeng kados-kados namung ngaya-wara. Kapitadosan kita dhumateng Sang Kristus kados-kados ugi badhé nglaha. Senadyan wungunipun Sang Kristus satunggaling kasunyatan, ing saurutung sujarah gréja tansah wonten upadi ingkang katindakaken déning péhak-péhak sanès kanggé mbuktèkaken bilih Sang Kristus ingkang sinalib punika mboten naté wungu.

Paseksining Kitab Suci dados sarana kanggé neguhaken kita ngraos-raosaken wungunipun Gusti Yésus sarta maknaipun tumrap kita ing jaman sapunika. Rasul Paulus ngendika bilih wungunipun Sang Kristus saèstu kedadosan. Wonten kathah seksinipun ing bab kedadosan punika. Gusti Yésus Kristus ingkang wungu punika sampun ngetingalaken salira dhateng Kéfas (Pétrus) lan para muridipun ingkang cacah kalih welas. Panjenenganipun ngetingal ugi dhateng tiyang 500, Yakobus, sedaya rasul lan wekasipun Paulus piyambak nyeksèni Panjenenganipun ingkang wungu. Sapérangan seksi punika taksih gesang

nalika Paulus nyerat seratipun. Punika ateges nalika Paulus nyerat seratipun, kasunyatan wungunipun Gusti Yésus punika dados bab ingkang boten saged dipunbantah. Nalika semanten tumrap sapérangan tiyang wungunipun Gusti Yésus dipunanggep namung satunggaling tetingalan ingkang mboten nyata (*halusnasti*). Tiyang sami nggadahi panganggep bili para murid wonten ing kesedhihan ingkang lebet lan pangajeng-ajeng ingkang keladuk ageng anggènipun kepéngin ningali wungunipun Gusti Yésus. Ing kawontenan ingkang mekaten Rasul Paulus nandhesaken bilih wungunipun Sang Kristus saèstu kedadosan. Wungunipun Gusti Yèsus mbekta pangaribawa ingkang ageng ing gesangipun. Paulus dipun panggihi piyambak déning Gusti Yésus nalika taksih nami Saulus, nalika tumuju Damsyik kanggé nyepeng lan nganiaya para pendhèrèkipun Sang Kristus. Piyambakipun aben ajeng sacara pribadi kaliyan Gusti Yésus.

Rasul Paulus ngandika ing I Korinta 15:14 “Mangka menawa Sang Kristus ora kawungokakè, dadi pawartaku iku kothong lan pracayamu iya kothong.” Kejawi punika, Rasul Paulus nandhesaken: lan menawa Sang Kristus mboten kawungokaken, ateges goroh dhumateng Gusti Allah ingkang kawartosaken sampun ngwungokaken Gusti Yésus. Salajengipun wonten malih bab ingkang tinemu nalar (*konsekwensi logis*) sanèsipun menawi Sang Kristus mboten wungu, inggih punika: *Kapisan*, kapitadosan kita ing bab panebusing dosa badhé nglaha. Kita taksih tetep gesang ing salebeting dosa (ay.17). *Kaping kalih*, menawi Sang Kristus mboten kawungokaken ateges mboten wonten patangèn, tiyang pejah mboten katangèkaken. Para tiyang ingkang pitados dhumateng Sang Kristus mboten naté tangi. Sedaya badhé ngalami tiwas lan mboten saged kawilujengaken (ay. 18). *Kaping tiga*, kita punika tiyang ingkang paling cilaka ing antawisipun umat manungsa awit kita sampun mitadosi punapa ingkang mboten leres lan ngajab dhateng pangajeng-ajeng ingkang kothong (ay. 19).

Rasul Paulus nandhesaken ing ayat 20: “Nanging kang bener iku yaiku menawa Sang Kristus wus kawungokaké saka ing antarané wong mati, minangka kang wiwitan saka panunggalané kang wus padha mati. Ing seratan aslinipun, tembung “kang wiwitan” saleresipun kajarwèkaken “woh ingkang wiwitan” (NIV: *firstfruit*). Pangertosan “Gusti Yésus minangka woh ingkang wiwitan kawungokaken” kapendhet saking Kaimaman 23:10-11. Wonten ing tetepan punika umat Israèl kedah mbekta gandum wohing wiwitan saking pategalan kaunjukaken dhumateng Gusti ing dinten sasampunipun Sabat. Ing Padaleman Suci, bentel gandum punika badhé dipun olah dados tepung, lan tepung ingkang kaasilaken lajeng kaaturaken dhumateng Gusti Allah minangka pisungsung. Inggih punika wohing wiwitan saking asiling pategalanipun tiyang Israel. Minangka cathetan: sadèrèngipun asil wiwitan punika kapisungsungaken dhumateng Gusti, winih ingkang anyar mboten saged dipun tumbas utawi dipun sadé ing toko. Roti ugi mboten saged dipun damel saking tepung ingkang anyar. Woh wiwitan mujudaken tandha bilih wekdal panèn sampun dhateng, sampun dumugi wancinipun panèn lan tiyang kénging manèn asiling pategalanipun lajeng kasadé. Déning rasul Paulus Gusti Yésus Kristus kasebat minangka “woh wiwitan.” Srana pangertosan punika, wungunipun Gusti Yèsus dipun pahami minangka satunggaling pratandha wiwitaning wungunipun tiyang-tiyang pitados. Sami kados-déné gandum anyar wohing panèn mboten saged dipun dagangaken lan mboten saged dipun anggé sadèrèngipun woh wiwitan kapisungsungaken dhumateng Gusti, mila panèn gesang ingkang anyar ugi dèrèng wonten sadèrèngipun Gusti Yésus kawungokaken saking sédanipun.

Menawi ing jaman gréja wiwitan kathah paseksi palsu bab wungunipun Gusti Yésus ingkang sumebar ngantos ndadosaken ringkihing kapitadosan, sejatinipun ing jaman samangké ugi kedadosan bab ingkang sami. Malah ing wekdal salajengipun bab punika ugi badhé tetep kedadosan.

Sumebaring pawartos ingkang nyebat Gusti Yésus mboten wungu, wekdal punika ugi tuwuh lumantar tayangan-tayangan ing medhia sosial. Ing tayangan punika, para panyebar pawartos ingkang nyariyosaken bilih Gusti Yésus mboten wungu kados-kados kuwawi suka bukti bab Panjenenganipun ingkang mboten wungu. Ngadhepi bab punika, kados pundi patrap kita? Patrap kita inggih punika tetep anteng (*tenang*). Nyingkiri tumindak réaktif. Ngekahaken iman lan tetep nggegilut pawartos kayektènipun Kitab Suci ingkang nyeksèkaken wungunipun Gusti.

7. KIDUNG KPJ 25:1-3 Gusti Kang Sumaré

- 1) Gusti kang sumaré ing kubur sepi,
ngrantos pajar adi kang madhang.
Reff.:
Sakala Gusti wungu, atemahan Iblis keplayu
Alaming pati wus kaasoraké,
Gusti wungu ngasta panguwaosé
Wus menang! Wus menang!
Gusti wungu! Wus menang!
- 2) Yekti tanpa guna kubur jinaga,
sarta tanpa guna tutup séla.
Reff.:
- 3) Iblis dalah pati wus tanpa daya,
nahan mring Gustiku, tetep nglaha.
Reff.:

8. PANDONGA

- Nyuwun kasagedaken ngegesang wungunipun Gusti Yesus.
- Nyuwun kasagedaken dados seksi bab wungunipun Gusti Yesus ing gesang padintenan.

9. KIDUNG KPJ 258:1-2 Gusti Yésus Wus Wungu

- 1) Gusti Yésus wus wungu! Haléluya!
Bumi swarga agirang! Haléluya!
Samya memuji sokur! Haléluya!
Mring Gusti kang wus mimpang*! Haléluya!
- 2) Katresnané sampurna! Haléluya!
Kamenangané nyata! Haléluya!
Sunaring surya padhang! Haléluya!
Tinampi kanthi girang! Haléluya!

mimpang* = menang